Sous finansman federal prensipal ki disponib pou rezidan ki afekte imedyatman apre yon katastwòf se Asistans Endividyal FEMA, prè ak ti enterè nan Administrasyon Ti Biznis Ameriken (Small Business Association, SBA) ak pwodwi asirans nan Pwogram Asirans Inondasyon Nasional (National Flood Insurance Program, NFIP) Twa rezo finansman sa yo konsidere pou majorite fon rekouvreman pou lojman ki disponib anvan yo rann fon CDBG-DR yo disponib.

1.3.2.1 Asistans Endividyal (Individual Assistance, IA) FEMA

Pwogram Asistans Endividyal (IA) FEMA a konpoze de yon miltitid sèvis pou moun ki nan konte yo deklare apre katastwòf yo. Espesyalman, fon lojman, yo rann disponib atravè pwogram Asistans Lojman (Housing Assistance, HA) a, ede konble fose pou soti nan abi / lojman tanporè pou pase nan lojman pèmanan. Fon sa yo ka itlize pou reparasyon debaz kay ki limite ak ranplasman atik fanmi ki esansyèl, ansanm ak peman lwaye pou lojman tanporè. IA FEMA a limite pou restrore yon kay nan yon nivo debaz « sekirite ak kondisyon sanitè pou viv oubyen fonksyone, » e li ka konsidere pou tout nivo domaj oubyen bezwen kay la.

Te genyen 2,644,409 aplikan pou Pwogram Asistans Lojman FEMA a epi yo te bay yon total \$709 milyon nan asistans pou lojman atravè 49 konte ki deklare prezidansyèlman yo. Pami yo, 208,605 te genyen yon evalyasyon pou Pèt Pwopriyete FEMA Verify (Real Property Verified Loss, RPFVL); men, sa pa vle di aplikan an te resevwa finansman (Tablo 26). Pami aplikan ki genyen yon RPFVL, 52,295 te resevwa asistans lojman FEMA a sou fòm fon pou reparasyon oubyen ranplasman. Yo te evalye yon kantite ki estime a \$374,800,260 pou domaj pou aplikan ki genyen yon FVL. Sa te mennen nan asistans lojman \$253,366,730 jiska jodi a. Sa ki pi enteresan, yo te bay yon lòt \$455,689,714 kòm asistans lojman bay plis pase 378,000 lòt aplikan ki pa t anrejistre pèt pwopriyete nan FEMA.²⁶

TABLO 27: REPATISYON APLIKAN FEMA PA DOMAJ YO EVALYE AK MOUN KI RESEVWA ASISTANS LOJMAN FEMA.

Repatisyon Aplikan FEMA pa Domaj yo Evalye ak Moun ki Resevwa Asistans Lojman FEMA			
Zòn Siklòn Irma Afekte	Aplikan IA FEMA	Montan	Valè Mwayen
Linivè	2,644,409	\$709,056,445	\$268
FEMA FVL	208,605	\$374,800,260	\$1,797

²⁶ FIDA FEMA 25761_4337 nan dat 22/12/2017

Repatisyon Aplikan FEMA pa Domaj yo Evalye ak Moun ki Resevwa Asistans Lojman FEMA			
Zòn Siklòn Irma Afekte	Aplikan IA FEMA	Montan	Valè Mwayer
Ki Resevwa HA	52,295	\$253,366,730	\$4,845
Ki pa Resevwa Okenn HA	156,010		
Pa Gen FEMA FVL	2,435,804		
Ki Resevwa HA	378,049	\$455,689,714	\$1,205
Ki pa Resevwa Okenn HA	2,057,755		

1.3.2.2 Kouvèti Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal (National Flood Insurance Program, NFIP)

Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal (NFIP) bay kouvèti asirans pou nenpòt pwopriyetè kay ki vle peye prim ki asosye yo. Nan dat 31 me 2018, NFIP te peye 28,300 reklamasyon atravè Eta a ki bay yon total plis pase \$920,364,435 nan pwopriyete, kontni ak ogmantasyon pri peman konfòmite (Tablo 28). Mizajou Tablo 28 la te fèt avèk done NFIP ki pi resan ki disponib nan moman sa a.

TABLO 28: REKLAMASYON AK TOTAL PWOPRIYETE NAN NFIP

Reklamasyon ak Total Pwopriyete nan NFIP					
Konte	Reklamasyon yo Soumèt	Peman Imèb	Peman Kontni	Peman ICC	Total yo Peye
Alachua	84	\$3,377,865	\$534,750	\$5,446	\$3,918,060
Baker	21	\$667,624	\$181,803	\$15,000	\$864,427
Bradford	82	\$2,436,925	\$567,608		\$3,004,534
Brevard	758	\$15,667,875	\$3,432,058		\$19,099,933
Broward	1,602	\$17,571,594	\$2,785,253		\$20,356,847
Charlotte	223	\$2,633,819	\$477,479		\$3,111,298
Citrus	16	\$111,908			\$111,908
Clay	760	\$47,466,307	\$11,153,102	\$195,557	\$58,814,967
Collier	2,625	\$47,819,294	\$8,761,961	\$14,750	\$56,596,005
Columbia	37	\$1,349,661	\$265,875	\$13,155	\$1,628,691
DeSoto	56	\$1,822,382	\$314,079		\$2,136,461
Dixie	3				\$0
Duval	1,969	\$114,409,588	\$23,182,505		\$137,592,094
Escambia	2			\$16,490	\$16,490
Flagler	709	\$32,546,376	\$7,907,660	\$33,400	\$40,487,436
Gilchrist	9	\$75,332	\$1,343		\$76,675
Glades	3	\$65,010	\$31,397		\$96,406
Hardee	23	\$809,206	\$240,683		\$1,049,889
Hendry	19	\$162,115	\$63,580		\$225,694
Hernando	69	\$919,291	\$230,271		\$1,149,562
Highlands	65	\$543,360	\$88,488		\$631,847
Hillsborough	298	\$4,554,404	\$643,874		\$5,198,278

Reklamasyon ak Total Pwopriyete nan NFIP					
Konte	Reklamasyon yo Soumèt	Peman Imèb	Peman Kontni	Peman ICC	Total yo Peye
Indian River	115	\$3,314,809	\$533,127		\$3,847,935
Lake	98	\$1,582,360	\$205,199		\$1,787,558
Lee	1,956	\$34,648,248	\$5,142,147	\$19,728	\$39,810,122
Leon	1				\$0
Levy	1	\$3,909			\$3,909
Manatee	96	\$363,488	\$16,464		\$379,952
Marion	57	\$2,603,805	\$396,624		\$3,000,429
Martin	46	\$706,583	\$123,408		\$829,991
Miami-Dade	3,676	\$79,722,129	\$13,540,592		\$93,262,720
Monroe	7,917	\$229,151,672	\$32,863,565	\$154,629	\$262,169,866
Nassau	171	\$4,275,192	\$998,661		\$5,273,853
Okeechobee	14	\$121,793	\$67,439		\$189,231
Orange	196	\$3,317,678	\$354,966		\$3,672,644
Osceola	174	\$2,093,816	\$290,668		\$2,384,484
Palm Beach	409	\$3,588,539	\$523,797		\$4,112,336
Pasco	184	\$3,258,123	\$167,550		\$3,425,673
Pinellas	212	\$738,347	\$80,483		\$818,830
Polk	241	\$5,057,760	\$1,834,415		\$6,892,175
Putnam	170	\$3,402,680	\$499,394	\$21,150	\$3,923,224
Sarasota	123	\$890,715	\$162,389		\$1,053,103
Seminole	198	\$4,509,481	\$762,994		\$5,272,475
St. Johns	1,639	\$50,925,059	\$7,110,274	\$126,550	\$58,161,882
St. Lucie	208	\$8,083,223	\$2,580,969		\$10,664,192
Sumter	16	\$77,739	\$15,445		\$93,184
Suwannee	3	\$6,944	\$4,948		\$11,893
Union	5	\$127,212	\$24,113		\$151,326
Volusia	938	\$47,103,241	\$5,900,704		\$53,003,945
Total	28,297	\$784,684,481	\$135,064,104	\$615,855	\$920,364,434

1.3.2.3 Prè pou Kay Administrasyon Ti Biznis la (Small Business Administration, SBA)

Nan dat 11 fevriye 2018, Administrasyon Ti Biznis (SBA) te bay \$778,200,627 èd pou reparasyon ki disponib pou 26,577 pou aplikan pwopriyetè kay nan zòn ki afekte nan Siklòn Irma yo (sa pa enkli montan jeneral aplikan yo te mande yo). Prè ti enterè yo disponib pou rezon reparasyon kay ak pèt pwopriyete pèsonèl. Prè mwayen pou evènman katastwòf yo te \$29,281 e prè mwayen an se \$21,700.

1.3.2.4 Pwodwi Asisrans Prive

Enfòmasyon detaye (nivo pwopriyetè kay) sou asirans prive pou Irma pa fasilman disponib paske anpil reklamasyon asirans toujou pako trete. Men, done gwoupe pou katastwòf sa yo montre rezidan yo pote pwa enpak Irma yo (Tablo 29). Anplis, domaj ki soti nan ouragan sa (jan li endike pa kantite reklamasyon asirans)

Plan Aksyon Eta Florida pou Rekiperasyon apre Katastwòf

oryante anpil vè pwopriyete rezidansyèl plis pase biznis. Mizajou Tablo 29 la te fèt avèk done FEMA, SBA ak NFIP ki pi resan ki disponib nan moman sa a.

TABLO 29: DONE REKLAMASYON ASIRANS SIKLÒN IRMA²⁷

Done Reklamasyon Asirans Siklòn Irma						
Sektè Aktivite	Sou-Sektè	Kantite Reklamasyon	Reklamasyon ki Fini (peye)	Reklamasyon ki Fini (ki pa peye)	Kantite Reklamasyon ki Ouvè	Pousantaj Reklamasyon ki Fini
Pwopriyete Rezidansyèl		839,570	513,367	262,275	63,928	92.4%
	Pwopriyetè Kay	665,520	398,467	215,152	51,901	92.2%
	Abitasyon	104,103	64,142	30,964	8,997	91.4%
	Pwopriyetè Kay Mobil	60,562	47,437	12,123	1,002	98.3%
	Komèsyal / Rezidansyèl	9,385	3,321	4,036	2,028	78.4%
Pwopiyete Komèsyal Inondasyon Prive Entèripsyon Travay Lòt Sektè Aktivite		59,987	19,365	25,195	15,427	74.3%
		1,824	1,064	638	122	93.3%
		4,004	1,798	1,788	418	89.6%
		91,852	67,644	21,654	2,554	97.2%
Total		1,836,807	1,116,605	573,825	146,377	89.67%


²⁷<https://www.floir.com/Office/HurricaneSeason/HurricaneIrmaClaimsData.aspx>

1.3.3 Bezwèn Lojman ki Pa Satisfè

1.3.3.1 Metodoloji Enpak Lojman

HUD kalkile “bezwèn ki pa ko satisfè yo” kòm kantite inite lojman ki gen bezwen ki pa ko satisfè miltipliye pa depans yo estime pou repare inite sa yo, mwens fon reparasyon FEMA ak SBA deja bay yo (Imaj 46).

IMAJ 45: METODOLOJI BEZWEN LOJMAN KI PA SATISFÈ HUD JISKA ME 2018.



Akoz sous done konplè yo difisil pou jwenn apre yon gwo katastwòf, HUD te deklare yo ka itilize kalkil ki jistifye sou plan anpirik pou detèmine depans mwayen pou repare yon kay konplètman. Anjeneral, sa reyalize lè w « itilize depans reparasyon domaj pwopriyete pa Administrasyon Ti Biznis la (Small Business Administration, SBA) detèmine pou pwogram prè apre katastwòf li yo pou sou-divizyon kay SBA ak FEMA enspekte yo. Akoz SBA ap enspekte pou depans reparasyon konplè, yo sipoze pou l reflete depans konplè pou repare kay la, ki plis pase estimasyon FEMA a anjeneral sou depans pou rann kay la abitab.²⁸

Valè pèt FEMA te verifye yo pi ba nèt pase valè pèt pwopriyete SBA yo. Nou ka konkli enpak yo apati de done SBA yo nan menm fason nou te fè sa pou siklòn Hermine ak Matthew lè n konte tout aplikan FEMA ak SBA ki sibi nenpòt domaj. Metodoloji evalyasyon enpak ki te apwouve anvan yo te itilize done konbine ki soti nan estimasyon domaj ak bezwen reparasyon Administrasyon Ti Biznis la yo, done Asistans Lojman pou IA FEMA yo akk done Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal yo pou triyangile bezwen reyèl la pa rapò a pèt FEMA estime yo. Lè w itilize valè prè SBA a kòm yon endikatè pou montan sipò pou nenpòt fanmi endividyle, sa ap mande pou jete yon rega ki pi konplè sou rekiperasyon an pase gade sou yon senp domaj FEMA enspekte, pou rive repare domaj ouragan yo. SBA voye « espesyalis konstriksyon » ki fòme pou evalye depans reyèl pou repare oubyen ranplase yon estrikti ki domaje pou chak pwopriyete pwopriyetè kay, ki bay yon estimasyon pou rekiperasyon ki pi konplè pase estimasyon orijinal ki soti nan FEMA a. Inejibilite pou FEMA soti tou nan sou-reprezentasyon popilasyon ki afekte yo. Lè w teni kont de sou-reprezentasyon sa a, sa bay yon lide ki pi presi sou enpak global lojman nan domèn etid sa a. Pou Irma, lè n itilize montan pèt mwayen ki verifye (48,211) pou tout aplikan SBA ki genyen pèt pwopriyete yo (46,634) epi lè n aplike l sou sila ki pa t kalifye pou asistans prè SBA yo ak sa yo te detèmine yon pèt nan FEMA, anplè jeneral Siklòn Irma lakoz, ogmante a plis pase \$8.5 milya (anvan yo kalkile okenn dediksyon finansman yo deja bay yo).

Nan yon efò pou byen kalibre montan enpak la, enpak lojman pou evalyasyon bezwen yo te kalkile lè n itilize done SBA yo sèlman konpare ak enfòmasyon aplikan FEMA yo. La, nou itilize montan domaj pwopriyete mwayen SBA \$24,127 pou ka pran an kont valè ekstèn yo nan done SBA yo (kèk gwo, ak ti montan domaj) ki te afekte mwayèn nan. Lè li aplike sou kantite aplikan total FEMA san yon Pèt FEMA Verifye (FEMA Verified Loss, FVL), aplikan SBA yo pa t apwouve yo ak done FEMA sou kantite inite Iwaye ki gen domaj yo (86,031), abouti sou yon enpak lojman ki ajiste a \$7.6 milya. Ou ka jwenn yon repatisyon konplè pèt lojman total la nan Tablo 29 la. Yo detèmine depans pou rezistans yo a 20 poustan ki baze sou plan aksyon anban eta yo ak yon konpreyansyon ke l ap koute plis pou repare kay yo pandan y ap fè yo respekte nòm yo. Kidonk, 20 poustan nan lòt depans pou rezistans yo te aplike pou konsidere lòt depans konfòmite nan zòn kotyè yo, pou yon total enpak ki anviwon 9.1 milya dola. Apre dediksyon fon FEMA, SBA, Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal (NFIP) ak Fon Lojman Piblik yo (2.4 milya dola) rès bezwen ki pa satisfè pou lojman yo apeprè \$6.7 milya dola lè n konsidere lòt mezi rezistans yo egzije yo (Tablo 30). Ou ka jwenn yon repatisyon konplè fon yo deja bay yo nan Tablo 30 lan.

²⁸ Rejis Federal Vol. 78, Nim. 43 /Madi 5 Mas 2013

Tablo 30: Enpak Total ki Dekoule ak Bezwen ki Pa Ko Satisfè pou Lojman²⁹

Enpak Total ki Dekoule ak Bezwen ki Pa Satisfè pou Lojman	
Done	Dollars
Pèt Administrasyon Ti biznis Verifye pou tout Aplikan SBA yo	
Aplikan SBA ki gen yon pèt verifye byen imobilye	\$1,604,109,132
Aplikan SBA ki pa gen yon pèt byen imobilye ki verifye (Estimasyon)	\$1,995,037,503
Aplikan SBA ki gen Pèt Reyenstalasyon verifye	\$347,375
Aplikan SBA ki gen Pèt Rekonstriksyon verifye	\$26,938,471
Total pèt verifye aplikan FEMA yo refere bay SBA (Estimasyon)	\$3,626,432,481
Estimasyon Pèt Administrasyon Ti Biznis Verifye pou Aplikan FEMA yo pa refere bay SBA	
Total aplikan FEMA ki gen domaj FEMA enspekte	208,031
Total aplikan SBA	125,383
Posiblité popilasyon ak bezwen ki pa satisfè	82,648
Pèt verifye mwayen	\$24,127
Pèt verifye aplikan FEMA yo pa refere bay SBA (Estimasyon)	\$1,994,048,296
Total pèt verifye pou tout aplikan pwopriyetè kay nan FEMA ak SBA (Estimasyon)	\$5,620,480,777
Estimasyon Pèt Administrasyon Ti Biznis Verifye pou Pwopriyetè Pwopriyete Lokasyon	
Lokatè aplikan FEMA ki gen domaj pwopriyete pèsonèl	86,031
Pèt verifye mwayen	\$24,127
Total pèt verifye pou pwopriyetè pwopriyete lokasyon (Estimasyon)	\$2,075,669,937
Lòt Estimasyon Domaj Lojman	
Domaj pwopriyete nan lojman publik	\$2,412,700
Total pèt lojman verifye	\$7,698,563,414
Lè w konsidere adisyon 20% rezistans	\$9,238,276,097
Doub Benefis	
Peman reparasyon FEMA	\$709,056,445
Peman pwopriyete imobilye aktyèl prè SBA pou lojman	\$660,240,927
Peman reyenstalasyon aktyèl prè SBA pou lojman	\$7,765,900
Peman rekonstriksyon aktyèl prè SBA pou lojman	\$17,678,300
Peman prè biznis SBA bay pwopriyetè	\$37,281,000
Peman konstriksyon NFIP	\$920,364,436
Fon lojman publik	\$5,000,000
Avantaj total	\$2,357,387,008
Bezwen total ki pa satisfè	\$5,341,176,406
Lè w konsidere adisyon 20% rezistans	\$6,880,889,089

²⁹ Valè ki soti nan Rapè Prè pou Kay SBA, Done Asistans Endividiyèl FEMA, Ankèt 62 Otorite Lojman Publik atravè rejon yo deklare ak Pwogram Asirans Inondasyon Nasional.

Nòt: Prè SBA pou kay vle di espesyalman prè yo resevwa pou reparasyon oubyen ranplasman yon kote prensipal moun rete. Peman SBA pou pwopriyetè pwopriyete ki lwe vle di fon SBA pou pwogram prè pou biznis apre katastwòf.

1.3.4 Enpak sou Enfrastrikti

Siklòn Irma afekte sistèm enfrastrikti yo ki enkli prensipalman wout, pon ak plaj eta yo ki gen kèk domaj yo repòte nan sistèm trètman dlo ize ak dlo potab. Efò rekiperasyon yo te byen dokimante pa moun ki nan fonksyon sipò rekiperasyon ak premye fich pwojè yo te soumèt pou èd publik yo.^{30,,31}

1.3.4.1 Èd Biblik

Pwogram Asistans Publik FEMA a (FEMA Public Assistance, FEMA-PA) fèt pou bay èd touswit a jiridiksyon ki afekte yo pou mezi pwoteksyon ijans ak reparasyon pèmanan nan enfrastrikti enstalasyon kominotè yo. Pòsyon èd federal la pa mwens pase 75 poustan depans pwojè ki kalifye a anjeneral, ki oblige eta a kontribye ak rès 25 poustan depans lan. Nan kèk ka, pòsyon depans federal la ka rive jiska 100 poustan.

Divizyon Jesyon Ijans Florida a te idantifye dabò plis pase 35,000 sit enfrastrikti ki te domaje pou yon depans reparasyon total yo estime a 4.3 milya dola nan tout kategori èd publik yo. Y ap bay pòsyon federal 3.9 milya dola finansman an pou pwojè ki apwouye yo (Tablo 31). Kategori sa yo se:

Kategori A: Ramasaj Debri

Kategori B: Mezi Pwoteksyon Ijans

Kategori C:	Wout	ak	Pon
Kategori D:	Etablisman	Kontwòl	Dlo
Kategori E:	Konstriksyon	ak	Ekipman
Kategori F:	Sèvis		Piblik

Kategori G: Pak, Lwazi ak Lòt Etablisman

Baze sou done sa yo, gen yon rès bezwen ki pa ko satisfè pou \$338,324,908 (pòsyon aplikan an) nan domaj entrastiki ki kalifye, yo idantifye dapre Kategori C-G FEMA-PA ki rete.

TABLO 31: RÈS BEZWEN KI PA SATISFÈ YO IDANTIFYE NAN DOMAJ ENFRASTRIKTI

Kategori	Pwojè	Sit Domaj	Sòm Pri Apeprè	Sòm Pòsyon Federal	Sòm Pòsyon ki pa Federal
A (Debri)	2,029	2,636	\$1,471,995,952	\$1,131,559,798	\$340,436,154
B (Mezi Ijans)	1,531	2,944	\$997,239,502	\$813,643,981	\$183,595,521
C (Wout ak Pon)	467	1,237	\$112,003,450	\$84,002,587	\$28,000,862
D (Enstalasyon Kontwòl Dlo)	139	377	\$77,368,742	\$58,026,557	\$19,342,186
E (Konstriksyon ak Ekipman)	3,606	12,737	\$535,008,060	\$401,256,045	\$133,752,015
F (Sèvis Piblik)	506	1,296	\$277,655,727	\$208,241,795	\$69,413,932

³⁰<http://www.floridadisaster.org/eoc/Irma2016/>

³¹<https://www.fema.gov/media-library-data/1477681864977-04968ad6e3d2fab698e94c45322ea7c3/PDAResortFEMA4280DRFL.pdf>

Plan Aksyon Eta Florida pou Rekiperasyon apre Katastwòf

G (Lòt)	1,156	4,374	\$351,263,653	\$263,447,740	\$87,815,913
Tout Kategori	9,434	25,601	\$3,822,535,087	\$2,960,178,503	\$862,356,583
Total san A ak B	5,874	20,021	\$1,353,299,632	\$1,014,974,724	\$338,324,908

Espesyalman, domaj nan sèvis publik ki kalifye pou FEMA yo, wout yo ak lòt pwopriyete minisipal nan tout Eta a pa montre konplètman nivo defi enpak Irma yo vin montre. Espesyalman, plis pase \$450 milyon nan fon pwojè pou èd publik nan tout kategori (tablo anba a) te konsidere pa kalifye ant premye evalyasyon an ak evalyasyon sa a. Malgre kèk enfrastrikti publik pa te an pàn nèt akòz Siklòn Irma dirèkteman, bezwen pou amelyore enfrastrikti ki la yo nesesè pou kreye yon Florida pi rezistan.

TABLO 32: REPATISYON DEPANS ENFRASTRIKTI PA KATEGORI

Kategori	Pri Pwojè Premye Evalyasyon	Pri Pwojè Nan moman an	Diferans
A (Debri)	\$1,598,719,947	\$1,471,995,952	(\$126,723,994)
B (Mezi Ijans)	\$1,125,549,377	\$997,239,502	(\$128,309,875)
C (Wout ak Pon)	\$225,657,659	\$112,003,450	(\$113,654,209)
D (Enstalasyon Kontwòl Dlo)	\$120,200,948	\$77,368,742	(\$42,832,206)
E (Konstriksyon ak Ekipman)	\$529,785,546	\$535,008,060	\$5,222,514
F (Sèvis Publik)	\$287,922,730	\$277,655,727	(\$10,267,004)
G (Lòt)	\$386,593,984	\$351,263,653	(\$35,330,331)
Tout Kategori	\$4,274,430,191	\$3,822,535,087	(\$451,895,105)
Total san A ak B	\$1,550,160,868	\$1,353,299,632	(\$196,861,236)

Si w pa sipòte enfrastrikti enpòtan yo pral gen efè kaskad grav sou kominate Florid yo.

TABLO 33: PWOJÈ ÈD PIBLIK, PA KATEGORI, SIKLÒN IRMA³²

Pwojè Èd Piblik, pa Kategori, Siklòn Irma.			
Kategori Enfrastrikti	Depans Apwoksimatif	Pòsyon Federal yo Estime	Pòsyon yo Estime pou Aplikan an
A (Debri)	\$1,598,719,947	\$1,253,931,051	\$344,788,896
B (Mezi Ijans)	\$1,125,549,377	\$869,001,418	\$256,547,959
C (Wout ak Pon)	\$225,657,659	\$169,243,244	\$56,414,415
D (Etablisman Kontwòl Dlo)	\$120,200,948	\$90,150,711	\$30,050,237
E (Konstriksyon ak Ekipman)	\$529,785,546	\$397,356,849	\$132,428,697

³²Done jiska dat 27/2/18 ki soti nan FDEM ki reflete PAC FEMA a Eta a k ap travay ak aplikan chak konte pou detèmine nivo konplè tout domaj y ap kaptire sou fich pwojè yo.

Pwojè Èd Piblik, pa Kategori, Siklòn Irma.			
Kategori Enfrastrikti	Depans Apwoksimatif	Pòsyon Federal yo Estime	Pòsyon yo Estime pou Aplikan an
F (Sèvis Piblik)	\$287,922,730	\$215,942,048	\$71,980,683
G (Lòt)	\$386,593,984	\$289,952,194	\$96,641,790
Total	\$4,274,430,191	\$3,285,577,514	\$988,852,677
Total san A ak B	\$1,550,160,868	\$1,162,645,046	\$387,515,822

1.3.4.2 HMGP ak Rezistans

Pwogram Sibvansyon Diminisyon Risk la (Hazard Mitigation Grant Program, HMGP) ap yon pati ki enpòtan anpil nan amelyorasyon rezistans alontèm pou enfrastrikti nan zòn ki afekte yo. Yo kalkile HMGP a anjeneral a 15 poustan montan total IA ak PA yo distribye pou yon katastwòf. Senkant pousan nan total fon PA, FEMA bay la (2,960,178,503) anplis fon pou Pwogram Asistans Pwogram Lojman Endividyle (\$1,021,180,392) FEMA rann disponib la, se montan fon HMGP yo prevwa pou mete disponib pou diminisyon risk ak rezistans nan tout eta a. Pou katastwòf sa yo, pòsyon federal HMGP yo estime a se \$597,203,834

Lè n kalkile èd HMGP pou nenpòt jiridiksyon te onore a 75 pousan bezwen yo te idantifye a (rès 25 pousan an se yon ekivalan lokal yo mande), yo ka asime y ap mande jiridiksyon sa bay \$149,300,959 ekivalan lokal la ki reprezante yon bezwen ki pa satisfè pou amelyorasyon rezistans. HUD te anonse Florida t ap resevwa yon lòt alokasyon 791 milyon dola e li te prevwa yon pòsyon finansman sa te ka itilize pou ekivalan HMGP a ak rezistans pou soulaje egzijans ekivalans lokal la. Fon CDBG-DR yo ka itilize kòm ekivalan pou eta / lokal nan ka presi kote yon pwojè patikilye reponn a yon objektif nasyonal.

1.3.5 Enpak Ekonomik

1.3.5.1 Komès ak Travay


Lè n itilize done komèsyal SBA yo pou konprann enpak finansye sou mwayer sibzistans yo, sa bay yon konpreyansyon pi konplè sou enpak ak rekiperasyon atravè eta a. Administrasyon Ti Biznis la mete prè apre katastwòf bon mache disponib pou biznis ki kalifye yo. Dapre enfòmasyon sou prè komèsyal SBA a, anviwon 3,902 aplikan te genyen yon pèt pwopriyete ki verifye pou \$281,064,990, e yon lòt 18,555 aplikan te swa anile, swa dekline. Pèt mwayer ki verifye pou tout aplikan yo te \$72,031 e mwayèn pèt la se te \$31,633. Lè n anplwaye metodoloji jeneral ki te prezante pou enpak lojman ak bezwen ki pa ko satisfè yo, sa pèmèt idantifikasyon ni enpak reyèl la ni lòt enpak yo estime ki posib pou biznis ki pa t kalifye pou prè yo.

Enpak yo estime ak sipò SBA bay biznis yo kaptire pèt total \$1,362,990,312 lè n adisyone pèt pwopriyete ki verifye, \$281,064,990, pèt yo estime, \$\$586,950,315 (18,555) aplikan te swa anile oubyen dekline pwogram nan), pèt mwayer ki verifye \$31,633, montan pèt rekonstriksyon ki verifye ak estimasyon \$41,687,948, ak montan pèt reyenstalasyon yo verifye ak estime (rekonstriksyon lòt kote) \$34,141. Apre sa, DEO te itilize menm metòd la pou adisyone pèt ki verifye ak pèt yo estime ak founiti, machinnri, envantè ak depans operasyon biznis yo (\$271,346,408), pou konsidere avèk pridans, pousantaj chak aplikan avèk domaj yo kòm yon pousantaj nan sa ki gen pèt reyèl ki verifye yo (Tablo 29).

Plan Aksyon Eta Florida pou Rekiperasyon apre Katastwòf

Dapre metòd sa, enpak komèsyal total Irma se te \$1,181,049,661. Lè n konsidere 20 poustan depans siplément yo asosye ak mezi rezistans tankou kòd konstriksyon ki pi strik, depans mezi konfòmite, egzijans pou levasyon oubyen wotè, sa ogmante depans total reparasyon an a \$11,362,990,312. Peman SBA a biznis yo bay yon total \$270,341,250 pou seri pèt sa yo, ki kite yon potansyèl bezwen ki pa satisfè \$910,830,911 oubyen \$1,072,724,362 lè n konsidere sa nou ajoute pou rezistans lan.

IMAJ 46: METODOLOJI KALKIL BEZWEN KI PA SATISFÈ HUD JISKA ME 2018.



Imaj 47 la dekri metodoloji bezwen ki pa satisfè HUD pou rekiperasyon biznis. Baze sou metodoloji sa, DEO a soti yon metodoloji menm jan pou kalkile total enpak ki dekoule ak bezwen ki pa satisfè yo pou biznis atravè Florida, jan yo montre l nan Tablo 34 la. Tablo 35 lan montre repatisyon pèt operasyon yo verifye pou biznis yo.

TABLO 34: ENPAK TOTAL KI DEKOULE AK BEZWEN KI PA SATISFÈ POU BIZNIS YO.

Enpak Total ki Dekoule ak Bezwen ki Pa Satisfè pou Biznis yo	
Done	Dola
Pèt Pwopriyete Biznis Administrasyon Ti biznis Verifye pou tout Aplikan SBA yo	
Aplikan SBA ki gen yon pèt byen imobilye ki verifye (Reparasyon)	\$281,064,990
Aplikan SBA ki pa gen yon pèt byen imobilye ki verifye (Estimasyon Reparasyon)	\$586,950,315
Pèt rekonstriksyon SBA verifye (Rebati)	\$32,678,948
Estimasyon pèt rekonstriksyon (Rebati)	\$9,009,000
Pèt reyenstalasyon SBA verifye (Deplase)	\$24,831
Estimasyon pèt reyenstalasyon (Deplase)	\$9,310
Total pèt byen imobilye pou biznis yo refere bay SBA (Estimasyon)	\$909,703,253
Pèt Fonksyònman Biznis Administrasyon Ti biznis Verifye pou tout Aplikan SBA yo	
Pèt mèb ki verifye	\$5,429,600
Pèt mèb (estimasyon)	\$1,832,600
Pèt machin ki verifye	\$22,361,300

Plan Aksyon Eta Florida pou Rekiperasyon apre Katastwòf

Enpak Total ki Dekoule ak Bezwen ki Pa Satisfè pou Biznis yo	
Done	Dola
Pèt machin (Estimasyon)	\$6,500,000
Pèt envantè ki verufye	\$8,825,700
Pèt envantè (Estimasyon)	\$13,946,208
Pèt EIDL ki verifye	\$135,301,000
Pèt EIDL (Estimasyon)	\$77,150,000
Sòm pèt pou fonksyòman	\$271,346,408
Total pèt verifye pou tout biznis yo (Estimasyon)	\$1,181,049,661
Lè w konsidere adisyon 20% rezistans	\$1,362,990,312
Doub Benefis	
Peman reparasyon SBA	\$92,996,800
Peman rekonstriksyon SBA	\$7,239,200
Peman reyenstalasyon SBA	\$122,500
Peman mèb SBA	\$5,061,500
Peman machin SBA	\$19,926,950
Peman envantè SBA	\$9,693,300
Peman EIDL SBA	\$135,301,000
Avantaj Total	\$270,341,250
Total peman reparasyon/ranplasman biznis ki pa satisfè	\$809,467,253
Total peman operasyon biznis ki pa satisfè	\$101,363,658
Total bezwen biznis ki pa satisfè	\$910,830,911
Lè w konsidere adisyon 20% rezistans	\$1,072,724,362

TABLO 35: RASYON YO ITILIZE NAN ESTIMASYON PÈT OPERASYON BIZNIS.

Rasyon yo Itilize nan Estimasyon Pèt Operasyon Biznis					
Kategori Pèt Operasyon	Total Biznis ki Gen Pèt ki Verifye	Pèt Mwayen yo Verifye	Denominatè (Biznis ki pa gen yon pèt ki verifye)	Rasyo Lòt Pèt yo Estime	Lòt Pèt pou Biznis yo Estime
Founiti	539	\$3,400	18,555	2.9%	\$1.8 Million
Machinnri	1,250	\$5,200	18,555	6.7%	\$6.5 Million
Envantè	564	\$5,200	18,555	14.5%	\$13.9 Million
EIDL	3,086	\$25,000	18,555	16.6%	\$77 Million

Tablo 36 ki anba a montre òf ak demand yo prevwa pou travay nan okipasyon ki lye ak konstriksyon yo. Sa demonstre demand jeneral pou travayè kalifye pou konble defisi òf la nan pwofesyon sa yo, espesyalman pandan Florida ap eseye relanse apre Siklòn Irma a.

TABLO 36: PWOJEKSYON ÒF AK DEMAND 2017-2025 NAN TOUT ETA A

Pwojeksyon Òf ak Demand 2017-2025 nan Tout Eta a							
Pwofesyon	Travay 2017	Travay 2025	Kwasans	Pousantaj Kwasans	Kantite Òf Travay Total	Salè Mwayen	Defisi oubyen Eksedan Òf Alontèm
Travayè Konstriksyon Chapantye	83,289	97,474	14,185	17.0	87,430	\$13.73	Mank Travayè
Sipèvizè Metye Konstriksyon Premye Liy ak Travayè nan Ekstrakson	67,186	76,264	9,078	13.5	60,421	\$18.33	Mank Travayè
Elektrisyen	50,675	58,184	7,509	14.8	47,007	\$27.80	Mank Travayè
Pent, Konstriksyon ak Menthans	41,069	46,843	5,774	14.1	40,101	\$20.33	Mank Travayè
Plonbye, Bòs Tiyo ak Bòs ap Monte Vapè	32,289	37,482	5,193	16.1	29,334	\$15.27	Mank Travayè
Plafonye	27,243	30,300	3,057	11.2	25,685	\$19.33	Mank Travayè
	21,402	25,315	3,913	18.3	22,269	\$15.70	Mank Travayè

1.3.5.2 Konsiderasyon nan Keys Florida

Siklòn Irma te touche tè a nan Keys Florida kòm yon siklòn Kategori 4. Byenke okenn kote nan chèn zile sa a pa t epanye, se Vil Marathon ak Anba Lavil Keys sou Makè an Mil 16-40 (26-64 km) ki te touche pi fò. Anviwon 1,200 kay te detwi nan tout Keys, ak yon lòt 3,000 kay ki sibi gwo domaj ki lakoz agravman pwoblèm lojman kominate sa déjà fè fas ak li a.

Nan Keys Florida, teren ki limite ak kòd konstriksyon lokal ki estrik, konbine ak bezwen pou asire evakyasyon san danje pou rezidan yo ak pwoteksyon resous anviwònmantal enpòtan yo, ogmante depans devlopman rezidans yo. Avèk to chomaj ki pi wo nan eta a, pifò pwopriyetè biznis nan kominate a di pi gwo pwoblèm yo se kenbe anplwaye akoz òf limite lojman bon mache. Pwoblèm sa te agrave anpil pa Siklòn Irma. Kay mobil ak kay ansyen pou yon sèl fanmi ki te sèvi kòm lojman pou mendèv yo a te domaje anpil e yo mande pou yo rekonstwi kounye a dapre nouvo kòd ak nòm konstriksyon epi yo ka al mete yo nan yon zòn ki gen plis sekirite pou retire rezidans yo nan danje. Depans pou redevlope ap lakoz lwaye ki pi wo oubyen presyon pou vann yon moun k ap rekonstwi yon dezyèm kay oubyen yon pwopriyete vakans pou lwe, k ap lakoz gen pi piti stòk lojman bon mache pou mendèv la.

Keys Florida, antanke yon chèn zile ki konekte pa plis pase 40 pon nan pwent sid eta a, patikilyèman vilnerab ak siklòn yo. Donk, lejislati a te adopte yon lwa ki òdone pou yo jere kwasans pou asire ke popilasyon Keys la ta ka evakye nan 24 èdtan apre yon siklòn frape. Modèl transpò yo te detèmine Keys yo pa kapab an mezi pou reponn a egzijans sa ankò e pou yo adopte evakyasyon pa etap. Pwosesis sa egzije moun ki nan otèl yo kite an premye (48

èdtan anvan siklòn nan frape), rezidan kay mobil yo vini apre (nan 36 èdtan) epi an dènye, tout lòt rezidan Keys yo (24 èdtan anvan frap la).

Anplis evakyasyon pa etap la, yo te mete anplas yon sistèm alokasyon pèmi konstriksyon konplèks yo rele Òdonans sou To Kwasans (Rate of Growth Ordinance, ROGO), pou jere kwasans lan epi limite devlopman akoz konsiderasyon pou sekirite. Difikilte pou jwenn yon pèmi konstriksyon te ogmante plis valè teren ak depans konstriksyon yo, ki rann li vin yon pi gwo defi pou devlope lojman nan depans ki abòdab pou travayè mwayen an. Li te kreye tou yon anviwònman ra kote, anplis tè ak kay yo, gen yon mache pou dwa pou devlope yon inite lojman. Yo souvan achte epi vann dwa sa yo kòm yon machandiz.

Anpil rezidan nan Keys fè plis pase yon djòb pou kouvri nesesite yo akoz gwo depans pou viv ak disponiblite lojman bon mache ki limite. Pa egzanp, alòs revni mwayen fanmi yo se \$57,290, pifò mendèv la peye plis pase 30 poustan nan revni yo nan lojman, ki enkli ofisyè polis ak pwofesè. Anplwaye sèvis izin, yon gwo pòsyon nan mendèv lokal la, ka peye jiska 50 poustan nan revni yo nan lojman. Alòske sa pa twò ra nan anpil kominote vakans, lefè ke Keys Florida se yon chèn zile aliyen, sa fè yon deplasman pou viv nan zòn ki pi bon mache yo ki difisil pou Pati Nò Keys la e vityèlman enposib pou Pati Sid Keys la. Menm ak defi sa, sèlman 65 poustan anplwaye yo ap viv nan Konte Monroe, kote 20 poustan sèlman ap viv nan konte nò Keys yo. Lojman bon mache pou mendèv la se te yon gwo pwoblèm anvan Siklòn Irma. Akoz kantite estrikti ki domaje enpòtan sa yo ak gwo depans rekonstriksyon nan nòm rezistans aktyèl yo, gen posiblite pou san finansman pou sipòte rekonstriksyon kay ak konstriksyon nouvo inite lojman bon mache, ekonomi konte sa, anplis rezidan li yo, ap eksperimente gwo pwoblèm alavni.

2.0 EGZIJANS PLAN AKSYON JENERAL

2.1 Koneksyon Ant Bezwen ak Repatisyon Fon yo

Rejis Federal / Vol. 83, Nim. 28/Vandredi 9 fevriye 2018, Seksyon II, Itilizasyon Fon eta yo: « Lwa sou Afektasyon yo egzije ke anvan obligasyon fon CDBG-DR yo, yon benefisyè dwe soumèt yon plan ki detaye itilizasyon li pwopoze de tout fon, ki genyen ladan yo kritè pou kalifikasyon, ak kijan itilizasyon fon sa yo ap abòde rekiperasyon alontèm ak restorasyon enfrastrikti ak lojman ak relans ekonomik nan zòn ki pi afekte e ki pi an detrè yo. »

Pwogram ak finansman yo dekri nan Plan Aksyon sa te baze sou rezulta evalyasyon bezwen ki pa satisfè ansanm ak rankont ak kòmantè kominote ki afekte pa Siklòn Irma yo, jan HUD a mande l la. Jan li endike nan evalyasyon an, pi gwo pòsyon bezwen ki pa satisfè a ki soti nan Siklòn Irma lye ak lojman, an patikilye nan reparasyon kay pou yon sèl fanmi, ki redwi vilnerabilite atravè pwogram racha yo ak agravman bezwen pou novo stòk Iwaye bon mache akoz ni Siklòn Irma ni Maria. Anplis, gen bezwen ki pa satisfè ki lye ak rekiperasyon biznis ak bezwen pou soutni sektè mendèv k ap sipòte rekiperasyon alontèm nan. Gen bezwen enfrastrikti tou k ap abòde inondasyon nan Siklòn Irma epi ogmante rezistans katye yo ak lòt zòn nan kominote yo alavni.

Donk, nan konfòmite ak itilizasyon fon Rejis Federal la egzije yo, epi sou baz evalyasyon bezwen ki pa satisfè yo, alokasyon fon pwogam CDBG-DR yo konsidere epi abòde prensipalman, bezwen lojman ki pa satisfè yo. Tout aktivite relans ekonomik ak enfrastrikti DEO a apwouye, ap gen kontribisyon ki dokimante pou rekiperasyon alontèm ak restorasyon lojman nan zòn ki Pi Afekte epi ki pi nan Difikilte yo.

2.2 Lojman Piblik, Lojman Bon Mache ak Lojman Pou Popilasyon Vilnerab yo

DEO ap idantifye epi abòde pwoblèm reyabilitasyon, rekonstriksyon ak ranplasman kalite lojman sa yo ki afekte pa katastwòf:

- Inite lojman pou ti revni ak revni mwayen,
- Stòk lojman otorite lojman piblik, ki genyen ladan yo lojman HUD finanse, ak
- Lojman bon mache, ki genyen ladan yo lojman pou sanzabri, abri ijans, lojman tranzisyon ak lojman pèmanan.

DEO te konsilte Otorite Lojman Piblik (Public Housing Authorities, PHA) ki sitiye nan zòn ki pi afekte ak sa ki pi nan difikilte yo ak ajans ki dedye pou desèvi pobilasyon vilnerab yo nan kad devlopman Plan Aksyon an. Yon PHA jan HUD defini l lan genyen ladan I, « Tout eta, konte, minisipalite oubyen lòt antite gouvènmantal oubyen kò piblik oubyen ajans oubyen enstriman antite sa yo otorize pou angaje oubyen ede nan devlopman oubyen operasyon lojman pou ti revni dapre Lwa sou Lojman Ameriken 1937 la. » Anplis eta a mande pou yo envite nan rankont lokal yo, li te devlope epi distribye yon ankèt yo te voye bay tout PHA ki sitiye nan zòn ki pi afekte e ki pi nan difikilte nan Florida. Ankèt la te mande enfòmasyon sou bezwen ki pa satisfè ak ide pwogram ki ta ka devlope pou abòde bezwen sa yo. Yo te bay PHA yo opòtinite tou pou fè kòmantè oubyen bay lòt enfòmasyon. Yo te envite PHA yo tou nan sesyon pati ki konsène pou kòmantè piblik sou Plan Aksyon yo pwopoze a kote patisipasyon an te ede konsevwa pwogram ki enfòme. Pa konsekan, li posib pou fon CDBG-DR yo ka itilize pou reyabilitasyon, diminisyón risk oubyen nouvo konstriksyon lojman HUD finanse depi lòt sous finansman yo itilize nèt e si gen lòt finansman ki vin disponib. Lojman HUD finanse yo genyen ladan yo, lojman piblik, lojman lokatè HCV okipe ak lojman milti fanmi. Anplis, DEO a te chwazi finanse kreyasyon nouvo lojman bon mache atravè Antrepriz Finansman Lojman Florida (Florida Housing Finance Corporation).

Evalyasyon bezwen ki pa satisfè yo a ansanm ak kòmantè ki soti nan kominate yo demonstre ke genyen yon bezwen klè pou nouvo lojman pou lwe a bon mache pou mendèv la. Sa reyèlman vrè nan zòn ki te resevwa yon afiliyans popilasyon ki soti Pòto Riko akoz Siklòn Maria ansanm ak Keys Florida, kote pwoblèm lojman bon mache a te deteryore anpil pa Siklòn Irma. DEO a te rankontre an pèsonn ak tout kominate ki pi afekte e ki pi nan difikilte yo ke HUD idantifye dapre alokasyon orijinal ak rès bezwen ki pako satisfè yo ak konsepsyon pwogram ki ta ka ede pi byen nan pwosesis rekiperasyon yo. Enfòmasyon yo kolekte nan rankont sa yo te konpile epi yo reflete nan Ankèt Moun ki gen Enterè nan Kominote a (paj page 101-102). DEO te distribye tou yon ankèt nan tout konte yo ki resevwa yon Asistans Endividyle (Individual Assistance, IA) pou deklarasyon katastwòf. Anpil kominate eksprime bezwen pou nouvo lojman pou lwe bon mache pou mendèv la ansanm ak finansman pou sipòte akizisyon tè pou konstwi lojman bon mache. Nan kominate tankou Keys Florida, kapasite pou bay lojman pou lwe pou mendèv la enpòtan anpil pou asire rekiperasyon alontèm ekonomi yo. Li difisil pou biznis yo kenbe mendèv yo, avèk ti kantite kote pou travayè yo rete. Pifò nan stòk lojman pou lwe ki te domaje oubyen detwi pandan Siklòn Irma yo te swa kay mobil oubyen kay milti fanmi ki te konstwi anvan aplikasyon kòd konstriksyon ki pi solid yo. Depans pou rekonstwi kay sa yo nan kèk ka, ka rann li difisil pou lwe nan yon tarif ki abòdab. Donk, pwovizyon nouvo lojman pou lwe ki bon mache pou sipòte mendèv ak eleman vital ekonomi lokal sa yo ap enpòtan anpil pou asire rekiperasyon alontèm nan.

Divès popilasyon ki sible, kalifye pou yo sèvi yo, tankou moun ki sanzabri ak popilasyon ki gen bezwen espesyal yo. Fon eta a te resevwa yo ap itilize nan efò rekiperasyon Siklòn Irma yo pou objektif presi ki lye ak katastwòf yo. DEO a ap mete kèk finansman apa nan alokasyon sa pou abòde pwoblèm nouvo konstriksyon lojman tranzisyon pou popilasyon ki sanzabri yo. DEO a ap evalye bezwen an ankò pou mete apa lòt fon pou popilasyon sib sa yo ki gen alokasyon fon CDBG-DR apre pou Siklòn Irma.

DEO a ap asire gen kowòdinasyon pwòch epi kontini ak prestatè sèvis ki travay ak popilasyon vilnerab yo pou asire ke yo atire atansyon DEO a sou tout enpak ki rete oubyen ki kontinye ki gen rapò ak siklòn pou yon apwoch ki kowòdone. Anplis, tout popilasyon vilnerab yo atire atansyon DEO a sou yo ke yo pa sèvi nan pwogram ki ap fèt kounye a yo, yo ka refere yo bay sèvis espesyalize yo pou èd.

DEO ak sou-benefisyè sibvansyon yo ap devlope politik ak pwosedi pou konfòmite ak egzijans pou Favorize Lojman Ekitab (Affirmatively Furthering Fair Housing, AFFH) pandan mizanplas plan aksyon sa. Politik ak pwosedi sa yo ap enplike yon revizyon k ap genyen ladan I yon evalyasyon karakteristik demografik, sosyo ekonomik, risk ak enkyetid anviwònmantal zòn pwojè yo, ak lòt faktè materyèl pou detèminasyon AFFH la. Aplikasyon yo dwe montre ke pwojè lojman yo gen chans pou diminye konsantrasyon rasyal, etnik, ak ti revni zòn yo, epi/oswa fè pwomosyon lojman bon mache nan zòn ki gen povrete, ki pa gen minorite e ki gen repons fèb kont risk natirèl ki lye ak enpak yo. Rezulta eggzamen sa a pral sèvi pou gide seleksyon pwojè yo pou finansman, dapre egzijans Avi Rejis Federal ak sètifikasyon benefisyè a nan AFFH. Eta a ap rete trè ajil pandan tout planifikasyon ak aplikasyon ak faz yo nan chak pwogram asire pwosesis la ak konsepsyon pwogram lan annakò avèk direktiv HUD nan Favorize Lojman Ekitab. Aplikasyon yo dwe montre ke pwojè lojman yo gen chans pou diminye konsantrasyon rasyal, etnik, ak ti revni zòn yo, epi/oswa fè pwomosyon lojman bon mache nan zòn ki gen povrete, ki pa gen minorite e ki gen repons fèb kont risk natirèl ki lye ak enpak yo. Eta a ap rete trè ajil pandan tout planifikasyon ak aplikasyon ak faz yo nan chak pwogram asire pwosesis la ak konsepsyon pwogram lan annakò avèk direktiv HUD nan Favorize Lojman Ekitab.

Y ap mete aplikasyon ak dokiman sansibilizasyon yo disponib nan lòt lang. DEO a rekonèt ke moun ki gen enfimite yo ka genyen bezwen espesyal e l ap fè tout efò pou akomode bezwen sa yo toutotan y ap vini.

2.3 Minimize oubyen Abòde Pwoblèm Deplasman an

Eta a ak sou-benefisyè li yo prevwa minimize deplasman moun oubyen antite yo epi ede moun oubyen antite ki deplase yo nan kad mizanplas yon pwojè ki gen fon CDBG-DR yo. Si yon pwojè ta lakoz deplasman, DEO a ap swiv Èd pou Reyenstalasyon Inifòm nan (Uniform Relocation Assistance, URA) ak Lwa sou Politik Akizisyon Pwopriyete a pou asire lokatè yo reloje nan kote ki gen sekirite epi sanitè. Plan politik ak pwosedi eta a, k ap aktyalize pou reflete aktivite Siklòn Irma yo, ap asire sou-benefisyè yo minimize deplasman yo. Nan ka yon racha volontè, lè pwopriyetè kay oubyen lokatè yo lokalize nan yon plèn inondasyon pou evite pèt alavni, DEO a ap egzije sou-benefisyè yo devlope politik ak pwosedi pou asire popilasyon sa reloje nan zòn ki lwen plèn inondasyon an epi I ap resevwa avantaj konplè jan URA a endike I la. URA bay sèten moun ki deplase dwa pou jwenn avantaj pou frè pou demenajman, sèvis konsèy pou lojman, peman èd pou lwaye ak/oswa depans pou ranplasman lojman toudepan nati sikonstans ki egzije demenajman an.

Egzijans èd pou demenajman ki nan seksyon 104(d)(2)(A) nan Lwa sou Devlopman Lojman ak Kominote a ak nan 24 CFR 42.350 anile nan limit yo differan de egzijans URA a ak aplikasyon règleman ki nan 49 CFR pati 24 la, jan avi a te modifie I la, pou aktivite ki asosye ak rekiperasyon apre katastwòf. San anilasyon sa, gen eka ki egziste nan èd pou demenajman ki asosye ak aktifije HUD ak FEMA tipikman finanse yo (pa egzanp, racha ak demenajman). Finansman FEMA ak CDBG so soumèt ak egzijans URA yo; men, finansman CDBG yo soumèt a Atik 104(d), alòske finansman FEMA yo pa soumèt a li. URA a prevwa ke yon moun ki deplase kalifye pou resevwa yon asistans pou lwaye ki koutri yon peryòd 42 mwa. Kontrèman, Atik 104(d) a otorize yon pi piti revni pou yon moun ki deplase pou chwazi ant peman èd pou lwaye URA a ak yon peman èd pou lwaye ki kalkile sou yon peryòd 60 mwa. Egzijans anilasyon ki nan seksyon 104(d) a asire trètman inifòm epi egal lè I fikse URA a ak aplikasyon règleman li yo antanke yon sèl nòm pou èd pou demenajman dapre Avi Rejis Federal la. Si CDBG-DR la koresponn ak nenpòt lòt sous

finansman HUD yo, l ap soumèt ak nòm URA oubyen Atik 104(d) a nan egzijans Lwa sou Devlopman Lojman ak Kominote yo.

Konfòmeman ak objektif aktivite ki finanse dapre Lwa sou Devlopman Lojman ak Kominote 1974 la, DEO a ap swiv etap sa yo pou minimize deplasman dirèk ak endirèk moun lakay yo: (DEO a ap detèmine lis aksyon konplè l ap fè yo baze sou bezwen ak priyorté lokal yo epi l ap devlope Plan Asistans Anti-Demenajman ak Reyenstalasyon nan Rezidans (Residential Anti-displacement and Relocation Assistance Plan, RARAP) nan yon dat ki pi lwen dapre [Manyèl 1378 HUD a: Èd pou Lokatè, Demenajman ak Akizisyon Pwopriyete.](#))

- Aranjman pou enstalasyon pou loje moun ki dwe demenaje tanporèman pandan reyabilitasyon an.
- Peryòd bon mache pou inite lojman pou yon sèl fanmi yo ap 5 ane omwen.
- Asire ke lojman pou lokasyon pou plizyè fanmi ki reyabilite oswa ki rekonstwi yo ki gen uit inite lojman oswa plis rete bon mache pandan 15 ane omwen.
- Asire ke lojman pou lokasyon pou plizyè fanmi ki fenk bati yo ki gen senk inite lojman oswa plis rete bon mache pandan 20 ane omwen.
- Lè sa posib, reyabilite lojman, alaplas demolisyon, pou evite deplasman.

2.4 Èd Maksimòm ak Evalyasyon Karaktè Rezonab Depans yo

DEO a swiv yon pwosesis depans nan kad pwosedi kontra regilye yo, ki genyen ladan yo yon revizyon chak eleman depans pou detèmine admisibilite, karaktè rezonab ak nesisite. Èd maksimòm ki disponib pou benefisyè lojman yo ansanm ak rantabilite pa rapò ak lòt mwayen asistans yo, ap endike nan Enstriksyon pou Pwogram Lojman pou Rekiperasyon apre Katastwòf DEO yo. Asistans maksimòm pa benefisyè pou enfrastrikti yo ap fikse pa jiridiksyon aplikan yo nan kad soumisyon pwojè a bay DEO e DEO a ap konsidere l dapre revizyon an.

Anplis, Pwogram Patenarya pou Inisyativ Lojman Eta Florida (State Housing Initiatives Partnership program, SHIP), bay fon a gouvènman lokal yo kòm yon motivasyon pou kreye patenarya ki pwodwi epi prezèvè pwopriyete kay ak lojman milti familyal. Anpil gouvènman lokal te patisipe nan pwogram nan e yo te etabli plan asistans lojman lokal yo, ki genyen ladan yo aktivite tankou estrateji modivasyon lojman, politik lokal pou aplike estrateji motivasyon yo, ak patenarya pou diminye depans lojman yo⁴¹. Pou asire montan asistans lojman yo se depans ki rezonab, montan maksimòm asistans CDBG-DR ki disponib pou nenpòt inite lojman pou yon sèl fanmi nan pwogram rekiperasyon apre Siklòn Irma se \$350,000, eksepte nan Konte Monroe, ki pral gen yon montan asistans maksimòm \$ 650,000. Nan ka kote yo demontre li difisil oubyen kote mache lojman lokal yo garanti yon ogmantasyon kapasite, benefisyè yo ka pwopoze bay DEO a yon kapasite altènatif pou revizyon ak apwobasyon. Yon ogmantasyon kapasite ka itilize tou pou bay finansman pou reparasyon ki difisil oubyen enprevi ki depase kapasite lojman yo. DEO a ap etabli metòd depans ki gen karaktè rezonab lè l fè rechèch sou sèvis y ap chèche epi bay la. DEO a ap konsilte òganizasyon pwofesyonèl sektè a aksepte yo, ansyen pwogram yo ak lòt benefisyè rejyonal yo pou kontribisyon sou depans pou sèvis ki te bay yo.

DEO a ap defini « kontrent yo demontre » kòm eksepsyon pou politik pwogram yo pou aplikan ki demontre kontrent eksesif. Y ap revize aplikan ki nan sitiyasyon sa yo ka pa ka pou detèmine si èd la nesesè pou soulaje difikilte sa. Kontrent ki ka demontre yo genyen ladan yo, men yo pa limite a sa, montan dèt ki eksesif akoz yon katastwòf natirèl, enfimite, elatriye. Ak dokimantasyon, DEO a ka otorize moun ki gen enfimite depase kapasite \$350,000 sou yon baz ka pa ka e si depans lan rezonab.

2.5 Estanda Elvasyon yo

DEO a ap devlope epi aplike nòm konstriksyon kay ki rezistan, ki enkli devlope nòm pou tout estrikti yo konsevwa prensipalman pou itilizasyon rezidansyèl epi ki sitiye nan plèn inondasyon 100 lane a (oubyen 1 pouzan chans pa

ane), resevwa èd pou nouveau konstriksyon, reparasyon oubyen domaj ki enpòtan, oubyen amelyorasyon ki enpòtan, jan li defini nan 24 CFR 55.2(b)(10). DEO ap egzije pou elevasyon estrikti sa yo nan yon jan pou etaj ki pi ba a, ankontan bezment lan, sitye de pye omwen pi wo pase elevasyon inondasyon debaz la, ki koresponn ak wotè minimòm ki prevwa nan Avi Rejis Federal 9 fevriye 2018 la. DEO ap respekte kòd konstriksyon lokal yo kote yo egzije nòm nivo elevasyon ki pi wo. DEO a ka leve jiska 3 pye pi wo pase nivo elevasyon baz inondasyon an pou mèt pwopriyete a pou li ka kalifye pou rabè sou prim asirans inondasyon NFIP a lè li koute montan ki rezonab pou eta a fè sa e lè li pa kreye lòt konfli.

Estrikti pou utilizasyon miks ki pa gen inite abitab e ki pa gen rezidan pi ba pase 2 pye sou nivo plèn inondasyon 1 pousan pa ane a dwe leve oubyen verifye kont inondasyon konfòmeman ak nòm verifikasyon kont inondasyon FEMA a nan 44 CFR 60.3(c)(3)(ii) oubyen nòm ki vini apre a, jiska omwen de pye pi wo nivo plèn inondasyon 1 pousan pa ane a.

Y ap egzije mèt pwopriyete ki jwenn èd nan pwogram rekiperasyon an pou achte epi kenbe asirans inondasyon si pwopriyete yo sitiye nan yon plèn inondasyon FEMA deziyen. Egzijans sa obligatwa pou pwoteje sekirite rezidan yo ak pwopriyete ak envestisman lajan federal yo. Florida ap asire respè Atik 582 Lwa sou Refòm Asirans kont Inondasyon Nasyonal la konsènan responsabilite pou enfòme mèt pwopriyete k ap resevwa èd apre katastwòf ki deklanche acha asirans kont inondasyon an ke yo gen yon responsabilite legal pou avize tout konsesyonè de egzijans pou yo jwenn epi kenbe asirans kont inondasyon an, e pwopriyetè k ap transfere a ka responsab si li pa fè sa. Gen egzijans Kòd Konstriksyon Eta Florida ki ka aplike anplis kòd lokal yo dapre ka a.

Nan nivo nasyonal, depans mwayen pou leve yon kay se ant \$30,000 ak \$100,000. Depans mwayen pou leve yon kay depann de plizyè faktè ki genyen ladan yo, men ki pa limite a: gwasè kay la, kantite pye li dwe leve ak kote kay la ye. Baze sou rechèch preliminè, depans mwayen pou leve yon kay nan Florida koute ant \$35,000 ak \$115,000. Men, depans pou fè elevasyon an ka plis oubyen mwens selon valè kay la ak fakte ki te mansone anwo yo. Depans pou leve yon kay pa ta dwe depase 49 pousan valè anvan siklòn kay la. Yo considere kèlkeswa modifikasyon ki gen yon pri total reparasyon ki plis pase 50 pousan kòm dega sibstansyèl dapre detèminasyon jiridiksyon lokal la epi li sije a estanda egzijans reglemantè yo.

2.6 Planifikasyon ak Kowòdinasyon

DEO a te konsilte e l ap kontinye kowòdone ak kominate planifikasyon, preparasyon ak repons nan tout zòn ki afekte yo nan eta a. Pou plis enfòmasyon sou fason DEA te mande kontribisyon nan kominate toutotou eta a, tanpri gade Seksyon 27 sou Konsiltasyon an. Anplis li travay ak kominate yo, DEO a kowòdone nan kolaborasyon etwa ak ajans patnè yo ki genyen ladan yo Divizyon Jesyon Ijans Florida (Florida Division of Emergency Management, FDEM) ak Antrepriz Finansman Kay Florida (Florida Housing Finance Corporation FHFC). DEO a te jwe yon wòl aktif nan pwosesis rekiperasyon an lè l enkòpore anplwaye lidè CDBG-DR nan Biwo Katastwòf Komen FEMA/FDEM nan, nan Orlando. Sa te pèmèt ekip la patisipe nan Kad Nasyonal pou Rekiperasyon apre Katastwòf la, an patikilye fonksyon sipò rekiperasyon ki konsantre sou relans ekonomi, planifiyasyon kominotè ak kapasite konstriksyon ansanm ak lojman. Lè l travay nan kolaborasyon etwa ak lòt omològ eta ak federal nan anviwònman sa, sa te bay ekip DEO a yon meyè konprevansyon sou pwoblèm kominate yo ap fè fas ak pèmèt ekip la devlope patenarya depi kòmansman an pou ankouraje utilizasyon resous yo. Anplis, sa te pèmèt ekip la ede sipòtè devlopman estrateji rekiperasyon yo pou gide rekiperasyon akoutèm ak rekiperasyon alontèm nan alantou eta a. DEO a kontinye travay nan kolaborasyon etwa ak FDEM toutotan sipò rekiperasyon ak estrateji sa yo ap aplike epi patisipe nan kowòdinasyon apèl ak rankont fas a fas pou ede abòde bezwen ki pa satisfè kominate yo.

DEO a kontinye patisipe nan Ekip Konsiltasyon Plan Diminisyón Risk Eta a epi kowòdone ak pèsonèl diminisyón risk FDEM nan sou efò planifikasyon ki konsidere risk danje natirèl yo. Eta Florida genyen yon chan planifikasyon

pou diminisyon risk ak rezistans ki solid akoz danje risk natirèl ak defi inik jewografi eta a. DEO a te fè patenarya tou ak FDEM nan kreyasyon enstriksyon pou Inisyativ Planifikasyon Plan Redvelopman Apre Katastwòf nan Tout Eta a, ki finanse pa Administrasyon Atmosferik Oseyanik Nasjonal (National Oceanic and Atmospheric Administration, NOAA). Inisyativ la ede yon kominate planifye pou peryòd rekiperasyon apre katastwòf alontèm pou asire yo ka rekipere pi rapid e nan fason ki pi efikas, kenbe kontwòl lokal sou rekiperasyon an epi pwofite de opòtinite pou rekonstwi pi byen.

DEO a te kowòdone tou ak Antrepriz Finansman Kay Florida (Florida Housing Finance Corporation) nan tout pwosesis rekiperasyon an. DEO a se yon ansyen manm ofisyè konsèy FHFC ki asire kowòdinasyon etwa nan priz desizyon. Sa te espesyalman itil pou asire kowòdinasyon bezwen akoutèm ak alontèm apre yon katastwòf. Anplis yo bay kontribisyon nan aksyon konsèy la k ap abouti sou finansman lojman bon mache nan zòn ki afekte pa katastwòf yo, pèsonèl DEO ak FHFC a te deplase pou ale Keys Florida pou diskite espesyalman sou defi lojman mendèv apre katastwòf kominate zile sa yo fè fas. Sa te bay toulede ekip yo yon opòtinite pou evalye fason lòt sous finansman federal tankou kredi taks pou KAY ak lojman pou moun ki gen ti revni yo ka itilize nan akò ak CDBG-DR pou satisfè bezwen ki rete yo. Si yon pwojè enplike fon CDBG ak CDBG-DR, egzijans toulede pwogram yo dwe respekte. Nan ka youn nan pwogram ki lye yo genyen mwens egzijans restriksyon, DEO a ap asire ke pwogram ki gen egzijans ki pi strik yo aplike.

DEO a jwen yon wòl vital nan kowòdinasyon relans ekonomik apre yon katastwòf lè l sèvi kòm ajans prensipal pou Fonksyon Sipò Ijans 18: Stabilizasyon Komèsyal, Endistriyèl epi Ekonomik. Anplis ajans lan kowòdone etwatman ak Administrasyon Developman Ekonomik (Economic Development Administration, EDA) Depatman Komès Ameriken an ak Rezo Sant Developman Ti Biznis Florida (Small Business Development Centers, SBDC) pou bay prè ak lòt kalite asistans, ki asire ke biznis yo ka ouvri pi rapid ke posib epi genyen resous ki nesesè pou rekipere. Apre Siklòn Irma a, DEO a nan patenarya ak EDA, te akeyi atelye sou resous pou relans ekonomik nan tout eta a ki oryante vè kominate ak lidè biznis yo. Sa bay ekip la yon pèspektiv sou kèk nan bezwen ak defi ki pako satisfè yo ki lye ak relans ekonomik epi ki bay ajans lan yon opòtinite pou diskite sou fason finansman CDBG-DR ta ka itilize pou sipòtè efò rekiperasyon sa yo.

Atravè repons ak estrikti rekiperasyon eta a, kowòdinasyon nan Biwo Domèn Komen, patenarya ki egziste ak patisipasyon nan Kad Rekiperasyon Nasjonal apre Katastwòf la, Eta Florida ap kowopere mizanplas efò rekiperasyon ki solid. DEO a pa prevwa kontinye lòt aktivite rekiperasyon ak planifikasyon repons apre katastwòf nan moman sa.

2.7 Aktivite Enfrastrikti

DEO a ap ankouraje sou-benefisyè li yo pou antre nan mezi diminisyon risk nan aktivite rekonstriksyon yo lè l ba yo opòtinite pou eksplwate Pwogram Sibvansyon pou Diminisyon Risk la (Hazard Mitigation Grant Program, HMGP) ak finansman pou diminisyon risk Asistans Biblik (Public Assistance, PA) a sou pwojè ki kalifye pou CDBG-DR. Lè l bay opòtinite pou eksplwate resous yo epi priyorize pwojè ki kalifye yo ki antre nan estrateji diminisyon risk lokal nan tout konte a, plan amelyorasyon kapital ak lòt plan reyjonal yo, DEO a ap ankouraje avansman resistans alontèm a risk natirèl yo epi asire benefisyè yo ap alienen envestisman yo ak lòt pwojè amelyorasyon kapital lokal yo ansanm ak plan rekiperasyon ak diminisyon risk apre katastwòf lokal ak reyjonal yo.

DEO a ap ankouraje sou-benefisyè yo konsidere depans ak benefis pwojè a lè y ap chwazi pwojè ki kalifye pou CDBG-DR yo. Sa ap konplete lè l ankouraje sou-benefisyè yo pou fè yon evalyasyon pwòp tèt yo pou chak pwojè yo pwopoze epi chwazi pwojè ki bay pi gwo enpak la (yo) nan limit montan sibvansyon ki bidjetize a.

Tout pwojè yo pwopoze bay DEO yo ap sibi yon revizyon pou Favorize Lojman Ekitab (Affirmatively Furthering Fair Housing, AFFH) anvan apwobasyon. Revizyon sa ap genyen ladan I yon evalyasyon karakteristik demografik, sosyo ekonomik, risk ak enkyetid anviwònmantal zòn pwojè yo, ak lòt faktè materyèl pou detèminasyon AFFH la. Aplikasyon yo dwe montre ke pwojè yo gen chans pou diminye konsantrasyon rasyal, etnik, ak ti revni zòn yo, epi/oswa fè pwomosyon lojman bon mache nan zòn ki gen povrete, ki pa gen minorite e ki gen repons fèb kont risk natirèl ki lye ak enpak yo. DEO pral siveye chak pwogram pandan faz aplikasyon an, epi li pral fè analiz anplis pandan tout aplikasyon pwogram lan pou asire yo sèvi tout klas pwoteje yo kòmsadwa. Tout sou-benefisyè yo ap sètifye y ap favorize lojman ekitab nan akò sibvansyon yo a.

DEO a ap konte sou enjenyè pwofesyonèl sou-benefisyè yo ap bay pou anplwaye teknoloji ki ka adapte epi ki fyab pou garanti kont obsolesans premature enfrastrikti yo epi asire ke konstriksyon oubyen reyabilitasyon sistèm jesyon dlo siklòn nan zòn inondasyon yo ap diminye risk inondasyon alavni.

2.8 Eksplwate Fon yo

DEO a ankouraje sou-benefisyè yo eksplwayte fon CDBG-DR ak finansman lòt sous federal, eta, lokal, prive ak òganizasyon ki pa pou pwofi yo bay pou itilize fon ki limite CDBG-DR yo. Y ap ankouraje sa espesyalman pou pwogram racha pwopriyetè kay yo ansanm ak pwogram enfrastrikti yo. Lè I ankouraje gouvènman lokal yo itilize CDBG-DR la kòm yon ekivalan pou Pwogram Sibvansyon Diminisyón Risk FEMA ak pwogram Asistans Biblik pou Diminisyón risk la, kominate yo anmezi pou itilize pi byen toulede sous finansman sa yo paske souvan, gouvènman lokal yo pa peye ekivalan HMGP ak pwogram diminisyón risk PA a epi finansman CDBG-DR la ka ale pi lwen si li p ap finanse yon pwojè ann antye. DEO a ap repòte fon ki eksplwate yo nan sistèm DRGR la. Lè fon y ap eksplwate fon dapre Lwa Robert T. Stafford la, jan li amande a, eta a ap aplike politik ak pwosedi pou asire pa gen moun endividyièl ki resevwa benefis de fwa pou menm objektif la ak / oswa efò pou rekipere apre Siklòn Irma.

2.9 Pwoteksyon Moun ak Pwopriyete; Metòd Konstriksyon

Asistans lojman yo bay nan pwogram rekiperasyon apre katastwòf DEO a ap konstiwi ak konsantrasyon sou metòd ak materyèl konstriksyon bon kalite, ki dirab, epi ki pa konsome anpil enèji.

Metòd sa yo se nòm minimòm sa yo:

- Nòm konstriksyon yo ap baze sou Kòd Konstriksyon Florida e yo dwe reponn oubyen depase egzijans ki anvige a.
- Konstriksyon an ap respekte Nòm Konstriksyon Ekolojik pou tout nouvo konstriksyon biling rezidansyèl e pou tout ranplasman biling rezidansyèl ki domaje anpil (pa egzanp, kote depans reparasyon yo depase 50 pouzan depans ranplasman an) dapra Kowalisyon Konstriksyon Ekolojik Florida.
- Pou reyabilitasyon konstriksyon, eta a ap swiv Lis Verifikasyon Renovasyon Biling Ekolojik yo nan limit ki aplikab pou travay reyabilitasyon an fèt, ki genyen ladan I itilizasyon pwodwi ki rezistan ak mwazi lè y ap ranplase sifas tankou klwazon sèch. Lè yo ranplase pwodwi ki pi ansyen oubyen ki demode nan kad travay reyabilitasyon an, reyabilitasyon an egzije itilizasyon pwodwi ak aparèy ki gen etikèt ENERGY STAR, WaterSense oubyen ki deziyen pa Pwogram Jesyon Enèji Federal (Federal Energy Management Program, FEMP) oubyen lòt ekivalan.

DEO a ap etabli nòm konfòm pou konstriksyon. Kontraktè konstriksyon yo ap kalifye grasa yon envitasyon pou pwosesis apèl dòf. Pou asire konpetisyon konplè ak ouvè, yon envitasyon pou apèl dòf ap swiv 24 CFR 570.489(g) omwen. Kontraktè yo ap konfòme yo avèk seksyon 3 nan Lwa sou Lojman ak Developman Iben 1968 la (12. U.S.C. 1700lu), ak règleman aplikasyon nan 24 CFR pati 153. Kontraktè yo chwazi nan kad DEO yo ap asire moun ki gen revni ba ak revni trè ba espesyalman nan dirije opòtinite yo anfavè rezidan ak biznis lokal ki reponn a kalifikasyon

pwojè a. Kontraktè yo ap fè tout efò pou rekrite, vize, ak dirije opòtinite yo pou rezidan ak biznis nan Seksyon 3 ansanm ak enfòme rezidan Seksyon 3 yo sou opòtinite fòmasyon ki genyen. DEO ap bay kontraktè yo resous itil pou ogmante efò sa yo omaksimòm ki gen ladan, men se pa sèlman, yon Rejis Biznis Seksyon 3, ak egzanp fòmasyon ak posiblite pou travay. Se DEO a k ap kontwole pwosedi akizisyon kontraktè yo.

Kontraktè, sou-kontraktè, founisè materyèl, travayè ak pwofesyonèl gen dwa aplike reklamasyon pou peman travay, materyèl, ak / oswa sèvis ki poko peye kont pwopriyete reyèl amelyore, dapre Iwa Florid (Chapit 713, Pati I nan Lwa Florid yo). Yo rele reklamasyon sa a yon dwa privilèj pou konstriksyon epi pa ka anile davans dapre Iwa Florida a. Si yon privalèj konstriksyon ki aplikab legalman kont rezidans prensipal yon aplikan lakòz nenpòt ki pwojè konstriksyon anba pwogram rekiperasyon dezas DEO a, Depatman an ap asire liberasyon ak satisfaksiyon privalèj konstriksyon ki aplikab legalman an atravè kosyon ak/oswa ranbousman privalèj la nan non mèt pwopriyete a.

DEO pral egzije yon peryòd garanti apre konstriksyon an pou lojman ki gen yon kontraktè k ap fè tout travay yo garanti pou yon peryòd ennan.

Jan li te endike nan Rejis Federal la, fon CDBG-DR yo entèdi pou yo itilize yo pou agrandi yon baraj oubyen kè pi lwen pase limit orijinal estrikti ki egziste deja anvan katastwòf la. DEO a ap asire ke si sou-benefisyè a itilize fon CDBG-DR yo pou kè ak baraj, sou-benefisyè yo ap (1) anrejistre epi kenbe done konsènan estrikti sa nan Bazdone Kè, Kò Enjenyè Nasyonal, Lame Ameriken oubyen Envantè Baraj Nasyonal, (2) asire ke estrikti sa admi nan Pwogram PL 84-99 (Pwogram Reyabilitasyon ak Amelyorasyon Kè yo) Kò Enjenyè Lame Ameriken, epi (3) asire estrikti a akredite nan Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal FEMA a. DEO a ap telechaje plas egzak estrikti a nan sistèm DRGR a zòn estrikti a sèvi epi pwoteje epi kenbe dosye dokimantasyon ki demontre benefisyè a te fè yon evalyasyon risk anvan finansman estriti kontwòl inondasyon an e envestisman an genyen ladan I mezi rediksyon risk.

2.10 Revni Pwogram nan

Eta a prevwa li ka jenere revni nan pwogram nan nan kad aktivite ki otorize dapre alokasyon sa. Si ta gen fon ki kreye, rekiperasyon fon yo ki genyen ladan yo, revni pwogram nan, ranbousman ak rabè, ap itilize anvan yo chèche lòt fon CDBG- DR yo. Montan sa yo ap anrejistre epi fè swivi nan sistèm kontablite eta a epi anrejistre nan sistèm DRGR la. Sistèm DRGR la egzije benefisyè yo itilize revni pwogram nan anvan yo chèche lòt fon sibvansyon, epi asire revni pwogram nan yon moun kenbe p ap afekte demand sibvansyon lòt sou-benefisyè yo. Y ap egzije sou-benefisyè yo repòte revni pwogram nan chak trimès e y ap soumèt ak règ, règleman ak gid HUD ki anvige yo. Retansyon revni pwogram nan ap fèt nan konfòmite ak akò sou-sibvansyon an.

2.11 Nòm ak Pwosedi pou Kontwòl

Eta a te adopte nòm kontwòl ansanm ak pwosedi pou (i) asire ke egzijans pwogram yo (ki enkli pa bay doublé benefis) respekte, epi (ii) bay sipèvizon pou asirans kalite ak pwogram ki konvenab. Nòm ak pwosedi sa yo antre nan Plan mizanplas anvan-otorizasyon, jan Rejis Federal la mande I la. Se DEO avèk sipò yon vandè ekstèn, ke yo jwenn atravè yon solisitasyon konkiran syèl, ki pral fè kontwòl la pou asire ke pwogrè aktivite pwogram yo ale nan sans pou konplete alè epi pou pèmèt yo idantifye pwoblèm yo bonè pou yo ka evite oubyen korije yo.

Kontwòl la ap genyen ladan I tou konfòmite anviwònmantal dapre 24 CFR Pati 58. DEO a genyen anplwaye kounye a ki pral sipèvize konfòmite anviwònmantal. Anplis, pèsonèl li genyen kounye a ap ogmante ak vandè ekstèn ke y ap anboche atravè solisitasyon sou konpetisyon.

Pwogram kontwòl Rekiperasyon apre Katastwòf DEO a genyen ladan I siveyans biwo ak kontwòl souplas ak priyorite ak frekans ki baze sou rezulta evalyasyon yon risk chak sou-benefisyè. Objektif evalyasyon risk la se pou

defini nivo ak konsantrasyon efò kontwòl yo, tankou etabli yon kad pou detèmine nivo kontwòl apwopriye ki annakò ak resous ki disponib yo. Anplis, y ap egzije evalyasyon risk la nan chak ane fiskal eta a pou garanti gen revizyon kontini risk yo. Kontwòl DEO a ap baze sou kritè ki konfòm ak enstriksyon HUD a nan pwogram evalyasyon risk la. Evalyasyon risk la founi baz pou devlopman estrateji kontwòl endividyèl epi dokimante desizyon ak rekòmandasyon konsènan ki kote pou mete anplwaye ak resous vwayaj pou kontwòl, fòmasyon ak/oswa asistans teknik.

Oditè Jeneral Florida a ak pèsonèl la ap aji antanke oditè endepandan Eta a epi fè odit fiskal pou kont ak dosye ajans Eta yo. Lè sa aplikab, politik ak pwosedi kontab DEO a dwe koresponn ak egzijans Biwo Oditè Jeneral la.

Eta Florida angaje l nan prevansyon fwod, gaspiyaj a abi. Enspektè Jeneral Biwo DEO a sèvi kòm oditè entèn DEO. Vandè ekstèn ke yo rekrite grasa solisitayon nan konpetisyon ka soutni odit entèn ki asosye avèk finansman Rekiperasyon apre Katastwòf. Y ap pran tout ka fwod yo sisplèk oserye e plent y ap rapòte yo nan Biwo DEO Enspektè Jeneral la nan OIG@deo.myflorida.com oswa 1-855-456-0650. Si Biwo Enspektè Jeneral la gen rezon valab pou kwè gen yon vyolasyon lwa penal, Biwo a ap fè rapò rapidman bay ajans ki fè respekte lalwa ki konsène a.

2.12 Enfrastrikti Wo Debi

Reyabilitasyon lojman ak kat oubyen plis inite pou lwe nan yon biling ka finanse dapre Plan Aksyon sa. Si yo ta akòde sibvansyon pou aktivite sa dapre pwogram eta a, DEO a ap konfime pou yo enstale entènèt wo debi, jan yo egzije l la.

3.0 PWOJÈ AK AKTIVITE

3.1 Metòd Distribisyon

Fon yo ap itilize sèlman pou depans nesesè ki lye ak soulajman apre katastwòf, rekiperasyon alontèm, restorasyon lojman, enfrastrikti, ak relans ekonomik akoz Siklòn Irma jan li deklare nan DR-4337. Pou priyorize finansman ki limite nan zòn ki gen pi gwo domaj yo, pwogram asistans pou rekiperasyon apre katastwòf DEO a te mete aksan nan Plan Aksyon sa ap limite a konte (ak minisipalite ki nan konte sa yo) ki resevwa deklarasyon Asistans Endividyl (Individual Assistance, IA) FEMA a anplis deklarasyon Asistans Piblik (Public Assistance, PA) a.

Lè yo resevwa yon deklarasyon IA anplis yon deklarasyon PA, sa endike konte a genyen yon kantite domaj pou lojman anplis enfrastrikti piblik. Konte sa yo ap resevwa ni asistans IA ak PA:

TABLE 37: KONTE KI DEKLARE IA AK PA NAN FLORIDA

Konte ki Deklare IA ak PA nan Florida			
Alachua	Flagler	Levy	Polk
Baker	Gilchrist	Manatee	Putnam
Bradford	Glades	Marion	Sarasota
Brevard	Hamilton	Martin	Seminole
Broward	Hardee	Miami-Dade	St. Johns
Charlotte	Hendry	Monroe	St. Lucie
Citrus	Hernando	Nassau	Sumter
Clay	Highlands	Okeechobee	Suwannee
Collier	Hillsborough	Orange	Union
Columbia	Indian River	Osceola	Volusia
DeSoto	Lafayette	Palm Beach	
Dixie	Lake	Pasco	
Duval	Lee	Pinellas	

Jan Rejis Federal Vol. 83, Nim. 157, ki pibliye madi 14 out 2018 la egzije l la, DEO a ap itilize 80 pouzan alokasyon an pou abòde tout bezwen ki pa satisfè HUD idantifye nan zòn ki Pi Afekte e ki Pi nan Difilikte yo (MID). 80 pouzan zòn MID idantifye se konte Monroe, Miami-Dade, Duval, Lee, Polk, Collier, Brevard, Broward, Orange, Clay, Hillsborough, Osceola, Palm Beach, St. Lucie ak Volusia; KOD postal 34266, 32136, 32091, 32145, 32084, 32771, 33935, 33440, 33523, 33825 ak 33870 ak jiridiksyon ki nan konte yo.

Rejis Federal la egzije pou 70 pouzan nan tout sibvansyon CDBG-DR akòde a itilize pou aktivite ki benefisyé moun ki gen revni fèb ak revni modere yo. DEO a ap asire jan yo egzije epi idantifye l nan Rejis Federal la, ke omwen 70 pouzan nan tout sibvansyon yo akòde pou Rekiperasyon apre Katastwòf CDBG a ap itilize pou aktivite ki benefisyé moun ki gen ti revni ak revni mwayen.

3.2 Bidjè Pwogram nan

DEO se ajans prensipal ak antite ki responsab pou jere fon \$812,235,745 Sibvansyon Blòk Developman Kominotè pou Rekiperasyon apre Katastwòf (CDBG-DR) ki distribye bay eta a pou rekiperasyon an. Dapre Rejis Federal la, total depans endirèk akimile DEO a, asistans pou depans administratif ak teknik yo p ap depase 5 pouzan nan total sibvansyon an (\$40,611,787.25) plis revni pwogram nan. DEO a ap limite depans yo a yon maksimòm 20 pouzan nan montan total sibvansyon an sou yon konbinezon planifikasyon endirèk ak depans administrasyon pwogram nan. Bidjè total DEO a pou depans administrasyon yo se \$ 38,679,900 ak \$500,000 pou depans planifikasyon. Depans planifikasyon yo sijè a 15 pouzan previzyon se sa yo ki defini nan atik 42 U.S.C. 5305(A)(12). Depans administrasyon Eta ak lokal la prevwa a 5 pouzan total la pa règlemantasyon federal la. Eta a ap bay lòt enstriksyon pou sou-benefisyè yo konsènan montan fon administratif ki disponib pou yo. Depans livrezon pwojè ki kalifye yo prevwa antre kòm yon pòsyon alokasyon finansman sibvansyon yo bay chak sou-benefisyè. Sou-benefisyè yo ap responsab pou swiv epi kontwole depans sa yo kòrèkteman ki pa ka antre nan kad distribisyon sibvansyon jeneral la bay chak pwojè endividyèl oubyen aplikan endividyèl jan li aplike a.

Bidjè pwogram nan repati konsa:

Bidjè Pwogram lan									
Pwogram	Bidjè Total	Repatisyon Bidjè MID		Rezèv Minimòm pou Keys	Rezèv Minimòm pou Nouvou MID yo	Estimasyon Alokasyon LMI	Prim Maksimòm	Prim Pa Inite An Mwayèn	Estimasy on Kantite Inite**
		80 %	20 %						
Bidjè LOJMAN									
Pwogram Reparasyon Lojman	\$536,070,415.84	\$428,856,332.67	\$107,214,083.17	\$516,832,357.53	\$51 856 347	90%	\$350 000 Konte Monroe \$650 000	\$45 000	3 500
Pwogram Nuevo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv: Mobilizasyon Lòt Sous Finansman	\$120,000,000	\$96,000,000	\$24,000,000	\$120,000,000	PA APLIKAB	100 %	\$12 000 000	\$60 000	1 670
Pwogram Nuevo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv: Developman Ti Lojman pou Lwe	\$20,000,000	\$16,000,000	\$4,000,000	\$20,000,000	PA APLIKAB	100 %	\$7 000 000	\$125 000	160
Pwogram Reyachte Kay Volontè a	\$28,626,309.33	\$22,901,047.46	\$5,725,261.87	\$43,663,617.33	PA APLIKAB	50 %	\$5 000 000	\$225 000	300

Plan Aksyon Eta Florida pou Rekiperasyon apre Katastwòf

Bidjè REVITALIZASYON EKONOMIK									
Fòmasyon pou Rekiperasyon Mendèv	\$12,607,765	\$10,086,212	\$2,521,553	PA APLIKAB	PA APLIKAB	100 %	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB
Bidjè ENFRASTRIKI									
Pwogram pou Repare nan Enfrastriki Sik Aplikasyon Konkiransyèl	\$55,751,354.83	\$44,601,083.86	\$11,150,270.97	PA APLIKAB	*Sa yo fè pati 80%	25%	Wonn 1: N/A Wonn 2: \$140,839,905	PA APLIKAB	PA APLIKAB
ADMINISTRASYON ETA AK LOKAL									
Administrasyon (5%)	\$38 679 900	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB
Planifikasyon	\$500,000	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB
TOTAL	\$812 235 745	\$649,788,596	\$162,447,149	\$95 000 000	\$51 856 347				

Yo pral depanse uit poustan nan chak alokasyon yo bay pwogram ki nan lis anba la anndan kominote HUD idantifye kòm kominote ki plis afekte ak plis an detrè yo. Finansman an ki gen ladan kòm yon minimòm yo rezève pou Konte Monroe a se yon souzansanm nan 80 poustan yo pral depanse nan kominote ki plis afekte ak plis an detrè yo. Yo pral depanse rès 20 poustan nan kominote eta idantifye kòm kominote ki plis afekte ak plis an detrè yo, ke yo mete nan lis ki nan tablo anwo a.

*Yo kalkile kantite inite yo estime yo baze sou sipozisyon ke montan prim pa inite a pral varye soti nan prim yo estime an mwayèn lan rive \$350 000 prim yo estime omaksimòm lan. Y ap awondi kantite inite yo estime nan bidjè pwojè sa a pou pèmèt gen fleksibilite ak nenpòt enpresizyon ki ka genyen nan estimasyon nou yo. Yon fwa DEO resevwa done ki pi egzakt yo, y ap mete bidjè pwogram lan ajou pou l reflete vrè pri ak kantite inite yo nan fason egzakt. Y ap mete ajisteman sa yo nan modifikasyon plan dakson alavni yo. Evalyasyon bezwen ki pa satisfè yo demonstre ke majorite bezwen ki pa satisfè yo gen rapò ak lojman. Kidonk, pi plis alokasyon finansman an pral reponn a rès bezwen lojman ki pa satisfè ki rete yo.

Deskripsyon pwogram lan ki anba la pral bay plis detay sou fason chak pwogram pral distribiye finansman an epi satisfè Objektif Nasyonal HUD yo. DEO pral fè respekte nòm jesyon, kontwòl, ak sipèvizyon pwogram lan ki nesesè pou asire konfòmite ak egzijans eta ak federal yo.

Plan Aksyon Eta Florida pou Rekiperasyon apre Katastwòf

Aktivite Pwogram ian	Novanm 4, 2019 Bidjè Pwogram	Mas 6, 2020 Amande Pwogram Bidjè	Jen 5, 2020 Amande Pwogram Bidjè	Oktòb 23 , 2020 Amande Pwogram Bidjè	Out 5, 2021 Amande Pwogram Bidjè	Jen 21, 2022 Amande Pwogram Bidjè	Fevriye 20, 2023 Amande Pwogram Bidjè	4 me 2023 Amande Pwogram Bidjè	kantite lajan ajiste
Pwogram Reparasyon Lojman	\$ 346,186,147	\$ 346,186,147	\$ 346,186,147	\$ 346,186,147	\$516,832,357.53	\$533,522,115.53	\$535,365,006.53	\$536,070,415.84	+\$705,409.31
Pwogram Nouvo Konstriksyon pou Lwaye Bon Mache pou Mendèv: Eksplwatasyon Lòt Sous Finansman	\$ 100,000,000	\$ 100,000,000	\$ 120,000,000	\$ 120,000,000	\$ 120,000,000	\$ 120,000,000	\$ 120,000,000	\$ 120,000,000	-
Pwogram Nouvo Konstriksyon pou Lwaye Bon Mache pou Mendèv: Devlopman Ti Lojman pou Lwaye	\$ 20,000,000	\$ 20,000,000	\$ 20,000,000	\$ 20,000,000	\$ 20,000,000	\$ 20,000,000	\$ 20,000,000	\$ 20,000,000	-
Akizisyon Teren pou Lojman Bon Mache pou Mendèv	\$ 20,000,000	\$ 20,000,000	-	-	-	-	-	-	-
Pwogram Racha Kay Volontè	\$ 75,000,000	\$ 44,117,239	\$ 44,117,239	\$ 44,117,239	\$43,663,617.33	\$28,626,309.33	\$28,626,309.33	\$28,626,309.33	-
Fòmasyon Mendèv pou Rekiperasyon	\$ 20,000,000	\$ 14,450,656	\$ 14,450,656	\$ 14,450,656	\$ 14,450,656	\$ 14,450,656	\$12,607,765	\$12,607,765	-
Sibvansyon pou Rekiperasyon Biznis	\$ 66,000,000	\$ 39,137,963	\$ 40,839,905	-	-	-	-	-	-
Pwogram pou Repare nan Enfrastrikti	\$ 85,819,653	\$ 149,113,795	\$ 186,049,598 ³³	\$226,889,503	\$56,696,914.14	\$56,456,764.14	\$56,456,764.14	\$55,751,354.83	-\$705,409.31
Administrasyon (5%)	\$ 38,679,900	\$ 38,679,900	\$ 38,679,900	\$ 38,679,900	\$ 38,679,900	\$ 38,679,900	\$ 38,679,900	\$ 38,679,900	-
Planifikasyon	\$ 1,912,300	\$ 1,912,300	\$ 1,912,300	\$ 1,912,300	\$ 1,912,300	\$500,000	\$500,000	\$500,000	-
Total	\$ 773,598,000	\$ 773,598,000	\$ 812,235,745	\$ 812,235,745	\$ 812,235,745	\$ 812,235,745	\$ 812,235,745	\$ 812,235,745	-

³³ On January 27, 2020, HUD released federal guidance for an additional \$38,637,745 to Florida through CDBG-DR funds to support long-term recovery from Hurricane Irma. Substantial Amendment 9, submitted to reflect the additional allocation to address unmet infrastructure needs, was approved by HUD on June 1, 2020.

Modifikasyon Non-Sibstansyèl, Revizyon Nimewo 8 nan Plan Daksyon pou Retablisman Apre Katastwòf Eta Florid la- Ouragan Irma, yo te soumèt bay HUD nan dat 6 mas 2020, kote yo te reyatribiye \$61 592 200 ki soti nan Pwogram Reyachte Kay Volontè a (VHB), Pwogram Fòmasyon pou Rekiperasyon Mendèv la (WRTP), ak Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis lan (BRGP) pou al nan Pwogram pou Repare ak Redui Dega nan Enfrastrikti a ki nesesè pou reponn a bezwen enfrastrikti ki poko satisfè yo apre pasaj Ouragan Irma.

Yo te lanse Pwogram Reparasyon Enfrastrikti a avèk \$85 819 653 pou finanse pwojè amenajman ak amelyorasyon enfrastrikti nan kominote Ouragan Irma te afekte yo. Konte, minisipalite, distri jesyon dlo ak otorite dlo ki sitiye nan zòn ki plis afekte ak plis an detrès (MID) ki te sibi dega Ouragan Irma a yo ap elijib pou yo aplike pou finansman.

Pandan peryòd 90 jou premye aplikasyon an, Pwogram Reparasyon Enfrastrikti a te resevwa 42 aplikasyon ki rive \$175 milyon ototal nan kantite lajan fon CDBG-DR yo mande. Nan dat 30 janvye 2020, Pwogram Reparasyon Enfrastrikti Rekonstwi Florid la te atribiye \$84,3 milyon bay 21 kominote. Reparasyon Enfrastrikti Pwogram lan te resevwa aplikasyon pou pwojè jesyon dlo lapli, pwojè jesyon egou yo, ak pwojè jesyon dlo ki dirèkteman afekte lojman ak rezidan ki nan komite Ouragan Irma te afekte yo. Yon antite ki pa te an mezi resevwa finansman gen tiyo drenaj yo ki te bloke akoz twòp debri ki soti nan Ouragan Irma ansanm ak dega ki te fèt nan twotwa ak tèren ki sitiye nan limit 1,5 mil de 838 inite apatman miltifamilyal ki resevwa èd nan men HUD.

Akoz mank finansman, sik aplikasyon konpetitif Pwogram Reparasyon Enfrastrikti a te mete restriksyon sou chak Inite Gouvènman Lokal (UGLG) pou chak antite depoze sèlman yon aplikasyon. Akoz de sa, DEO pa te an mezi finanse ranplasman yon pon pyeton kominotè ke elèv elemantè yo bezwen pou yo travèse kanal la pou y al lekòl paske gouvènman Konte a te soumèt yon aplikasyon pou yon lòt pwojè. Gras a finansman CDBG-DR anplis sa, Pwogram Reparasyon Enfrastrikti a pral kapab finanse plis pwojè pou sipòte lojman, reparasyon dega epi kreye rezistans toupatou nan zòn Ouragan Irma te afekte yo.

Yo pa te depoze ase aplikasyon nan sik aplikasyon pou Pwogram Reyachte Kay Volontè a (VHB) ak Pwogram Fòmasyon pou Rekiperasyon Mendèv la (WRTP). VHB te finanse toule 11 pwojè yo te soumèt pou konsiderasyon yo pou \$44 117 238,92 ototal. Yo pral reyatribiye rès \$30 882 761 pou Pwogram pou Repare nan Enfrastrikti a pou reponn a bezwen enfrastrikti ki poko satisfè yo apre pasaj Ouragan Irma. WRTP pral finanse pwojè yo pou \$14 450 656 ototal nan \$20 000 000 yo te atribiye pou pwogram WRTP a avan. Yo pral atribiye rès \$5 549 344 ki rete a pou Pwogram pou Repare nan Enfrastrikti.

Apre yo te resevwa kòmantè nan men plizyè kominote kote yo te fè konnen yo gen plis bezwen èd pou Repare ak Redui Dega nan Enfrastrikti, Eta Florid swete reyatribiye \$25 160 095 k ap soti nan Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis lan pou al nan Pwogram pou Repare nan Enfrastrikti.

Amannman non-Sibstansyèl 11 nan Plan Aksyon Eta Florida pou Rekiperasyon pou Katastwòf - Siklòn Irma, soumèt bay HUD le 5 jen 2020, re-atribiye \$ 20,000,000 soti nan Pwogram Akizisyon Tè pou Lojman a Mendèv Abòdab bay Nouvo Pwogram Konstriksyon Lwaye a Mendèv Abòdab la: Ogmante Lòt Sous Finansman. Selon direketiv HUD swivi pa yon revizyon Plan Aksyon Rapò (DRGR) Sibvansyon Rekiperasyon Dezas Siklòn Irma a, yo te retire Pwogram Akizisyon Tè pou Lojman a Mendèv Abòdab la kòm yon pwogram separe nan tablo Bidjè Pwogram nan. Pwosesis aktyèl akizisyon tè a fèt kòm yon pati nan Nouvo Pwogram Konstriksyon Lwaye a Mendèv Abòdab la: sipòte lòt sous finansman ak pa oblige gen yon pwogram bidjè separe.

Apre revizyon done biznis aktyèl yo, Eta Florid te soumèt Amannman Sibstansyèl 14 bay HUD sou Out 23, 2020 pou retire Pwogram Sibvansyon Rekiperasyon Biznis lan epi re-asiyen yon total \$ 40,839,905 nan Pwogram Reparasyon Ensfrastrikti an. Sik aplikasyon dezyèm faz Pwogram Reparasyon Ensfrastrikti an te demare avèk \$100,229,945. Pwogram nan te resevwa 71 aplikasyon pou mande yon total \$ 304,168,950 nan finansman (sou-abònman \$ 204,168,950) pou repare tretman gaspiyaj dlo ak enstalasyon dlo potab, retire debri nan kanal, ak lòt

pwojè ki afekte dirèkteman lojman ak rezidan nan zòn Siklòn Irma a afekte yo . \$ 40,8 milyon adisyonèl nan finansman CDBG-DR la pral pèmèt Pwogram Reparasyon Enfrastrikti a finanse pwojè adisyonèl pou sipòte lojman, reparasyon domaj ak kreye fleksibilité nan tout zòn – Siklòn Irma afekte yo.

Amannman sibstansyèl 17 nan Plan Aksyon Eta Florid pou Rekiperasyon Dezas — Siklòn Irma, Soumèt bay HUD le 8 septanm 2021, 2021 re-asiyen \$ 170,192,588.86 nan Pwogram Reparasyon Enfrastrikti, ak \$ 453,621.67 nan Pwogram Acha Volontè Kay, total \$ 170,646,210.53, nan Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an.

Faktè tankou depans k ap monte nan materyèl ak konstriksyon akòz enpak endistriyèl yo nan dènye katastwòf nasyonal tankou COVID-19 ki gen rapò ak pwoblèm pwodiksyon, yo te lakòz alokasyon orijinal la nan finansman nan aktivite HRRP yo te mwens efikas pase sa ki te antisipe nan koumansman an.

Nan lòd pou diminye pwoblèm sa yo ak sèvi plis elektè nan HRRP a, DEO yo pral deplase yon gwo pòsyon nan pwojè Pwogram Reparasyon Enfrastrikti Irma bay Pwogram Enfrastrikti Jeneral DEO pou CDBG-MIT yo. Pwojè yo idantifye pou Pwogram enfrastrikti jeneral CDBG-MIT faz III a te orijinèlman evalye ak klase pou pwogram reparasyon enfrastrikti CDBG-DR Irma. Tout pwojè transfere yo te chwazi konpetitivman atravè pwosesis pwogram enfrastrikti CDBG-DR Irma. Kondisyon de baz yo gen ladan yo satisfè tout kritè kalifikasyon pwogram CDBG-MIT enfrastrikti jeneral yo.

Amannman 19 ki pa sibstansyèl nan Plan Aksyon Eta Florid pou Rekiperasyon Dezas—Siklòn Irma, ki te soumèt bay HUD nan dat 1ye jiyè 2022, reyafè yon total \$16,689,758 nan Acha Volontè Kay (\$15,037,308), Enfrastrikti (\$24), ak Planifikasyon (\$24).1. \$1,412,300) bidjè pou Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an pou satisfè bezwen lojman ki pa satisfè prevwa yo idantifye pou HRRP a.

Re-alokasyon bidjè pwogram sa a pral kontribye avèk ogmantasyon pwevizon pwogram lojman an.


Amannman 21 ki pa sibstansyèl nan Plan Aksyon Eta Florid pou Rekiperasyon pou Katastwòf, ki te soumèt bay HUD 20 fevriye 2023, re-afèktes \$1,842,891 nan pwogram Fòmasyon Rekiperasyon Mendèv la nan Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an pou yo ka adrese bezwen lojman ki pa satisfè.

Amannman 22 ki pa sibstansyèl nan Plan Aksyon an, ki te soumèt bay HUD nan dat 4 me 2023 la te relocate \$705,409.31 nan Pwogram Reparasyon Enfrastrikti nan Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman pou adrese bezwen lojman ki pa satisfè.

3.3 Baz pou Alokasyon yo

Nan konsiderasyon evalyasyon bezwen ki pa satisfè yo ak egzijans HUD yo epi pou priyorize finansman ki limite nan zòn ki gen pi gwo domaj yo, pwogram asistans pou rekiperasyon apre katastwòf DEO a te mete aksan nan Plan Aksyon sa ap limite pou pwopriyetè kay, pwopriyetè ti pwopriyete lwave yo, Otorite Lojman Biblik ak gouvnènman lokal nan konte (ak vil ki nan konte sa yo) ki resevwa deklarasyon Asistans Endividyèl (Individual Assistance, IA) FEMA a anplis deklarasyon Asistans Biblik (Public Assistance, PA) a. Limit pwogram nan yo mete aksan nan Seksyon 16 la deklare pwojè oubyen pwogram yo dwe sipòte lojman LMI prensipalman.

Rezime Enpak ak Bezwèn ki pa Satisfè yo



Rezime Enpak ak Bezwèn ki Pa Satisfè yo				
Rezime Enpak/Sipò	Lojman	Enfrastrikti	Ekonomi	Total
Kantite Enpak yo Estime	\$9,078,545,706	\$3,822,535,087	\$3,631,322,666	\$16,532,403,459
Kantite Fon ki Disponib	\$2,357,387,008	\$2,960,187,503	\$866,054,771	\$6,183,620,282
Bezwèn ki pa Satisfè	\$6,721,158,698	\$862,356,583	\$2,765,267,895	\$10,348,783,176
Pousantaj Bezwèn Total ki pa Satisfè	64.91%	8.34%	26.72%	100,00%

3.4 Detay Pwogram yo

3.4.1 Aktivite Lojman

Bezwen ki pa satisfè yo nan Florida akoz Siklòn Irma pi plis pase lajan asistans pou lojman ki disponib yo. vi federal (FR-6109-N-01) an egzije eta yo konsidere epi abòde bezwen lojman ki pa satisfè yo prensipalman. Pou abòde bezwen sa yo, DEO a pwopoze pwogram sa yo ki dekri nan plis detay anba a:

- Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman
- Pwogram Nouvo Konstriksyon pou Lwave Bon Mache pou Mendèv
- Pwogram Racha Kay Volontè

HUD a egzije DEO a defini kisa ki t ap yon inite lojman « ki pa apwopriye pou reyabilitasyon. DEO a defini tèm «ki pa apwopriye pou reyabilitasyon » an kòm youn nan definisyon sa yo:

1. Pwopriyete rezidansyèl ki te gen pèt repete nan Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal (NFIP) FEMA a.
2. Mezon yo konsidere kòm kalite enferyè e ki pa reponn a nòm reyabilitasyon pwogram lojman pou rekiperasyon an ak/oswa nòm federal, eta, egzijans kòd lokal yo pa jije konvenab pou reyabilitasyon, jan pwogram nan detèmine I la e nan konfòmite ak enstriksyon pwogram yo. Yon estrikti pa apwopriye pou reyabilitasyon si pri reparasyon an pa rezonab sou baz estanda pwogram yo jan sa presize nan Gid Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman pou Lojman yon Sèl Fanmi ak Pwopriyete lokasyon.

Pliske DEO a idantifye sit pwojè yo a konte ak kominate yo, DEO a ap kowòdine ak VOAD yo (Voluntary Organizations Active in Disaster: Òganizasyon Volontè ki Aktiv nan Katastwòf yo) ak Ajans Konsèy Lojman yo pou bay lòt sipò ak sèvis jan li nesesè pou pwopriyetè kay ak lokatè yo. DEO a ap asire sansibilizasyon pou HCA yo pou asire ke tout moun ki bezwen asistans, resevwa li.

Verifikasyon Depans

Antanke benefisyè fon Federal, DEO responsab asire depans aktivite li yo rezonab ak nesesè. Pwopriyete ki gen reparasyon ak/oswa estimasyon depans pou elevasyon ki egal a oswa ki depase 75% rekonstriksyon oswa ranplasman kay konparab jan li detèmine nan pwosedi operasyon ak règleman estanda yo ap bay pwopriyetè kay yo opsyon pou yo chwazi rekonstwi oswa ranplase yon kay. Pwopriyete ki gen reparasyon ak/oswa estimasyon depans pou elevasyon ki egal a oswa ki depase yon rekonstriksyon oswa ranplasman konparab ap rete nan rekonstriksyon oswa ranplasman kòm solisyon ki pi ekonomik. Sityasyon kote ranplasman, rekonstriksyon ak/oswa elevasyon pral nesesè gen ladan:

- Yo ka ranplase oswa rekonstwi kay ki te deja demoli.
- Yo ka ranplase oswa rekonstwi kay jiridiksyon lokal la kondane (make an wouj).
- Yo ka ranplase oswa rekonstwi kay ki gen estrikti ki danjere oswa ki gen lòt eta ki fè li danjere oswa enposib pou anpliwaye pwogram lan fè enspeksyon enteryè.
- Jan sa endike nan Plan Dakson an, reparasyon yon Inite Lojman Mobil/Prefabrike (Mobile/Manufactured Housing Unit, MHU) ki gen plis pase 5 lane epi/oswa ki plis pase \$15,000 valè reparasyon pou siklòn Irma pa posib epi ranplasman yo jistifye.
- Si yon jiridiksyon lokal te emèt yon gwo detèminasyon domaj pou yon kay ki andedan plèn inondab 100 ane, y ap rekonstwi ak fè elevasyon kay la.
- Si jiridiksyon lokal la te emèt yon gwo detèminasyon amelyorasyon pou yon kay ki andedan plèn inondab 100 ane, yo dwe fè elevasyon kay la.
- Y ap rekonstwi ak fè elevasyon kay sou dal (slab-on-grade) ki merite elevasyon. Reparasyon p ap yon opsyon.
- Y ap ranplase ak yon inite lojman modilè elve dapre nòm pwogram lan inite kay mobil k ap merite elevasyon anplis wotè enstalasyon estanda a.

Pwopriyete lokasyon ki gen senk inite oswa plis konsidere kòm pwojè multifamilyal. DEO pral evalye tout pwojè a pou wè si depans yo rezonab pou detèmine si reyabilitasyon oswa rekonstriksyon nan pwopriyete a nesesè. Pwopriyetè pwopriyete a ka oblige bay dokiman anplis tankou divilgasyon devlopman ki prevwa pou pi devan, ansanm ak pwojeksyon pri, rapò jeni oswa lòt dokiman ki nesesè pou pran desizyon sa a.

Y ap teni kont de rantabilite pou tout pwojè reyabilitasyon rezidansyèl, rekonstriksyon ak/oswa nouvo konstriksyon lojman ki gen 8 inite oswa plis. DEO ak benefisyè li yo ap tabli règleman ak pwosedi pou evalye rantabilite chak pwojè yo pwopoze antreprann ede yon fwaye nan kad nenpòt pwogram reyabilitasyon rezidansyèl, rekonstriksyon oswa nouvo konstriksyon. Règleman yo ak pwosedi yo ap teni kont de kritè pou detèmine kilè pri reyabilitasyon, rekonstriksyon oswa nouvo konstriksyon inite a p ap rantab parapò ak lòt mwayen pou ede pwopriyete a. Règleman ak pwosedi sa yo ap swiv Rejis Federal Vol. 83, Nimewo 157 la konsènan Rantabilite Reyabilitasyon ak Rekonstriksyon.

3.4.2 Pwogram Reparasyon Lojman

Reparasyon ak Ranplasman Lojman

Pwogram Reparasyon Lojman an se yon pwogram reyabilitasyon oubyen ranplasman ki santralize pou fanmi ki gen ti revni ak revni mwayen yo ki te afekte pa Siklòn Irma. DEO a ap jere epi komplete pwosesis konstriksyon an pou reyabilitasyon oubyen rekonstriksyon kay ki domaje yo nan non moun ki aplike ki kalifye yo. Avèk èd anplwaye ak founisè yo, eta a ap travay ak yon ansanm kontraktè ki kalifye pou repare, rekonstwi oubyen ranphase pwopriyete ki domaje yo. Pwogram nan ap peye kontraktè yo dirèkteman epi yo p ap bay pwopriyetè kay yo okenn fon. Aplikan yo p ap chwazi pwòp kontraktè yo. Y ap mande moun k ap aplike yo pou antre nan akò ak tèm ak kondisyon pwogram eta a te mete anplas la. Pwogram sa ouvè pou tout pwopriyetè kay, pwopriyetè imèb pou lwe ak kondisyon ke yo dakò pou respekte egzijans sou pri abòdab yo. Inite pou lwe yo dwe abòdab jan li prevwa nan avi Rejis Federal la. Si yo okipe kounye a, lokatè yo ap genyen opòtinite pou demenaje ankò nan inite a oubyen nan inite ki kreye ak lòt aktivite CDBG-DR yo.

DEO a pwopoze aktivite asistans lojman sa yo dapre pwogram sa:

- Reparasyon, rekonstriksyon oubyen ranplasman inite lojman ki domaje pa Siklòn Irma, ki ka tankou mete kay la nan konfòmite ak kòd epi diminye risk kont enpak siklòn alavni, tankou elevasyon.
- Finisyon travay nan kay ki te repare a mwatye.
- Reparasyon oubyen ranplasman kay pre-fabrike, modilè ak mobil ki te afekte pa Siklòn Irma.
- Èd pou Lojman Tanporè sou baz bezwen pwopriyetè kay endividiyèl yo ak patisipasyon yo nan Pwogram Reparasyon Lojman an.
- Èd pou Lojman Tanporè sou baz bezwen lokatè endividiyèl yo ak patisipasyon yo nan Pwogram Reparasyon Lojman an.
- Akizisyon inite lojman ki domaje anpil pou redvelopman lojman oubyen racha pwopriyete ki domaje anpil yo ka konsidere tou.

*Eta a ak sou-benefisyè li yo prevwa minimize deplasman moun oubyen antite yo epi ede sila yo ki deplase yo nan kad mizanplas yon pwojè ki gen fon CDBG-DR yo. Si yon pwojè ta lakoz deplasman, DEO a ap swiv URA a ak Lwa sou Politik Akizisyon Pwopiriyete a pou asire yo reloje nan kote ki gen sekirite epi ki salitè. Politik eta ak plan pwosedi yo ki ka aktyalize pou reflete aktivite Siklòn Irma yo, ap asire ke sou-benefisyè yo ap minimize deplasman. Nan ka yon racha volontè, lè pwopriyetè kay oubyen lokatè yo lokalize nan yon plèn inondasyon pou evite pèt alavni, DEO a ap egzije sou-benefisyè yo devlope politik ak pwosedi pou asire popilasyon sa reloje nan zòn ki lwen plèn inondasyon an epi l ap resevwa avantaj konplè jan URA a endike l la. URA a prevwa nan 49 CFR 24.402(b) a ke yon moun ki deplase kalifye pou resevwa yon peman asistans lwaye ki kouvri yon peryòd 42 mwa.

Nan ka kote yon pwopriyetè kay mande sèvis konsèy pou lojman oubyen lokatè ki deplase yo swete vin pwopriyetè, y ap mete sèvis konsèy lojman an disponib pa ajans konsèy sou lojman sètifye HUD a. DEO a ap kontakte ajans konsèy lojman an pou kowòdone sou pòsyon Plan Aksyon an.

Pwogram Reparasyon Lojman an se yon pwogram sibvansyon e li egzije moun ki aplike yo pou yo se pwopriyetè kay ki se rezidan prensipal oubyen pwopriyetè imè ki gen pwopriyete pou lwe nan moman Siklòn Irma a (10 septanm 2017). Règleman HUD konsènan itilizasyon finansman sibvansyon pou rekiperasyon eta a apre Siklòn Irma, endike, ke yon obligasyon altènatif pou reyalitasyon lojman se èd pou dezyèm kay. HUD ap etabli yon egzijans altènatif pou previzyon reabilitasyon nan atik 42 U.S.C. 5305(a)(4) la konsa: Pwopriyete ki sèvi tankou dezyèm kay nan moman katastwòf la, oubyen apre katastwòf la, pa kalifye pou èd reabilitasyon oubyen lojan motivasyon. Yo defini yon dezyèm kay nan avi sa antanke yon kay ki pa rezidans prensipal pwopriyetè a, lokatè a, oubyen nenpòt okipan nan moman siklòn nan oubyen nenpòt lè aplikasyon an pou èd. DEO a ka adopte politik ak pwosedi ki bay eksepsyon ki limite pou bay asistans pou yon dezyèm kay pou satisfè bezwen presi rekiperasyon apre katastwòf yo (pa egzanp, ajoute kapasite lojman bon mache); depi eksepsyon sa devlope nan konsiltasyon ak HUD epi apwouve anvan mizanplas la. DEO a ka verifye yon rezidans prensipal lèl itilize divès dokiman ki genyen ladan yo, men ki pa limite a, kat elektoral, deklarasyon enpo, egzanpsyón pwopriyete fanmi, lisans kondwi ak kontra lwave. Anplis, pwopriyete lwave sezonye, akoutèm ak propriyete vakans yo pa kalifye pou èd.

DEO a ap aplike metòd konstriksyon ki mete aksan sou kalite, dirablite, ki pa kosome anpil enèji, ki dirab epi ki rezistan ak mwazi. Tout reabilitasyon, rekonstriksyon ak novo konstriksyon yo ap fèt pou antre prensip dirabilite ki genyen ladan yo efikasite enèji ak dlo, rezistans, ak diminisyon risk kont enpak katastwòf alavni. DEO a ap aplike epi kontwole rezulta konstriksyon yo pou asire sekirite rezidan yo ak kalite kay yo ede nan pwogram nan. Tout inite lojman ki repare oubyen ranplase dwe respekte Nòm Kalite Lojman (Housing Quality Standards, HQS) HUD ankou a. Asistans lojman yo bay nan Reparasyon Lojman apre katastwòf la ap konstwi ak konsantrasyon sou metòd ak materyèl konstriksyon bon kalite, ki dirab, epi ki pa kosome anpil enèji.

Metòd sa yo se nòm minimòm sa yo:

- Nòm konstriksyon yo ap baze sou Kòd Konstriksyon Florida e yo dwe reponn oubyen depase egzijans ki anvigè a.
- Konstriksyon an ap respekte Nòm Konstriksyon Ekolojik pou tout novo konstriksyon biling rezidansyèl e pou tout ranplasman biling rezidansyèl ki domaje anpil (pa egzanp, kote depans reparasyon yo depase 50 pouzan depans ranplasman an) dapra Kowalisyon Konstriksyon Ekolojik Florida.
- Pou reabilitasyon konstriksyon, eta a ap swiv Lis Verifikasyon Renovasyon Biling Ekolojik yo nan limit ki aplikab pou travay reabilitasyon an fèt, ki genyen ladan I itilizasyon pwodwi ki rezistan ak mwazi lè y ap ranplase sifas tankou klwazon sèch. Lè yo ranplase pwodwi ki pi ansyen oubyen ki demode nan kad travay reabilitasyon an, reabilitasyon an egzije itilizasyon pwodwi ak aparèy ki gen etikèt ENERGY STAR, WaterSense oubyen ki deziyen pa Pwogram Jesyon Enèji Federal (Federal Energy Management Program, FEMP) oubyen lòt ekivalan.

Pwopriyete ki gen estimasyon depans reabilitasyon ak / oswa elevasyon ki egal oubyen ki depase 75 pouzan yon rekonstriksyon oubyen ranplasman kay ki konparab jan pwosedi ak politik nòm operasyon yo detèmine I la, sa ap bay pwopriyetè kay yo opsyon pou chwazi yon kay ki rekonstwi oubyen ranplasman yon kay. Pwopriyete ki gen estimasyon depans reabilitasyon ak / oswa elevasyon ki egal oubyen ki depase rekonstriksyon oubyen ranplasman kay ki konparab ap limite a rekonstriksyon oubyen ranplasman tankou yon opsyon ki pi rezonab. Pwogram Reparasyon Lojman, revni fanmi patisipan pwopriyetè kay ki se moun ki okipe I la pa ka depase 120 pouzan Revni Mwayen Zòn nan (Area Median Income, AMI).

Sansibilizasyon Kowòdone

Pwogram rekiperasyon lojman Eta a ap genyen yon estrateji sansibilizasyon komen, ki egzekite pa DEO a nan kowòdinasyon ak Moun ki Gen Enterè nan zòn ki afekte pa siklòn nan ki tankou, men ki pa limite ak:

- Divizyon Jesyon Ijans Florida (Florida Division of Emergency Management);
- Antrepriz Finansman Lojman Florida (Florida Housing Finance Corporation);
- Depatman Jesyon Ijans Gouvènmantal Lokal, Developman Lojman ak Kominote (Local Government Emergency Management, Housing and Community Development Departments);
- Òganizasyon Volontè ki Aktif nan Katastwòf; ak
- Lòt group enterè DEO a idantifye.

Anplis, pwogram lojman an ap genyen yon sèl estrateji komunikasyon ak imaj k ap ekspligate nan tout aktivite komunikasyon ak sansibilizasyon piblik li yo. Enfòmasyon sa yo ap antre nan enstriksyon pwogram lojman ki devlope a apre apwobasyon plan sa. Pou kominike sitiyasyon aplikasyon pou Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an 72 èdtan apre nou resevwa aplikasyon an, DEO a ap avize aplikan an ke yo te resevwa aplikasyon an. 72 èdtan apre yon desizyon, y ap voye lèt apwobasyon oubyen refi bay aplikan an nan imel ak adrès postal li te bay la. DEO a te tabli pwotokòl pou pwoteje enfòmasyon pèsonèl yo.

Pwogram Kwasan

Pwopriyete ki te resevwa reyabilitasyon oubyen reparasyon atravè Pwogram Reparasyon Lojman an p ap kalifye pou èd nan Pwogram Racha Kay Volontè a. Men, sou yon baz ka pa ka, inite lojman ki te demoli nan Pwogram Racha Kay Volontè a ka kalifye pou novo konstriksyon / ranplasman nan Pwogram Reparasyon Kay la nan diskresyon DEO a. Nouvo developman an ta ka nan yon kote altènatif ki gen mwens risk inondasyon e ki ta konstiwi dapre kòd konstriksyon, nòm elevasyon e ki reponn a egzijans CDBG-DR yo. Pwopriyete ki deja enskri nan lòt pwogram reparasyon ak diminisyon risk FEMA HMGP e ki kalifye pou èd CDBG-DR Irma yo ka alifye sèlman pou fon ekivalan obligatwa ki sijè pou revizyon ka-pa-ka nan limit pwojè HMGP a.

Doub Benefis

Pou evite doub benefis, DEO a ap egzije tout sous (federal, Eta, lokal, prive) yo ak montan asistans lojman yo resevwa oubyen pou montan yo prevwa resevwa yo dokimante nan fason ki rezonab ak soumisyon aplikasyon pou finansman CDBG-DR. Doub benefis pou asistans lojman ap konsidere lòt sous finansman ki konsène domaj estrikti ouragan an te lakoz la. Yo p ap konsidere èd pou kontni ak atik pèsonèl kòm doub benefis. Anvan konstriksyon ki lye ak pwogram nan, aplikan ki loreya yo dwe soumèt tout lòt finansman yo resevwa pou domaj lojman ouragan Prezidan an deklare yo lakoz bay Eta a pou evite double benefis yo. P ap gen doub benefis paske li pa otorize legalman. Politik ak pwosedi yo ap dikte pwosesis yo pou evite doub benefis. Finansman CDBG-DR la dwe se finansman dènye rekou a. Tout lòt fon yo peye bay aplikan ki genyen pou menm objektif la kòm sibvansyon asistans lojman apre Eta a te konplete reparasyon, reyabilitasyon oubyen ranplasman inite lojman aplikan an, dwe retounen bay DEO a.

Sibwogasyon

Yo dwe remèt DEO oswa DEO dwe kontabilize tout doub finansman yon pwopriyetè pwopriyete jwenn, kèlkeswa lè pwopriyetè pwopriyete a te resevwa asistans lan. Si pwopriyetè pwopriyete yo resevwa finansman anplis pou menm objektif ak otorizasyon HRRP a (reparasyon pèmanan kay tanpèt andomaje) menm apre otorizasyon an fin fèt oswa konstriksyon an fini, pwopriyetè pwopriyete a oblige deklare finansman anplis la nan pwogram lan. Pwogram nan oblige evalye si èd la double otorizasyon HRRP a. Lè li resevwa yon rapò pou avantaj anplis ki te resevwa, pwogram lan ap rekalkile otorizasyon pwopriyetè pwopriyete a epi l ap endike si yo pral redui otorizasyon an ak kantite lajan sa a, si pwopriyetè pwopriyete a dwe remèt kantite lajan sa nan pwogram lan kòm

ranbousman (lè li resevwa asistans anplis la apre debousman pwogram lan) oswa asiyen kòm peman. Chak pwopriyetè pwopriyete ap egzekite epi respekte yon akò sibwogasyon ki esplike responsablite sa yo.

Priyorete Pwogram yo

Lè n rekonèt \$346 milyon dola ki repati pou pwopriyete lojman pwopriyetè yo okipe ak pwopriyete ki lwe yo ap gen chans pou pa satisfè tout bezwen yo, y ap priyoreze popilasyon ki an danje e ki vilnerab ki gen pi gwo bezwen yo. Yon minimòm 70 poustan fon pwogram nan reponn a yon objektif nasyonal pou ti revni ak revni mwayer. Anplis, y ap priyoreze fanmi ki gen youn oubyen plizyè nan karakteristik ki anba yo epi trete nan lòd yo konplete yon aplikasyon. Eta a modifye Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Pwopriyetè Kay li a pou bay priyorete, pou fanmi ki gen manm ki gen plis pase 62 zan, fanmi ki gen manm andikape ak fanmi ki gen timoun ki poko gen 18 lane. Eta a kwè ajisteman sa a kreye yon sistèm priyorete ki pi jis epi li sèvi pi byen espri ak reyalite AFFH. Anplisdesa, Eta a klarifye prioritizasyon an pa "anpile". Sa vle di, fanmi ki gen ni manm gramoun aje ni enfim pa resevwa pi gwo priyorete pase sa ki gen manm gramoun aje oswa manm andikape sèlman.

- Fanmi ki gen gramoun ki gen 62 zan oubyen plis
- Fanmi ki gen timoun ki poko gen 18 lane
- Fanmi ki gen bezwen espesyal oubyen egzijans akomodasyon espesyal (enfim)
- Lokatè ki te deplase soti Pòto Riko ak Zil Vyèj e k ap reyenstale nan Florida nan fason pèmanan

Yo ka bay konsiderasyon espesyal a moun Keys Florida sou yon baz ka pa ka. Fanmi ki gen revni ki plis pase 120 poustan AMI p ap kalifye pou pwogram sa a. Anplis, DEO a ap asire gen aksè ak sèvis mobilite transpò ki aksesib nan yon kanpay sansibilizasyon konplè ak yon sant admisyon mobil pou asire ke nenpòt e tout fanmi yo genyen opòtinite egal ak sipò pou ranpli aplikasyon an.

DEO ap swiv epi fè pwojeksyon obligasyon total fon sibvansyon yo pou chak aktivite ki pwopoze. Lè valè total akò alokasyon sibvansyon ki prevwa pou nenpòt aktivite ap rive nan obligasyon konplè a, DEO ap analize possiblité chemen ki rete nan dosye aplikan ki elijib pou detèmine montan bezwen ki pa satisfè ki rete pou aplikan priyoretè yo ak balans ki rete nan lajan ki disponib pou sèvi aplikan sa yo. DEO ka chwazi plase aplikan yo ann atant jiskaske aplikan fanmi ki priyoretè yo fin trete konplètman epi pifò bezwen yo satisfè. Kòm yo siveye aplikasyon pou pwogram yo, DEO a ka chwazi ajiste poustantaj finansman ki rezève a oubyen rebay lòt finansman ki soti nan lòt pwogram ki gen mwens pwodiksyon pou maksimize èd pou aplikan kalifye ki gen priyorete epi chèche asistans.

Inisyativ Pilòt Reparasyon Lojman

DEO pral antreprann yon inisyativ pilòt pou egzamine ekonomi tan potansyèl yo ak depans adisyonèl ki ka lakòz yon modèl tretman konkiran, olye yon modèl tretman lineyè.

Inisyativ Pilòt la se yon metòd pou idantifye yon kòwòt de premye enskri nan chak zòn ki afekte ki ka obsève nan tout pwosesis HRRP pou idantifye ak rezoud pwoblèm anvan mas aplikan yo antre nan tout pwosesis la. Obsèvasyon pwòch kòwòt pilòt la gen entansyon teste konsepsyon premye pwosesis ak pran desizyon enfòme pou amelyore efikasite kòm rès aplican nan popilasyon an vini nan lo a.

Kowòt pilòt la ap trete anmenmtan pou aplikasyon, kalifikasyon, evalyasyon domaj ak revizyon anviwònman an anvan posibilité, diplikasyon avantaj ak etap prim yo. Pwosesis similtane nan travay sa yo ap otorize kòm depans aktivite livrezon pou gwoup pilòt la.

Pwosesis Swivi-Doub sa a ki lakòz siyalizasyon aplikasyon yo kòm swa yon pati nan Inisyativ Pilòt la oswa ki pa pilòt pral kontribye nan kapasite DEO pou fè yon tès nan tan reyèl pwogram nan. Kowòt pilòt idantifye a pa pral gen okenn enpak sou pwogrè lòt aplikan yo nan pwosesis la. Nenpòt pwoblèm DEO jwenn ka adrese ak rezoud pou asire pwosesis fasil mas la, aplikasyon mwayèn ak pi konplike yo.

Enskri inisyal yo ki andeyò gwoup pilòt la ap trete tou an menm tan dosye Inisyativ Pilòt yo ap deplase nan sistèm lan. Sepandan, aplikan yo ki andeyò gwoup pilòt la pral swiv chemen pwosesis lineyè a ki egzije pou fini aplikasyon anvan premye revizyon kalifikasyon an, otorizasyon pou revize kalifikasyon anvan evalyasyon domaj, otorizasyon evalyasyon domaj anvan revizyon anviwònman an, otorizasyon revizyon anviwònman an anvan posibilité, repetisyon avantaj ak prim.

Inisyativ pilòt la fèt pou mezire avantaj yo epi idantifye pwoblèm ki asosye avèk yon metòd tretman konkiran. Li pral sipòte yon analiz si modèl lineyè pi plis konsèvatif la, modèl konkiran an oswa kèk kombinezon de pwosesis yo ap bay pi bon rezulta pou Depatman Opòtinite Ekonomik (DEO) ak sitwayen Irma afekte yo.

Pwosesis Seleksyon Pilòt

Nan premye etap enskripsyon aplikan an, yo pral chwazi yon gwoup aplikan pa aza nan gwoup envitasyon Priyorate 1 ki baze sou karakteristik pwopriyete. DEO ap trete aplikan sa yo nan reyalize achèvman aplikasyon an, premye kalifikasyon, evalyasyon domaj ak etap revizyon anviwònman an menm tan an. Rès popilasyon Priyorate 1 an ap kontinye pwosesis nòmal anba modèl lineyè a, ki pral mande pou chak etap dwe ranpli anvan pwochen etap la kòmanse. Sa a pral pèmèt DEO kenbe konfòmite avèk orè priyorate ki mansyone a, jan sa dekri nan Plan Aksyon sa a, pandan y ap teste altènativ ki ta ka lakòz yon tan tretman jeneral ki mwens.

Etabli kondisyon ak sipozisyon kache tès la nan premye kòwòt la:

- Se sèlman enskri nan priyorate 1 yo te chwazi pa aza pou kòwòt pilòt la
- Enskri motive yo pral ranpli aplikasyon yo bonè
- VOAD lokal idantifye yo pral ede aplikan yo fini pi vit

Kritè kritè tès depistaj kowòt:

- Soti nan 10 konte orijinal yo oswa 4 kòd postal (Nivo 1 ERR konplè)
- Asirans \$0, FEMA \$1-15000, SBA \$0, avantaj NFIP \$0
- Pa nan plèn inondasyon
- Kay bati apre 1978
- Pa gen Lèt Gwo Dega/Pa gen lèt kondannasyon (Ajoute nan seksyon domaj nan aplikasyon an)
- Pwogram reparasyon

Sèl kritè tès depistaj yo itilize pou kòwòt pilòt la se sa ki endike anwo a. Pa gen okenn lòt atribi nan pwopriyete a oswa aplikan yo te itilize ekran pou chwa nan seleksyon pilòt la. Tou de aplikan pwopriyète ki rete nan espas la ansanm ak aplikan pou lokasyon yo te enkli nan tès depistaj la. Idantifikasiyon enskri/aplican yo te chwazi yo pa aza depi yo te satisfè kritè ki nan lis la, sa ki kenbe entegrite kondisyon ki bay priyorate ki dekri nan Plan Aksyon sa a.

Delè pwojè Pilòt Aplikasyon an defini atravè gwo achèvman evalyasyon anviwònman gwoup aplikasyon pilòt la ak soumisyon dokiman sa a bay Depatman Opòtinite Ekonomik.

Baz pou Kalkile Sibvansyon Asistans pou Lojman

Si li kalifye epi li genyen, kalkil sibvansyon asistans lojman an ka baze sou faktè sa yo:

1. Pou asire montan asistans lojman yo se depans ki rezonab, montan maksimòm asistans CDBG-DR ki disponib pou yon inite lojman endividyle nan pwogram Rekiperasyon Lojman an se \$350,000, eksepte nan Konte Monroe, ki pral gen yon montan asistans maksimòm \$ 650,000. Nan ka kote yo demontre li difisil oubyen kote mache lojman lokal yo garanti yon ogmantasyon kapasite, DEO ka pèmèt pwojè ki kontinye depase plafon pwogram lan. Sa a pral detèmine sou yon baz ka-pa-ka. Yo ka depase plafon pwogram lan tou pou bay finansman pou reparasyon difisil oswa sanzatann ki depase plafon lojman an, lè DEO konsidere depans yo nesesè ak rezonab.

2. Yon revizyon tout finansman aplikan an te resevwa ki soti nan nenpòt sous pou kalkile total la anvan aplikan an resevwa asistans lan pou asire pa gen Doub Benefis (Duplication of Benefits, DOB)
3. Domaj / nivo travay pwojè a mande; ak,
4. Valè Rekonstriksyon oubyen Ranplasman an

Pou detèmine otorizasyon asistans lojman y ap konsidere toudabò kontribisyon ki site anwo a, epi apresa dedui nenpòt repetisyon avantaj oswa konpansasyon kalifye pou reparasyon elijib ki fèt deja. Lè sa, y ap aplike montan asistans pwogram lan ki detèmine davans lan. Yo ka mande fon ki kalifye kòm DOB yo kòm sipò asistans jeneral pou konstriksyon yo bay la. Alokasyon yo ka genyen ladan yo depans pou lòt depans ki asosye tankou imèb ekolojik ak egzijans diminisyón risk, elevasyon, asirans, modifikasyon ADA, reparasyon oubyen ranplasman dlo, bezwen tiyo egou ak koneksyon sèvis publik.

Mezi pou depans efikasite enèji ak amelyorasyon ki reponn ak zonak ak kòd lokal yo, Sekirite ak Sante Desan (Decent Safe and Sanitary, DSS) oubyen Nòm Kalite Lojman (Housing Quality Standards, HQS) yo egzije a espesyalman amelyorasyon ki ajoute rezistans amelyore, tankou elevasyon pi gwo eleman elektrik, sèklaj tèt kay ak lòt atik yo kalifye tou. Revizyon anviwònmantal ak remediyasyon obligatwa yo detèmine pou atik tankou eliminasyon penti ki gen plon, rediksyon amyant oubyen lòt eleman asenisman ap kalifye tou.

Y ap mete elevasyon pou aplikan ki reponn ak egzijans ki detèmine nan pwogram nan, ki genyen pwopriyete ki domaje anpil yo jan egzijans plèn ki ka inonde ki apwouve sou plan lokal la egzije I. Y ap evalye elevasyon an sou yon baz ka pa ka. Yo p ap fè elevasyon sou pwopriyete ki pa nan plèn inondab yo, sof nan ka kote yo egzije elevasyon an sou òdonans lokal. DEO a ap swiv enstriksyon HUD yo pou asire tout estrikti, ki defini nan 44 CFR 59.1, ki fèt prensipalman pou itilizasyon rezidansyèl e ki sitiye nan plèn inondab 1 poustan pa ane (oubyen 100-ane) a, ki resevwa èd pou nouvo konstriksyon, reparasyon gwo domaj, oubyen amelyorasyon enpòtan jan li defini nan 24 CFR 55.2(b)(10), ap fè elevasyon nan nivo sòl ki pi ba a, nan omwen de (2) pye pi wo pase 1 poustan elevasyon plèn inondab pa ane a.

Si li sitiye nan yon plèn inondab 100-ane, asistans federal la ap oblige aplikan an kenbe asirans kont inondasyon epi avize fiti pwopriyetè yo sou egzijans asirans kont inondasyon yo. Lwa federal yo egzije moun k ap viv nan plèn inondasyon yo pou kenbe asirans kont inondasyon a pèpetwite sou pwopriyete sa. Lwa Robert T. Stafford sou Soulajman apre Katastwòf ak Èd Ijans lan entèdi moun resevwa èd apre katastwòf paske yo pa genyen asirans apre katastwòf; poutèt sa, ke yon pwopriyete lye ak egzijans sa, oubyen non, y ap revize I pandan faz kalifikasyon pwogram nan. Si yon aplikan kalifye pou pwogram asistans lan, I ap dwe pran yon akò sibvansyon, yon angajman, yon restriksyon sou tit pwopriyete a oswa yon enstriman menm jan, ki egzije pou kenbe asirans kont inondasyon sou pwopriyete sa apèpetwite. Yon alokasyon ka genyen ladan I tou èd pou peye pou jiska de premye ane prim asirans kont inondasyon yo pou aplikan ki kalifye pou pwogram nan. Paramèt sa yo pou detèmine kalifikasyon pou èd ak prim asirans kont inondasyon yo ap defini plis nan politi kak pwosedi Eta yo.

Baze sou gwoup enskripsyon aktyèl la, DEO prevwa reponn a tout rès bezwen lojman ki pa satisfè yo atravè Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman.

Alokasyon pou Aktivite: \$536,070,415.84

Rezève pou Keys: \$50,000,000

Fenk ajoute Rezève pou kominote pi afekte e ki pi nan detrès yo: \$51,856,347

Aplikan ki Kalifye: Pwopriyetè kay ak pwopriyetè pwopriyete lokasyon yo, ankontan PHA yo, ki gen rezidans prensipal yo ki sibi domaj nan Siklòn Irma ak pwopriyetè imèb lojman pou lwe.

Kritè Kalifikasyon: Eta a ap prioyorize aplikan pwopriyetè k ap fè pi piti oubyen egal 80 poustan AMI ak pwopriyetè pwopriyete lokasyon ki sèvi moun ki LMI. Si bezwen sa konble, DEO a ka trete aplikan k ap fè plis pase 80 poustan AMI. Yo ka bay konsiderasyon espesyal pou Keys Florida sou yon baz ka pa ka.

Fwaye yo ki fè plis pase 120 poustan Revni Zòn Medyàn (AMI) pap elijib pou HRRP.

Alokasyon Mwayen (pa inite): \$350,000, eksepte nan Konte Monroe, ki pral gen yon montan asistans maksimòm \$ 650,000*

Antite Responsab pou Administre: Depatman Opòtinite Ekonomik Florida (Florida Department of Economic Opportunity)

Elijiblite: 105(a)(4)

Objektif Nasional: Pou benefisyè ti revni ak revni mwayen oswa Bezwen Ijan

*DEO ka ogmante plafon \$350,000 a si depans konstriksyon ak elevasyon an pwouve yo pi gwo pase estimasyon ki te fèt alorijin akòz enpak dènye katastwòf nasional sou mache a..

3.4.3 Avantaj Asistans pou Lojman Tanporè (THAB)

3.4.3.1 Rezime

Kòm yon règ jeneral, Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman (HRRP) Rebati Florida a pa pral bay depans pou demenajman tanporè pou aplikan ki pral oblige kite pwopriyete yo pandan aktivite konstriksyon yo. Piske sa a se yon pwogram volontè epi aplikan yo okouran de règleman pwogram lan nan moman aplikasyon an. Egzijanss pou demenajman se anporè a pral responsablite aplikan an.

Pwogram Rebati Florid DEO a rekonèt ke kèk benefisyè HRRP, patikilyèman sa yo ki gen mwayen modès epi ki gen moun nan kay la ki vilnerab, ka fè fas a difikilte finansye pou antre ak soti lajan ki te koze pa depans lojman pwovizwa anplis ki ka nesesè pandan pwosesis reparasyon oswa rekonstriksyon an. Rebati Florid ap bay asistans pou lokasyon tanporè pou aplikan pwopriyetè kay ki gen difikilte, sou yon baz ka-pa-ka. Pwosedi sa a idantifye kijan pwosesis sa a pral aplike pou idantifye ka apwopriye yo pou depans lojman tanporè.

Difikilte demonstrab yo ka gen ladan pèt travay, echèk yon biznis, divòs, maladi medikal grav, blesi, lanmò yon manm fanmi oswa konjwen, bòdwo medikal inatandi ak ekstraòdinè, andikap, rediksyon sibstansyèl revni, kantite dèt inabilityèl ak eksesif akòz yon katastwòf natirèl, elatriye. Okenn nan egzanp ki endike anwo yo, endividyleman oswa tout ansanm, otomatikman etabli yon difikilte demonstrab, ni lis ki pi wo a konplè paske ka gen lòt faktè ki enpòtan nan pwoblèm difikilte demonstrab nan yon ka an patikilye. Si yon aplikan kwè ke yo nan eta difikilte demonstrab epi tou difikilte demonstrab la lakòz yo pa konfòrme avèk règleman pwogram nan, Lè sa a, yo ka prezante prèv difikilte demonstrab yo a bay espesyalis Admisyon yo a epi mande asistans pou lojman tanporè. Pwogram lan pral evalye demann lojman tanporè yo sou yon baz ka-pa-ka apre revizyon tout sikontans yo.

Pou evite deplasman ak sanzabri , DEO te devlope **Benefis Asistans pou Lojman Tanporè (THAB)** la pou bay plis asistans pou patisipan HRRP yo ki gen difikilte finansye. THAB la ap disponib, jiskaske reparasyon kay domaje a fini, pou patisipan ki te apwouve pou èd reyabilitasyon oswa rekonstriksyon, epi siyen yon Akò Sibvansyon Pwopriyetè Kay la. THAB bay asistans anba HRRP Rebati Florida a pou bezwen ki pa satisfè ki gen rapò ak depans kalifye alontèm lojman oswa pou lokasyon, pou jiska 6 mwa, depi kay la se nan oswa anba 80% AMI ak se yon benefisyè tou resevwa asistans pou reyabilitasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman pwopriyete Irma yo.

THAB la se yon benefis asistans lojman ki pa enplike dirèkteman reyabilitasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon yon kay. Se poutèt sa, THAB pa konte limit pwogram nan pou reyabilitasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon nan kay la. Limit konstriksyon pwogram ke yo idantifye nan Plan Aksyon an aplike pou depans konstriksyon difisil ak lejè ki asosye ak reparasyon yo Irma. THAB ap mete yon limit nan yon maksimòm de \$ 20,000.00 nan peman moun

ki patwone Pwogram nan. Reta nan konstriksyon ke antreprenè konstriksyon DEO a responsab la, sa ka lakòz responsabilite kontraktè pou pwovizyon asistans adisyonèl pou lwave epi asistans adisyonèl sa a pa limite nan limit THAB la.

Pwopriyetè kay ki chwazi rete ak zanmi oswa fanmi olye pou yo rete nan yon otèl oswa yon apatman ki lwe akoutèm pa kalifye pou peman THAB. Anplis de sa, nenpòt pwopriyetè kay ki okòmansman itilize asistans THAB pou lokasyon otèl oswa kontra lwave akoutèm epi imedyatman abandonnen sitiyasyon lojman tanporè a pou rete avèk zanmi oswa fanmi pral gen tout peman alavni THAB yo ki sispann.

3.4.3.2 Avantaj Asistans pou Lojman Tanporè (THAB)

Avantaj Asistans pou Lojman Tanporè (THAB) pèmèt lojman akoutèm nan fòm asistans tanporè pou otèl pou yon estimasyon 90 jou. Re-evalyasyon an pou asistans pwolonje disponib sou yon baz ka-pa-ka apre sikontans espesyal. Sa ka disponib pou pwopriyetè kay HRRP ki kalifye ki:

1. gen revni nan kay la nan oswa anba 80% AMI,
2. te siyen yon akò sibvansyon HRRP Rebatí Florid men konstriksyon pa te finei,
3. bezwen lojman tanporè akòz lòt sikontans difisil, jan yo apwouve pa Depatman Opòtinite Ekonomik (DEO) Florida a, ki gen ladan deplasman tanporè ki egzije pou kay ki domaje yo evakye pou sekirite ak lòt mezi rezonab pandan konstriksyon, ak.
4. ap rete nan yon otèl, motèl, oswa rete pwolonje nan o tèl sof si aranjman altènatif (eg, apatman lwe pou yon ti tan) ta nesesè akòz dire eksesif nan deplasman.

3.4.3.3 Kalifikasyon THAB

Anplis de kritè yo ki mansyone anwo a, kritè kalifikasyon anba yo aplikab tou:

1. Dwe gen yon aplikan aktif nan HRRP a. Yo defini patisipan "aktif" kòm pwopriyetè HRRP ki apre-fèmti, sa vle di yo te siyen Akò Sibvansyon Pwopriyetè kay (HGA) yo. Sa vle di ke yo pral bay THAB sèlman pou aplikan nan faz konstriksyon aktif.
2. Pwopriyetè kay pa ka resevwa lojman tanporè konkiran oswa asistans pou lokasyon nan men lòt òganizasyon gouvènman an oswa charite ki ta lakòz yon benefis doub.
3. Si pwopriyetè kay la te resevwa nenpòt asistans pou lwe nan men FEMA, Asistans pou Lokasyon Lokatè (TBRA), Asistans pou Lokasyon Pwojè (PBRA), oswa Lojman Seksyon 8, finansman an dwe fin itilize anvan yo bay lajan CDBG-DR THAB la.
4. Fon yo dwe itilize pou lojman epi yo pa kapab itilize pou okenn lòt rezon.

THAB se pa yon diplikasyon avantaj reyabilitasyon lojman, reparasyon oswa fon rekonstriksyon, piske li reprezante yon aktivite kalifye apa epi presi.

3.4.3.4 Kalite Asistans THAB

Avantaj Asistans Tanporè pou Lojman depann de bezwen pwopriyetè kay la, ki pral idantifye ak konfime espesyalis admisyon Rebatí Florid pou detèmine opsyon ki pi bon ak pi rezonab ki disponib pou pwopriyetè kay yo. THAB ka bay sou fòm lojman tanporè nan inite tankou otèl, motèl oswa otèl sejou pwolonje, ki pa konte depase 90 jou. Pou bezwen ki pwolonje plis pase 90 jou oswa akòz aksè oswa lòt pwoblèm limite, asistans lan ka sou fòm lan asistans akoutèm pou lokasyon nan yon apatman. Avantaj la ap kalkile sou baz pouvantaj lojman Ajans Sèvis Gouvènman (GSA) pou zòn mèt kay la a. Ou ka jwenn pouvantaj GSA yo nan <https://www.gsa.gov/travel/plan-book/per-diem-rates>.

1. Asistans Otèl Tanporè: Pou kapab evite sanzabri yo ak soufrans chaj finansye, gen kèk pwopriyetè ki bezwen asistans otèl tanporè (estime ki pa gen dwa depase 90 jou) pou fini konstriksyon kay yo.

Pwogram sa ap bay finansman pou lojman tanporè nan otèl pou fanmi sa yo pou yon estimasyon 90 jou jis lè konstriksyon an fini.

2. **Asistans Tanporè Pwolonje pou Otèl:** Sizoka kontraktè konstriksyon an avize DEO ke pwojè a pral depase kalandriye orijinal la e ke yon pwopriyetè pa pral kapab re-okipe kay li akòz delè konstriksyon ki depase asistans inisyal la, yo ka bay yon ekstansyon pou benefis pou evite sanzabri oswa lòt chay finansye ki pa nesesè. Yo pral akòde ekstansyon sa a ki baze sou yon nouvo delè estime kap soti de antreprenè konstriksyon an.
3. **Asistans Altènativ pou Lojman:** Nan ka kote dire deplasman an depase 90 jou oswa lòt faktè pwolonjman, yo ka apwouve lojman altènativ (sa vle di, lojman altènativ otèl, motèl, pwolonjman pou otèl) sou yon baz ka-pa-ka.

3.4.3.5 Benefis Maksimòm THAB

THAB la kouvri 100% nan otèl la, motèl, oswa pwolonje rete chak jou oswa pouvantaj chak mwa, jan yo note sa ki anba a, san yo pa mande yon pati depans yo nan men mèt kay la. Benefis la ap limite nan yon maksimòm de \$ 20,000.00. Yo ka anile maksimòm sa nan zòn ki gen pouvantaj elve, jan sa defini nan Administrasyon Sèvis Jeneral (GSA) piblikasyon, ak apwobasyon sou yon baz ka-pa-ka.

3.4.3.6 Peman Benefis

Asistans lojman kout tèm ke THAB bay la peye dirèkteman nan otèl la, motèl, oswa ladesant pwolonje nan otèl epi otèl la faktirel otomatikman, selon politik otèl la. Montan total Peman benefis la kalkile sou baz pouvantaj otèl la pa nwit, ki gen ladan taks (ak lòt frè apwouve jan sa nesesè) ak delè ke kontraktè a prevwa fini yon fwa aplikan an soti kite pwopriyete a.

3.4.3.7 DEPANS ASOSYE

Okazyonèlman, yon aplikan ka gen difikilte nan transpòte pwopriyete pèsonèl yo soti nan pwopriyete ki domaje a pandan konstriksyon. Nan evènman sa a, aplikan an ka mande asistans nan peye "depans ki asosye," pa dwe depase \$ 5,000. Sa a rezèvè sèlman pou ka difikilte ekstrèm epi yo ka itilize pou ede aplikan yo deplase pwopriyete pèsonèl ki soti nan ak nan kote ki domaje a.

3.4.3.8 Ekstansyon Benefis

Si rekonstriksyon an oswa reyabilitasyon an ka pwolonje pi lwen pase estimasyon inisyal la, aplikan yo ka aplike pou yon ekstansyon pou lojman tanporè. Espesyalis konsomatè yo ki resevwa kesyon sou ekstansyon yo ta dwe dirije moun yo a temporaryhousing@rebuildflorida.gov.

3.4.3.9 Sispansyon oswa Diskontinyasyon Asistans

Se THAB sèlman ki bay pwopriyetè kay ke yo te evalye e ke yo jwenn ki kalifye pou Ranplasman ak reparasyon lojman nnan Pwogram Rebatí Florida a. DEO rekonèt ke ka gen sikontans enprevi ki lakòz yon pwopriyetè kay yo elimine , vin inaktif oswa aprè yo vin diskalifye, apre detèminasyon kalifikasyon an epi apre mèt kay la te dakò kontinye nan pwogram lan. Menm si li ra, sitiyasyon sa yo ka rive.

- Si yon pwopriyetè kay ki kalifye ki te resevwa oswa k ap resevwa asistans THAB elimine, vin inaktif oswa diskalifye, asistans THAB yo dwe sispann imedyatman sou detèminasyon sa a pa anplwaye pwogram lan. Anplis de sa, pwopriyetè kay la dwe retounen nan Depatman Opòtinite Ekonomik Florida a nenpòt kantite lajan yo peye pwopriyetè kay la pou asistans THAB la.
- Rekonèt ke ka gen sikontans dilijan ki lakòz retrè yon pwopriyetè kay oswa inaktivite apre detèminasyon elijiblite li ak akò pou patisipe nan pwogram lan, DEO ka pèmèt yon eksepsyon nan politik ranbousman an

ak prèv dokimante de ak aksepte pa DEO nan difikilte sa a . Règleman ak pwosedi pou THAB yo pral mete ajou, jan sa nesesè, jan pwogram lan ap evolye, ak sitiayson enprevi rive.

- Pwogram nan ap sispann asistans lojman tanporè si yon pwopriyetè kay pa gentan soti naa kay la nan dèle yo bay la (te egzekite akò sibvansyon yo) ak echwe yo deplase soti nan pwopriyete a nan yon fason apwopriye pou pèmèt aktivite konstriksyon yo kòmanse.
- Si pwopriyetè kay la pa tcheke rezèvasyon yo, HRRP ap eseye kontakte pwopriyetè kay la. Si, apre 24 èdtan apre kontak kontak, pwopriyetè kay la pa bay yon kòz rezonab pou manke dat / lè chèk la, HRRP a ka mete fen nan asistans lan. Sa a pral evalye sou yon baz ka-pa-ka pou diminye depans inutil.
- Si yon pwopriyetè kay neglijan oswa koze domaj nan lojman tanporè a, HRRP a pral avize pwopriyetè kay la imedyatman epi mete fen nan asistans lan. Pwopriyetè kay la pral responsab pou pri tout domaj yo.
- Lè kontraktè pwojè yo te avize aplikan an ke li se san danje pou retounen nan kay la, aplikan an ta dwe kòmanse deplase afè yo soti nan Pòtatif sou Demand (POD) kontenè depo a nan kay yo. Yon fwa deplasman an fini, aplikan an dwe tcheke soti nan akomodasyon lojman tanporè yo a. Pwosesis sa a ta dwe fini pa plis pase senk jou ouvrab apre enspeksyon final Pwogram la. Apre chèke-soti, ekip Lojman Tanporè a pral mande yon feyè final, epi yo pa pral pèmèt okenn lòt faktirasyon.
- Si pwopriyetè kay la chwazi pou rete ak zanmi oswa fanmi nan plas li rete nan yon otèl, pwopriyetè kay la pa kalifye pou peman THAB yo. Deside nan yon desann nan yon otèl pou al rete ak fanmi oswa zanmi ap koz yo mete fen nan peman yo.

Depi yo remèt nenpòt kondisyon ki endike anwo yo, moun ki resevwa THAB yo dwe imedyatman avize yo avèk yon Avi Fen Lojman Tanporè a ansanm ak enstriksyon pou apèl la.

3.4.3.10 Aranjman pou aksè / pou moun ki andikape

Yo pral pran etap rezonab pou akomode aksè ak lòt bezwen espesyal pou asire plasman an apwopriye pou mèt kay la ak moun ki nan kay la.

3.4.4 Kay Mobil ak Kay Fabrike yo

Kay mobil oswa kay prekabrike ka kalifye pou reyabilitasyon nan kad pwogram sa a. Toutfwa, pou yo ka rantab, kay mobil yo pral ranje a pa dwe gen plis pase senk ane nan moman y ap fè evalyasyon dega epi depans reparasyon pou reyabilite kay mobil/prefabrike a pa dwe depase \$15 000 (depans konstriksyon dirèk ak endirèk yo). Nenpòt kay mobil/prefabrike ki gen plis pase senk ane nan moman y ap fè evalyasyon dega a oswa depans yo prevwa pou fè reparasyon yo plis pase \$15 000 dwe egzije pou yo ranplase kay mobil/prefabrike a ak yon lòt kay mobil/prefabrike. Kay la dwe satisfè nòm HQS lè li fini. Si règleman zòn nan pa aksepte ranplasman yon kay mobil, DEO pral pèmèt konstriksyon ranplasman sou sit la oswa inite modilè ki konfòme yo ak nòm yo. Y ap analize apa chak ka ki mande ranplasman sou yon lòt sit nan yon anviwònman ki pi sekirité. Ranplasman se demoli, retire epi ranplasyon yon MHU ki domaje ak yon nouvo MHU ak menm anplasman an plizoumwen oswa nan yon nouvo zòn, si inite orijinal ki domaje a te sou tè ki te anfème epi mèt MHU dwe deplase ale sou yon nouvo pwopriyete. Demenajman yon nouvo MHU pral mande yo fè plis analiz anviwònman ankò.

Deplasman Inite Kay Mobil Ranplasan yo limite pou aplikan ki gen MHU ki te sibi domaj ki sitiye sou pwopriyete yo lwe. Deplasman yon MHU ranplasan gen restriksyon yon nouvo inite ki andeyò wout inondasyon an oswa Zòn Ki Gen Risk Inondasyon Espesyal (SFHA, oswa "plèn inondab" nan yon pak kay mobil byen etabli oswa lòt tèren yo lwe ki gen yon apatman oswa enfrastrikti sèvis publik. Pwogram lan pral egzije pou bay dokiman ki pwouve ke pak kay mobil byen etabli a oswa tèren yo lwe a gen pwoteksyon obligatwa preyalab ak sèvis publik yo la. Yon lisans pwofesyonèl, koneksyon egou ak sèvis publik, oswa lòt pèmi jiridiksyon lokal yo bay ka sèvi kòm dokiman verifikasyon. Yon Dosye Revizyon Anviwònmantal (ERR) dwe fèt nan sit ki te sibi domaj la ak nan nouvo sit kote yo

pral enstale nouveau inite a pou aplikan MHU yo ki pral demenaje al nan nouveau inite sou yon tèren diferan soti nan lokalite inite ki te sibi domaj la.

Rezime Egzijans Kalifikasyon yo

Pwogram reparasyon lojman DEO a ap sèvi pwopriyetè kay ki rezidan ak pwopriyetè imèb pou lwe prensipalman nan konte HUD ak eta a idantifye kòm konte ki pi afekte e ki pi nan difikilte yo. Pwopriyetè kay yo dwe pwouve domaj Siklòn Irma a pou yo kalifye pou èd reparasyon, reonstriksyon oubyen ranplasman kay la. Kritè kalifikasyon siplemantè sa yo ka aplike:

- A. Kay la te afekte pa Irma (DR-4337). Pwopriyete a dwe genyen domaj ki dokimante ke katastwòf li deklare a lakoz. Bezwén reparasyon kay la ap dokimante pa FEMA, SBA ak/oswa kontra enspeksyon prive.
- B. Eta a ap bay priyrite a aplikan pwopriyetè kay k ap fè mwens pase oubyen egal a 80 poustan AMI ak pwopriyetè pwopriyete lokasyon ki sèvi moun ki LMI. Si bezwen sa satisfè, DEO a ap trete aplikan k ap fè plis pase 80 poustan AMI.
- C. Tout aplikan yo dwe posede yon kay pou yon sèl fanmi, kay mobil/pre-fabrike, oubyen pwopriyete pou lwe ki sitiye nan konte Brevard, Broward, Clay, Collier, Duval, Hillsborough, Lee, Miami-Dade, Monroe, Orange, Osceola, Palm Beach, Polk, St. Lucie ak Volusia; ak 11 kòd postal apa andeyò zòn sa yo (32084 ak 32145 nan konte St. Johns, 32091 nan konte Bradford, 32136 nan konte Flagler, 32771 nan konte Seminole, 33935 ak 33440 nan konte Hendry, 33523 nan konte Pasco, 33825 ak 33870 nan konte Highlands ak 34266 nan konte DeSoto) anvan siklòn Irma. Remake ke 80% nan finansman yo dwe depanse nan konte MID ak kòd postal HUD-deziyen. Yo ka depanse rès 20% nan fon andeyò zòn MID-deziyen ki te resevwa tou yon Deklarasyon Katastwòf Prezidansyèl la.
- D. Fanmi ki fè plis pase 120 poustan revni mwayen zòn nan e ki nan zòn inondasyon ki pa genyen asirans kont inondasyon nan moman siklòn nan p ap kalifye pou resevwa finansman pou reyabilite oubyen rekonstiwi kay yo.

3.4.5 Pwogram Nouvo Konstriksyon pou Lwaye Bon Mache pou Mendèv

DEO a ap travay nan patenary ak Antrepriz Finansman Kay Florida (Florida Housing Finance Corporation, FHCF) pou jere yon pwogram k ap abouti nan konstriksyon nouveau lojman bon mache pou lwe nan zòn ki afekte pa Siklòn Irma ak nan zòn ki eksperimante yon afiliyans popilasyon akoz migrasyon ki soti Pòto Riko ak Zil Vyèj Ameriken akoz Siklòn Maria. FHFC ap sèvi kòm yon sou-benefisyè pou DEO, k ap jere youn oubyen plis demand konpetitif k ap chèche aplikasyon ki soti nan devlopè ak otorite lojman publik yo pou konstei lojman bon mache nan zòn ki sible nan eta a. Nouvo Pwogram Konstriksyon Lojman Bon Mache pou Lwe pou Mendèv la ap bay de mekanis finansman diferan pou facilite kreyasyon inite lojman bon mache, de kalite, pou ede konstiwi ak rezistans epi soulaje rate stòk kay pou lwe a ke siklòn yo lakoz nan pifò zòn ki afekte nan eta a. Tèm "mendèv" la nan pwogram sa a defini pou reprezante moun ki LMI yo. Lojman bon mache sa gen objektif tou pou sèvi popilasyon vilnerab la epi diminye risk pou moun sanzabri. Pou fè sa, li egzije pou sèten devlopman ki gen finansman yo rezève omwen 10 poustan nan inite yo pou sèvi kay ki gen revni ki trè ba (Extremely Low Income, ELI) dapre revni mwayen zòn Sosyete a fikse, ak pou rezève omwen 5 poustan nan inite ELI sa yo pou sèvi Sanzabri ak Moun ki gen Bezwén Espesyal yo jan sa defini nan Lwa Florid yo. Y ap bay fon CDBG-DR yo kòm prè zewo enterè, ki pa amòti (tankou prè ranbousab) pou devlopè ki kalifye yo pou pwofite de lòt sous finansman e kòm finansman endepandan pou sipòte devlopman. Tout nouveau lojman pou lwe ap genyen yon peryòd bon pri pou 20 lane. Y ap bay fon CDBG-DR yo a aplikan ki kalifye yo atravè yon pwosesis aplikasyon ki konpetitif.

DEO a pwopoze ativite Nouvo Pwogram Konstriksyon Lojman Bon Mache pou Mendèv sa yo nan pwogram sa:

- DEO a ap travay nan patenarya ak FHFC pou eksplwate fon CDBG-DR ak lòt sous finansman yo ki genyen, men ki pa limite ak, Kredi Taks pou Lojman pou Moun ki Gen Ti Revni ak Finansman Bon ki Egzonere de Taks.
- DEO a ap travay nan patenarya ak FHFC pou itilize fon CDBG-DR otonòm yo pou bay prè a zewo enterè pou kreye devlopman ki pi piti, nouvo devlopman milti fanmi.

FHFC rele aplikasyon li yo Demann pou Aplikasyon (Requests for Applications, RFA). Si gen lajan ki rete apre pwosesis seleksyon finansman an fini nan yon RFA epi pa gen lòt aplikan ki kalifye pou chwazi finansman nan RFA ki idantifye a, lè sa, yo pral distribye lajan ki rete a nan bidjè finansman total yon lòt RFAa. Pa egzanp, si tout aplikasyon ki kalifye yo finanse nan Nouvo Konstriksyon Lwaye Bon mache pou Mendèv (Workforce Affordable Rental New Construction): RFA Devlopman Ti Lwaye, men \$7 milyon rete nan bidjè a san sèvi, FHFC ap kapab redistribye rès \$7 milyon an pou finanse yon aplikasyon ki pa gen finansman nan Nouvo Konstriksyon Lwaye Bon mache pou Mendèv: Pwofite de fon CDBG-DR oswa Akizisyon Teren pou Lojman Bon Mache pou Mendèv.

FHFC ap mete kritè pou fikse priyorize pwojè yo pwopoze nan kad pwogram sa yo nan Lojman Abòdab Mendèv - Demann Aplikasyon pou Nouvo konstriksyon (Request For Application, RFA). Direktiv sa yo ap disponib sou paj wèb FHFC epi yo pral demonstre kijan pwogram yo pral favorize lojman bon mache nan Zòn HUD ak Eta a deziyen ki Pi Afekte e ki Pi nan Difilikte yo.

Lwaye Bon Mache

N ap itilize definisyon FHFC lwaye bon mache yo ke yo bay sou [sitwèb](#) sa.

Nouvo Konstriksyon Lwaye Bon Mache pou Mendèv: Itilizasyon Fon CDBG-DR ak Lòt Sous Finansman

Lè sa apwopriye nan kominate HUD idantifye ki pi afekte e ki pi nan difilikte yo, yo ka itilize fon CDBG-DR nan fason ki efikas avèk 4 poustan Kredi Taks Lojman pou Moun ki Gen Ti Revni, Finansman Obligasyon ki Egzonere pou Taks lokal oswa Eta, 9 poustan Kredi Taks Lojman pou Moun ki Gen Ti Revni nan zòn limite ki gen gwo depans ouben lòt finansman pou pwodwi nouvo inite lojman bon mache pou lwe. Zòn gwo depans yo se kote depans devlopman yo tèlman wo ke yon obligasyon / apwoch LIHTC/CDBG-DR 4 poustan ki pa konpetitif (oubyen CDBG-DR sèlman) p ap sifi. Itilizasyon prensipal fon yo se ap kredi taks. Y ap bay Fon CDBG-DR yo kòm prè zewo enterè ranbousab pou devlopè lojman prive ki pou pwofi ak sa ki pa pou pwofi, ak otorite lojman publik yo.

Pou inite yo devlope avèk finansman minimòm ki rezève pou Florida Keys yo, li pa toujou pi bon pou itilize fon CDBG-DR yo ak lòt sous finansman pou devlope pi gwo pwojè akòz pwoblèm inik itilizasyon tè nan Konte Monroe. Pakonsekan, anplis devlopman lokasyon tradisyonèl yo, y ap otorize ak bay ak priyorate pou lòt kalite devlopman lokasyon varye. Sa yo ka gen ladan kay lokasyon pou yon sèl fanmi, devlopman lokasyon ki gaye toupatou ak devlopman lokasyon ki fè pati yon fidisi tè komunitè (Community Land Trust, CLT). Pou devlopman sa yo, yo ka itilize lajan CDBG-DR yo pou bay finansman otonòm oswa yo kapab sous prensipal fon ki nesesè pou finanse devlopman an.

Limit sibvansyon maksimòm yo ap swiv Pwogram Patenarya Envestisman KAY (HOME Investment Partnership Program) pa limit inite e l ap sible fanmi ki gen ti revni ak revni mwayen yo. Inite ki te kreye dapre pwogram sa, ominimòm, ap swiv kalandriye Pwogram Lwaye HOME nan oubyen lòt sous finansman ki itilize pou finanse devlopman ak yon kalandriye ki pi strik ak l ap rezève pou peryòd pa pri CDBG-DR a plis peryòd ba pri ki pi long lòt sous finansman an egzije a (tankou FHFC oubyen Obligasyon ki Egzante de Taks ak / oswa Kredi Taks pou Lojman pou Moun ki gen Ti Revni, pa egzanp). Nan ka kote yon pwogram gen egzijans ki gen mwens restriksyon, y ap aplike pwogram ki pi strik la pou asire ke yo reponn a tout egzijans yo. Pou yo konsidere pou finansman sa, y ap egzije aplikan ki kalifye yo pou yo demare konstriksyon an, demonstre eksperjans nan devlope epi jere lojman bon mache nan gwosè ak nivo devlopman yo pwopoze a epi genyen yon strikti finansman ki eksplwate finansman

Plan Aksyon Eta Florida pou Rekiperasyon apre Katastwòf

CDBG-DR la. Pou asire fezabilite a, devlopman yo pwopoze a ap anrejistre datre nòm souskripsyon ki anvigè nan FHFC.

Tout lòt konstriksyon lojman ap reponn ak egzijans elevasyon Avi Rejis Federal 9 fevriye 2018 la ak egzijans acha NFIP a anvan kòmansman aktivite konstriksyon yo nan konfòmite ak paj 61 a paj 65 Avi Rejis Federal la. Politik ak pwosedi ki detaye yo ap devlope nan yon lòt dat pa FHFC.

Alokasyon pou Aktivite: \$120,000,000

Aplikan ki Kalifye: Y ap antre Aplikan ki Kalifye yo ap antre nan devlopè lojman pou pwofi ak sa ki pa pou pwofi yo, ak otorite lojman publik yo ki gen eksperyans nan devlope epi jere pwopriyete pou lwe nan gwo sè ak nivo devlopman yo posede a. Gouvènman lokay yo ka fe patenarya ak antite sa yo nan aplikasyon pou fon sa yo.

Kritè Kalifikasyon: Devlopman yo pwopoze a dwe ede abòde bezwen ki pa satisfè nan zòn HUD idantifye kòm zòn ki pi afekte e ki pi nan difikilte yo, oubyen zòn ki afekte pa siklòn yo e Eta a jije kòm yon priorite

Y ap egzije tout devlopman ki finanse yo pou reponn a kritè sa yo:

- Nòm Konstriksyon Ekolojik
- Nòm Efikasite Enèji
- Nòm Aksè ak Vizibilite
- Nòm Rezistans

Alokasyon Maksimòm: \$12,000,000

Antite Responsab pou Administre: Antrepriz Finansman Lojman Florida (Florida Housing Finance Corporation)

Elijiblite: 105(a)(2)

Objektif Nasyonal: Pou benefisyé ti revni ak revni mwayen

***Remak:** *Antrepriz Finansman Lojman Florida ka anvizaje ogmante montan limit pa inite a. Pou fè sa, aplikan potansyèl yo dwe soumèt enfòmasyon ki sifilan ak presi ki jistifye bezwen atravè kòmantè publik. Yo ka soumèt kòmantè publik la a: <https://www.floridahousing.org/programs/developers-multifamily-programs/competitive/2018/community-development-block-grant-disaster-recovery-programs/public-comments>*

Nouvo Konstriksyon Lwave Bon Mache pou Mendèv: Finansman pou Developman Ti Inite pou Lwe

Li pa fezab pou finanse nouvo devlopman pou lwe ak Finansman Obligasyon ki gen Egzanpsyón Taks yo nan kèk zòn ki afekte pa siklòn nan nan Eta a; li vrè patikilyèman pou konte ki pi piti yo, ki gen mwens popilasyon HUD a idantifye kòm zòn ki pi afekte epi ki pi nan difikilte yo. Sa fèt prensipalman akoz bezwen pou pwopriyete ki pi piti yo kote finansman Obligasyon ki gen Egzanpsyón Taks yo pa rantab. Nan Zòn sa yo, y ap itilize CDBG-DR pou bay sous finansman otonòm oubyen prensipal pou finanse devlopman an. Y ap bay fon CDBG-DR kòm prè zewo enterè, ranbousab.

Devlopman nan strateji sa ap 50 inite oubyen mwens pou asire vyabilite pwojè a. Limit sibvansyon maksimòm nan ap vini apre Pwogram Patenarya Envestisman KAY la pa limit inite e l ap sible fanmi ki gen ti revni ak revni mwayen yo. Inite ki kreye nan pwogram sa, ominimòm, ap swiv kalandriye lwave Pwogram KAY (HOME) nan ki etabli a oubyen nenpòt lòt sous finansman ki itilize pou finanse devlopman an ak yon kalandriye lwave ki pi restenn e l

Plan Aksyon Eta Florida pou Rekiperasyon apre Katastwòf

ap rezèv pou peryòd pri abòdab CDBG-DR egzije a plis yon lòt peryòd itilizasyon pwolonje pa FHFC a. Nan yon pwogram gen mwens obligasyon restriksyon, y ap aplike pwogram ki pi strik la pou asire ke tout egzijans yo respekte. Pou yo konsidere pou finansman an, aplikan ki kalifye yo ap dwe montre disponiblite a pou yo lanse konstriksyon an epi demontre eksperyans yo nan devlopman lojman bon mache nan gwochè ak nivo devlopman yo pwopoze a. Pou asire fezablite, devlopman yo pwopoze a ap anrejistre dapre nòm souskripsyon ki anvigè nan FHFC.

Alokasyon pou Aktivite: \$20,000,000

Applikan ki Kalifye: Y ap antre Applikan ki Kalifye yo ap antre nan devlopè lojman pou pwofi ak sa ki pa pou pwofi yo, ak otorite lojman publik yo ki gen eksperyans nan devlope epi jere pwopriyete pou lwe nan gwochè ak nivo devlopman yo. Gouvènman lokal yo ka fè patenarya ak antite sa yo pou finansman.

Kritè Kalifikasyon: Devlopman yo pwopoze a dwe ede abòde bezwen ki pa satisfè nan zòn HUD idantifye kòm zòn ki pi afekte e ki pi nan difikilte yo, oubyen zòn ki afekte pa siklòn yo e Eta a jije kòm yon priyorate

Y ap egzije tout devlopman ki finanse yo pou reponn a kritè sa yo:

- Nòm Konstriksyon Ekolojik
- Nòm Efikasite Enèji
- Nòm Aksè ak Vizibilite
- Nòm Rezistans

Alokasyon Maksimòm: \$7,000,000

Antite Responsab pou Administre: Antrepriz Finansman Lojman Florida (Florida Housing Finance Corporation)

Elijiblite: 105(a)(2)

Objektif Nasional: Pou benefisyé ti revni ak revni mwayen

***Remak:** Antrepriz Finansman Lojman Florida ka anvizaje ogmante montan limit pa inite a. Pou fè sa, aplikan potansyèl yo dwe soumèt enfòmasyon ki sifilan ak presi ki jistifye bezwen atravè kòmantè publik. Yo ka soumèt kòmantè publik la a: <https://www.floridahousing.org/programs/developers-multifamily-programs/competitive/2018/community-development-block-grant-disaster-recovery-programs/public-comments>.

Akizisyon Teren pou Lojman Bon Mache pou Mendèv

Finansman pou achte teren pou devlopman lojman bon mache nesesè tou pou abòde bezwen lojman mendèv la nan kiminote yo atravè eta a. Sa valab espesyalman nan Florida Keys ak lòt zòn nan Eta a kote rate teren fè pri yo monte epi li kapab rann li difisil pou devlope pwopriyete ke mendèv nan yon kominote kapab lwe nan yon pri ki bon mache. DEO a nan patenarya ak FHFC, ap jere yon pwogram k ap founi finansman pou acha teren ak yon priyorate pou angajman publik / prive fòmèl pou devlope lojman bon mache. Pwopriyete yo ap anrejistre, pou asire ke yo resevwa nivo sibvansyon ki apwopriye a. Yo ka itilize pwogram pou konplete Nouvo Pwogram Konstriksyon Bon Mache pou Lwe pou Mendèv la pou asire ke bezwen lojman bon mache yo satisfè. Yo ka posede teren an separeman ak devlopman lojman bon mache yo e l ap soumèt ak restriksyon pwopriyete pou asire aksè a yon bon pri alontèm.

Alokasyon pou Aktivite: \$20,000,000

Aplikan ki Kalifye: Y ap antre Aplikan ki Kalifye yo ap antre nan devlopè lojman pou pwofi ak sa ki pa pou pwofi yo, gouvènman lokal ak otorite lojman publik yo ki gen eksperyans nan devlope epi jere pwopriyete pou lwe nan gwosè ak nivo devlopman yo posede a.

Kritè Kalifikasyon: Acha teren yo pwopoze a dwe ede abòde bezwen ki pa satisfè nan zòn HUD idantifye kòm zòn ki pi afekte e ki pi an detrès yo, oubyen lòn ki afekte pa siklòn yo e eta a jije kòm yon priyorite

Alokasyon Maksimòm: \$5,000,000

Antite Responsab pou Administre: Antrepriz Finansman Lojman Florida (Florida Housing Finance Corporation)

Elijiblite: 105(a)(2)

Objectif Nasional: Benefis pou ti revni ak revni mwayer

3.4.6 Pwogram Racha Kay Volontè

Redwi risk inondasyon nan zòn inondasyon yo se yon priyorite pou Eta Florida. Divizyon Jesyon Ijans Florida (Florida Division of Emergency Management , FDEM) te rekòmande tout konte yo pou konsantre sou akizisyon pwopriyete san asirans inondasyon nan Zòn Risk Inondasyon Espesyal yo. Lè I rekonèt gran bezwen sa, DEO a ap kreye yon pwogram racha kay volontè pou ankouraje rediksyon risk nan acha pwopriyete rezidansyèl nan zòn risk inondasyon yo. Se responsabilite sou-benefisyè ki enterese pou pouswiv pwojè racha a pou sipòte epi bay:

- Estimasyon
- Tit ak sèvis legal
- Sèvis konsèy pou pwopriyetè kay
- Revizyon anviwònmantal, ak
- Pwosesis racha ki asosye yo.

Konte ki enterese pou patisipe yo ap genyen de opsyon finansman posib pou fè racha kay.

Premye opsyon an se itilize finansman CDBG-DR kòm ekivalan pou pwojè ki kalifye tou pou pwogram sibvansyon Asistans pou Diminisyon Risk (Hazard Mitigation Assistance (HMA)).

Dezyèm opsyon an se travay dirèkteman avèk DEO a sou pwojè ki sitiye nan zòn ti revni ak revni mwayer yo pou racha rezidansyèl zòn sa pou sipòte espas ouvè pèmanan ki kore enfrastrikti ekolojik oubyen lòt sistèm jesyon nan plèn inondab yo.

Pwogram CDBG-DR ap dirije a ap satisfè oswa depase Objektif Nasional Revni Ba ak Modere an jeneral lè li egzije tout aktivite pou satisfè tout kondisyon Lwa sou Lojman ak Devlopman Kominotè 1974, ak youn nan kritè sa yo jan sa endike nan 83 FR 5864:

1. **Benefis nan zòn revni ki ba- ak - modere (LMA):** pwopriyete yo genyen nan racha yo pral itilize nan yon fason ki benefisyè yon zòn sèvis kote omwen 51 poustan nan rezidan yo se LMI.
2. **Kritè Komisyon pou Lojman Ba / Modere (LMHI):** racha a dwe se yon kay LMI ki kalifye, epi yo itilize yon komisyon lojman nan bi pou yo deplase andeyò plèn inondasyon ki afekte a nan yon zòn ki gen risk inondasyon redwi.

DEO ap bay priyorite pwojè acha konsantre sou akizisyon konsantrasyon nan zòn rezidansyèl ki satisfè kondisyon yo pou zòn revni ki ba ak modere.

DEO pral pèmèt tou pwojè ki fèt pou satisfè bezwen ki gen yon ijans patikilye ki itilize Objektif Nasional Bezwen Ijan an.

Vil ak konte ki enterese nan pwogram sa, ap travay avèk ekip DEO a gen kontra ak yo pou detèmine fezabilite pwojè a. Depi yo detèmine yon pwojè fezab, lap kalifye pou finansman nan pwogram sa. Yo ankouraje gouvènman lokal yo pou ekspligate fon ekivalan sa nan pwogram sa e y ap kalifye tou pou enkli motivasyon pou pwopriyetè kay pou ankouraje relokasyon.

Anplis kritè pou opsyon pwogram racha kay pwopriyetè yo, ki enkli yon pwosesis kat jewografik pou kowòdinasyon ak Divizyon Jesyon Ijans Florida a, ap detaye nan enstriksyon Pwogram Racha Kay la ki gen pou pibliye apre apwobasyon plan aksyon sa. DEO a ap jere kontra sou-benefisyè yo dirèkteman ak gouvènman lokal ki kalifye epi kowòdone ak patnè FDEM yo sou evalyasyon aplikasyon pwojè ki egzije revizyon resous anviwònmantal ak kiltirèl ak mizanplas pwojè a kote ki aplikab.

Pou tout pwopriyete sou-benefisyè yo akeri pa mwayer Pwogram Racha Volontè Kay, yon kontra restriksyon, pou toutan (sètadi li fonksyone ak teren an), ki entèdi tout redvelopman alavni nan sit la dwe anrejistre lè fèmti tranzaksyon an. Nouvo devlopman an t ap sou yon sit altènatif ki gen mwens risk inondasyon e li t ap konstiwi dapre kòd konstriksyon, nòm elevasyon, epi reponn a egzijans CDBG-DR.

Pwopriyete ki te resevwa reyabilitasyon oubyen reparasyon atravè Pwogram Reparasyon Lojman an p ap kalifye pou asistans nan Pwogram Racha Kay Volontè a. Men, sou yon baz ka pa ka, inite lojman ki te demoli atravè Pwogram Racha Kay Volontè a ka kalifye pou nouvo konstriksyon, ranplasman nan yon zòn ki pa zòn racha a, atravè Pwogram Reparasyon Kay la, nan diskresyon DEO a.

Pa gen plas presi oubyen bezwen pwopriyete pou achte, byenke DEO a ka limite rechèch li a pou lòt kote a yon zòn jewografik jeneral. Kote DEO a swete achte plis pase yon sit nan yon zòn jewografik sou baz sa, yo trete tout pwopriyetè yo menm jan.

Pwopriyete y ap achte a pa fè pati yon zòn pwojè previ, planifie oubyen konsi kote tout oubyen prèske tout pwopriyete nan zòn nan pou achte nan limit tan presi. DEO a p ap achte pwopriyete a si negosyasyon yo pa reysi a rezulta nan yon akò amikal, e pwopriyetè a enfòme alekri. DEO a ap enfòme pwopriyetè a alekri de sa li kwè ki se valè pwopriyete a sou mache a. Ekspè Imobiliye Agreye nan Florida (Florida Licensed Real Estate Appraisers) ap itilize valè pwopriyete a nan pwogram racha a. DEO a ap ofri pwopriyetè kay la valè aktyèl mache ki jis kay la jan yo te evalye li apre siklòn nan.

Anplis, DEO a ap etabli politik sou ankourajman lojman. Règleman DEO yo ap asire ankourajman lojman li yo annakò avèk egzijans Dwa Sivil ak Favorize Lojman Ekitab epi pa gen okenn diskriminasyon kont yon klas ki pwoteje.

Alokasyon pou Aktivite: \$28,626,309.33

Aplikan ki Kalifye: Konte ak minisipalite nan konte sa yo ki te resevwa yon deklarasyon nan IA FEMA ak PA apre Siklòn Irma.

Kritè Kalifikasyon: Zòn racha ki pwobab pou yon pwojè ki reyalizab k ap reponn a benefis LMA oswa LMHI.

Alokasyon Maksimòm: \$5,000,000

Antite Responsab pou Administre: Inite Gouvènman Lokal Jeneral (Units of General Local Government, UGLG)

Kalifikasyon: HCDA 105(a)(1), 83 FR 5844-35 Ensitasyon pou lojman nan kominate ki afekte pa katastwòf yo

Objektif Nasional: Pou benefisye ti revni ak revni mwayer ak bezwen ijan.

Reyitilizasyon Pwopriyete a ki Kreyatif epi Konpatib

DEO a ap kreye enstriksyon ak pi bon pratik pou kominate yo konsidere sou fason pwopriyete y ap achte atravè pwogram sa ka itilize pou avantaj publik, ki reponn a egzijans HUD yo pou espas ekolojik pèmanan. Sa ka genyen ladan I modèl rekiperasyon dlo lapli, espas pak ak lòt egzanp. Y ap ankouraje kominate ki patisipe nan pwogram sa a pou genyen yon plan pou fason pwopriyete sa ap itilize alavni pou diminye risk inondasyon plis epi / oubyen sèvi kòm yon espas rekreyatif pou publik la.

3.4.7 Peryòd Bon mache

Pwopriyete kap chèche asistans nan pwogram Lojman Rebatí Florid yo ki nan lis plan aksyon Eta Florid la ka oblige pou konfòme yo ak kondisyon peryòd abòdab yo.

Kondisyon bon mache yo se:

1. Reyabilitasyon oswa rekonstriksyon pwojè lokasyon miltifamillyal ki gen senk inite oswa plis pral egzije pou pwopriyete lokasyon y ap ede a rete bon mache pou lokatè LMI yo pandan 15 ane omwen. Asistans pou Otorite Lojman publik yo ka fè pati kategori sa a.
2. Nouvo konstriksyon pwojè lokasyon miltifamillyal ki gen senk inite oswa plis pral egzije pou pwopriyete lokasyon y ap ede a rete bon mache pou lokatè LMI yo pandan 20 ane omwen.
3. Peryòd bon mache pou inite lojman lokasyon pou yon sèl fanmi yo ap 5 ane omwen. Otorite Lojman Publik k ap chèche reyabilitasyon oswa rekonstriksyon inite lojman pou plizyè fanmi yo dwe asire pwopriyete lokasyon y ap ede a rete bon mache pou lokatè LMI yo pandan 15 ane omwen (si gen uit inite oswa plis).
4. Yo ka bay konsiderasyon espesyal pou pwopriyetè pwopriyete lokasyon nan Florida Keys dapre desizyon sou chak ka apa.

Lwaye Abòdab

Pwopriyete kap chèche asistans nan pwogram Lojman Rebatí Florid la ki nan lis plan aksyon eta Florid la ka oblige konfòme yo ak kondisyon peryòd abòdab yo. Kondisyon abòdab yo se:

- Lwaye a bon mache pou lojman ki egziste deja pou inite ki konparab nan zòn nan jan sa te etabli pa HUD anba 24 CFR 888.111; oswa
- Yon lwaye ki pa depase 30 pouasan nan revni ajiste yon fanmi ki gen revni anyèl egal a 65 pouasan nan AMI a, jan yo detèmine pa HUD, avèk ajisteman pou kantite chanm nan inite a. Limit pri lwaye KAY HUD yo ap gen ladan lokasyon mwayèn pou chak inite ak ipotèz revni ajiste.

Repriz

Si aplikan an manke konfòme li avèk kondisyon abòdab pwogram lan, pwogram lan ap egzèse dwa li nan rekipere kantite lajan konplè asistans yo te bay la. Politik pwogram lan pral tabli pwosesis pwogram lan pral itilize pou aplike dispozisyon sa a.

3.5 Aktivite Relans Ekonomik

Pwogram lojman Florida a, ki detaye anlè a, pral adrese gwo nesesite ki pa satisfè pou retablisman lojman atravè eta a. Sepandan, rekiperasyon pou moun ak kominate yo dwe enkli konsiderasyon biznis yo ak djòb ki bay sèvis ak travay. Jan yo rekonèt li nan evalyasyon bezwen ki pa satisfè yo, biznis ak ekonomi lokal yo te afekte anpil pa Siklòn Irma. Moun ki gen travay oswa biznis ki te afekte nan tanpèt la ka gen difikilte pou jwenn oswa kenbe lojman akòz pèt revni. Anplis, yo antisipe ke bezwen rekiperasyon ak re-devlopman yo gen chans pou l mete aksan sou mendèv konstriksyon kounye a, k ap mennen bezwen pou pwogram yo sipòte kwasans mendèv ki kalifye: oblige

kenbe aktivite retablisman lojman yo. Pou asire retablisman konplè nan kominote yo, li esansyèl ke Eta Florida a sipòte biznis yo ak mache travay la nan aktivite ki fèt pou adrese bezwen retablisman ekonomik ki pa satisfè yo.

Florid ap bay priyорite ak revitalizasyon ekonomik ak aktivite asistans piblik ki konsève oswa kreye djòb, ansanm ak aktivite ki bay fòmasyon ak sèvis sipò pou moun Florid yo jwenn travay epi rete ap travay. De pwogram retablisman ekonomik ki dekri anba a yo fèt avèk objektif retablisman alontèm pou biznis yo, mache travay la ak tout kominote a.

Pou adrese bezwen retablisman esansyèl sa yo, DEO pral aplike pwogram revitalizasyon ekonomik ak asistans piblik ki anba yo:

- Pwogram Fòmasyon pou Amelyorasyon Mendèv

3.5.1 Pwogram Fòmasyon pou Amelyorasyon Mendèv

Siklòn Irma te gen yon enpak siyifikatif sou rezèv lojman an, sa ki te kreye plis demann pou nouvo konstriksyon ak aktivite reparasyon kay, ak plis enpak sou konstriksyon komèsyal ak aktivite reparasyon yo. Demann ogmante pou aktivite konstriksyon sa yo apre Siklòn Irma te kreye oswa ogmante defisi apwovizyonman nan anpil okipasyon konstriksyon. Evalyasyon bezwen ki pa satisfè yo montre yon defisi apwovizyonman alontèm pou travayè kalifye nan plizyè metye konstriksyon. Nan adrese bezwen ki pa satisfè yo nan metye konstriksyon yo, Florid ka bay yon nouvo fòs travay pou sipòte demann ogmante pou konstriksyon apre katastwòf la, epitou pou sipòte moun Florid yo kap chèche nouvo travay nan ekonomi apre katastwòf la.

Pou asire gen resous pou sipòte bezwen retablisman ki rete yo, DEO a ap mete anplas yon pwogram fòmasyon pou amelyorasyon mendèv ki ka genyen ladan I, men ki pa limite ak domèn:

- Plafonye;
- Mason;
- Chapant;
- Finisyon beton;
- Plonbri;
- HVAC (heating, ventilation, and air conditioning: chofaj, ventalasyon ak è kondisyone);
- Elektrisite;
- Operasyon ekipman lou;
- Poze tapi;
- Enstalasyon vit/fenèt;
- Platraj;
- Soudi;
- Fòmasyon pèsonalize; ak
- Fòmasyon sou Plas (On-the-Job Training, OJT).

DEO ap chwazi antite pou delivre sèvis fòmasyon mendèv atravè yon sik aplikasyon konpetitif. DEO ap chèche pwopozisyon ki soti nan Tablo Developman Mendèv Lokal kalifye, enstitusyon edikatif, ak sant teknik, ki pral dekri sèvis yo ka bay nan kominote ki afekte yo. **Pwogram sa a se pa yon pwogram sibvansyon dirèk. Pa gen lajan yo pral peye dirèkteman bay moun k ap chèche fòmasyon travay.**

Seksyon 3 pwogram nan egzije benefisyè finansman CDBG-DR yo bay nan limit ki pi elaji posib, fòmasyon, travay, kontra ak lòt opòtinite ekonomik pou moun ki gen ti revni ak revni mwayen yo ak pou preyokipasyon biznis yo ki bay opòtinite ekonomik pou moun ki gen ti revni ak revni mwayen. Sou-benefisyè yo pral gen obligasyon pou

demonstre efò pou anboche ak sible rezidan k ap resevwa asistans publik yo ak moun ki gen ti revni ak revni mwayen. Anplis de sa, sou-benefisyè yo pral gen obligasyon pou demonstre efò pou ke diplome ki reyisi yo nan fòmasyon sa jwenn referans nan biznis ki sipòte pa oswa k ap travay sou nenpòt pwojè CDBG-DR finance pou reponn a objektif kontra Seksyon 3 a.

Alokasyon pou Aktivite: \$12,607,765

Sou-benefisyè kalifye yo: Tablo Devlopman Mendèv Lokal, enstitisyon edikatif ak sant teknik

Alokasyon Maksimòm: N/A

Antite Responsab pou Administre: DEO, sou-benefisyè

Elijiblite: HCDA 105(a)(8)

Objektif Nasyonal: Pou benefisyè ti revni ak revni mwayen ak bezwen ijan.

3.6 Aktivite pou Repare ak Limite Dega nan Enfrastrikti yo

Eta Florid te fè anpil gwo envestiman nan aktivite pou limite dega pandan dènye 25 ane ki sot pase yo pou asire enfrastrikti yo kapab reziste enpak van ak evènman inondasyon yo. Ouragan Irma te yon bèle reyisit pou eta a paske evalyasyon dega enfrastrikti yo pa te elve jan yo te prevwa gras a gran jan envestisman sa a ki te fèt toupatou nan eta a. DEO pral kontinye ranfòse enfrastrikti eta a pa mwayen kreyasyon Pwogram pou Repare nan Enfrastrikti ki otorize kominote yo itilize CDBG-RD pou rantabilize lòt sous finansman tankou Pwogram Sibvansyon pou Redui Danje a (HMGP), Pwogram Asistans Publik 406 pou Limite Dega a (406 PA). Gen kèk kominote ki pa an mezi pou yo konplètman itilize lòt resous sa yo apre yon katastwòf paske finansman lajan kach ki gen derezèv la gentan fin depanse nan efò rekiperasyon apre katastwòf yo epi yo pa kapab satisfè egzijans pou fon korespondan lokal yo. Lè yo otorize gouvènman lokal yo rantabilize finansman CDBG-DR la kòm fon korespondan, sa pral pèmèt kominote yo, espesyalman gouvènman lokal, riral ki pi piti yo, pi byen itilize tout resous ki disponib pou yo.

Y ap abòde avantaj-pri nan kad elaborasyon politik ak pwosedi yo. DEO rekonèt ke aktivite enfrastrikti yo ka gen risk enprevi ki ka potansyèlman afekte kominote yo. Avèk konpreshansyon sa a, DEO pral swiv direktiv ki preskri nan Rejis Federal la pou evite gen enpak demezire sou popilasyon vilnerab yo ak enjistik anviwònmantal. Anplis de sa, DEO rekonèt enpòtans rezistans kont tanpèt yo alavni, epi yo pral deplwaye teknoloji adaptab ak fyab pou pwoteje enfrastrikti yo pou yo pa kraze avan lè yo. DEO pral dekri mizannèv itilizasyon teknoloji sa yo, lè sa aplikab, nan manyèl politik ak pwosedi pwogram lan.

3.6.1 Pwogram pou Repare nan Enfrastrikti

Yo te lanse Pwogram Reparasyon Enfrastrikti Rekonstrui Florid nan Depatman Opòtinite Ekonomik Florid la (DEO) orijinalman avèk \$85 819 653 pou finanse pwojè amenajman ak amelyorasyon nan kominote Ouragan Irma te afekte, e li te imedyatman ogmante pa yon adisyonèl \$ 102,432,105. Nan dat 27 janvye 2020, HUD te pibliye direktiv federal pou \$38 637 745 anplis y ap bay Florid atravè fon CDBG-DR yo pou sipòte efò rekiperasyon alontèm apre dega Ouragan Irma epi satisfè bezwen Enfrastrikti ki pa satisfè. Yo genyen idantifye yo dwe distribye apeprè \$226 milyon nan Pwogram pou Repare nan Enfrastrikti a. Sepandan, DEO te reyasiyen \$ 170,192,588.86 ki te swiv pa yon lòt \$705,409.31 nan Pwogram Reparasyon Enfrastrikti a bay HRRP pou yo ka satisfè bezwen lojman ki pa satisfè yo. \$56,456,764.14 pral distribye atravè pwogram Reparasyon Enfrastrikti a. Ouragan Irma te afekte sistèm enfrastrikti anpil kominote tankou dega nan wout yo, pon yo, ak plaj eta yo. Y ap distribiye finansman bay kominote Ouragan Irma te afekte yo pa mwayen yon sik aplikasyon konkiranàyèl kote y ap bay priyorite a pwojè

ki ka demonstre bezwen ijan, yo prè pou kòmanse, ak avantaj LMI sa a. Kote sa posib, DEO pral rantabilize lòt sous yo tankou finansman Asistans Publik FEMA pou yo reponn a rès bezwen ijan ak bezwen ki pa satisfè ki gen nan kominote yo avan.

Aktivite elijib nan kad pwogram sa a ka gen ladan, men pa sèlman pwojè ki annapre la yo:

- Restorasyon enfrastrikti ki andomaje nan Siklòn Irma (tankou enstalasyon dlo ak egou, lari, retire debri, drenaj, pon, elatriye).
- Demolisyon ak reyabilitasyon biling komèsyal oswa endistriyèl publik oswa prive.
- Renovasyon sistèm pwoteksyon bit sab bò lanmè ak plaj leta yo.
- Reparasyon biling ki andomaje ki enpòtan anpil pou sante, sekirite ak byennèt yon kominote lè reparasyon nan biling sa yo reprezante yon bezwen ijan (sa ka gen ladan pòs polis, estasyon ponpye, pak ak sant Iwazi, sant kominotè ak pou granmoun aje, lopital, klinik, lekòl ak enstalasyon edikasyon, lòt pwopriete publik).
- Reparasyon nan kanalizasyon ak sistèm dlo, kanalizasyon ak sistèm egou, drenaj ak sistèm pou diminisyon inondasyon.

Anvan ouvèti sikl aplikasyon konkiran syèl pou Pwogram Reparasyon Enfrastrikti ak Diminisyon Risk la, DEO ap voye yon anons pa mwayen lis adrès li a ki dekri detay sou pwogram sa a ansanm avèk yon anons sou paj entènèt DEO ou ka jwenn [la a](#). DEO ap òganize yon fòmasyon avan-aplikasyon pou moun ki enterese nan pwogram nan. Fòmasyon avan-aplikasyon an pral abòde detay konplè pwogram lan. Yo pral anonse fòmasyon sa a tou sou paj wèb la. Answit, apre yon atribisyon pwovizwa, DEO pral òganize yon lòt fòmasyon avan-aplikasyon. Fòmasyon sa a pral kouvri tout materyèl ak atant pou sou-benefisyè yo. Apre yon atribisyon, DEO ap òganize fòmasyon, si sa nesesè.

Sik Aplikasyon Konkiransyèl

Aplikan yo pral chwazi pwojè oswa pwogram yo pwopoze nan DEO pou finansman annakò avèk limit ak objektif DEO. Limit sa yo se:

- Pwojè yo dwe demonstre yo lye ak siklòn Irma
- Pwojè yo pa dwe double avantaj yo.

DEO pral detèmine tou nan ki degré pwojè oswa pwogram yo pwopoze yo bay sipò pou objektif sa yo:

- Pwojè yo dwe reponn a bezwen lojman LMI nan kèk fason,
- Pwojè yo dwe sèvi sitou popilasyon LMI yo, oswa
- Demontre yon bezwen ijan nan kominote a

DEO ap konsidere LMI anpremye kòm objektif nasyonal pou pwojè enfrastrikti yo. Objektif nasyonal ijan bezwen ap sèvi sèlman si pwojè a pa LMI, men li nesesè pou soulaje kondisyon ijans yo. Lè y ap itilize bezwen ijan kòm yon objektif nasyonal, DEO ap jwenn jistifikasiyon nan men gouvènman lokal la oswa minisipalite a sètifye ijans kondisyon an.

16. Kèk moun ki kòmante eksprime enkyetid yo ak nòm eta yo ou monte estrikti yo 2 pye pi wo nivo baz elevasyon inondasyon an, pa rapò ak 3 pye pi wo baz elevasyon kont inondasyon an. Kòmantè yo te eksplike ke Pwogram Asirans Nasjonal ont Inondasyon an (National Flood Insurance Program, NFIP) ofri rabè nan yon to ki pi wo lè estriti yo 3 pye pi wo pase baz elevasyon inondasyon an. Te genyen konfizyon tou sou ki konte ak vil ki te patisipe nan NFIP a.

Repons Pèsonèl la:

DEO a ap respekte egzijans wotè minimòm ki fise nan Avi Rejis Federal 9 fevriye 2018 la, e li ka leve jiska 3 pye pi wo pase nivo elevasyon baz inondasyon an pou mèt pwopriyete a pou li ka kalifye pou rabè sou prim asirans inondasyon NFIP a lè li koute montan ki rezonab pou eta a fè sa e lè li pa kreye lòt konfli.

17. Yon moun ki kòmante te eksprime enkyetid a plan eta a pwopoze yo pou repare kay fabrike yo. Moun ki kòmante a fè referans ak vilnerabilite Konte Monroe e li te enkyete ke kay mobil nan konte a pa t kalifye pou ranplasman. Konte a santi ke toutotan kay mobil yo respekte kòd konstriksyon Florida ak rèbleman plèn inondab yo, li ta dwe kalifye pou ranplasman. Lòt moun ki kòmante yo te mande pou yo rezève finansman presi pou repare kay sa yo.

Repons Pèsonèl la:

Plan Asyon ki pwopoze a pèmèt swa reparasyon oubyen ranplasman kay fabrie ki domaje pa Siklòn Irma yo.

18. Yon moun ki kòmante te mande klarifikasyon sou Pwogram Racha Kay eta a pwopoze a. Te genyen konfizyon sou sa yo ta ka mande aplikan yo fè ak teren an, tankou si li te otorize pou fè teren yo tounen espas ouvè oubyen si yo t ap otorize nouvo konstriksyon?

Repons Pèsonèl la:

Objektif Pwogram Racha Kay Volontè a se pou ankorage diminisyón risk nan acha pwopriyete rezidansyèl nan zòn ki gen gwo risk inondasyon yo. Aplikan pou pwogram sa ap kapab swa ekspwate fon CDBG-DR la kòm yon ekivalan pou pwojè ki kalifye tou pou Pwogram Sibvansyon pou Diminisyón Risk (Hazard Mitigation Grant Program, HMGP), oubyen travay dirèkteman ak DEO a sou pwojè ki sitiye nan zòn ki gen moun ki gen ti revni ak revni mwayen yo pou sipòte pou fè teren yo achte yo tounen espas ouvè ki sipòte enfrastrikti ekolojik oubyen lòt sistèm jesyon plèn inondab yo.

19. Yo te mande klarifikasyon sou rezime egzijans kalifikasyon pou Pwogram Reparasyon Lojman an.

Repons Pèsonèl la:

Rezime seksyon egzijans kalifikasyon pou Pwogram Reparasyon Lojman an detaye egzijans kalifikasyon ki nesesè pou sèvi pwopriyetè kay ak pwopriyetè imèb ki pou lwe yo. Kritè yo genyen ladan yo: domaj ki dokimante nan Siklòn Irma, yon konsantrasyon prensipal sou kay ki okipe pa pwopriyetè fanmi inik yo ak

yon klarifikasyon ke tout aplikan yo dwe se pwopriyetè swa yon kay ki pou yon sèl fanmi,, kay fabrike / mobil oubyen pwopriyete pou lwe nan youn nan konte ak kominote HUD idantifye ki pi afikte e ki pi nan difikilte yo.

20. Te gen kèk enkyetid sou peryòd bon mache nan Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an a Pwogam Nouvo Konstriksyon Imèb pou Lwe Bon Mache a. Moun ki kòmante a kwè ke 50 tan t ap yon pi bon opsyon pou yon peryòd bon pri. Moun ki kòmante yo mande tou plis klarifikasyon lè y ap defini bon pri ak egzijans bon pri yo. Moun ki kòmante yo santi done ak bidjè yo ta dwe reflete kategori 30 poustan revni mwayer zòn nan (area median income, AMI), 30-50 poustan AMI ak 50-80 poustan AMI. Anjeneral, te genyen enkyetid ki te eksprime ke pwogram lojman yo pwopoze yo pa t ap bay resous ki konvenab pou èd lojman ki aksesib pou pwopriyetè kay, lokatè ak sila yo k ap fè eksperyans viv sanzabri nan kominote ki afekte yo.

Repons Pèsonèl la:

DEO a apresye kòmantè konsènan peryòd bon pri minimòm nan ak kategori AMI yo. DEO te swiv gid HUD sou peryòd bon mache minimòm yo pou inite lojman lokasyon pou yon sèl fanmi yo ap 1 ane omwen, sof si gouvènman lokal yo te tabli pi gwo peryòd bon mache. Otorite Lojman Biblik k ap chèche reyabilitasyon oswa rekonstriksyon inite lojman pou plizyè fanmi yo dwe asire pwopriyete èd pou Iwaye a rete bon mache pou lokatè LMI yo pandan 15 ane omwen (si gen uit inite oswa plis).

21. Moun ki kòmante yo te mande pou plan eta a pwopoze a abòde bezen pou lojman tranzisyon ak bezwen popilasyon vilnerab tankou sanzabri yo plis. Moun ki kòmante yo sijere ke eta a pa ta dwe refere popilasyon vilnerab yo pa sèvi nan pwogram bouyon Plan Asyon kounye a, bay lòt prestatè sèvis espesyalize. Moun ki kòmante sa yo santi ke DEO a te dwe egzèse plis sansibilizasyon nan zòn sa anvan li soumèt Plan Aksyon final la bay HUD. Moun ki kòmante yo santi tou ke bouyon Plan Aksyon an pa bay ase resous pou lokatè yo oubyen bay ase atansyon pou gramoun.

Repons Pèsonèl la:

DEO a apresye kòmantè ak enkyetid konsènan lojman tranzisyon ak popilasyon vilnerab yo e l ap konsidere kòmantè ak sijesyon sa yo lè l ap finalize Plan Aksyon an. Anplis, tanpri pran nòt ke kritè priorite pou Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman nan paj 86 la, ki priyoreze popilasyon vilnerab ak lokatè yo.

22. Yon moun ki kòmante te mande fleksibilite nan ti pwojè lokasyon, ki mande pou yo ta bay asirans finansman konvenab pou aplian ki nan kategori ti pwojè Iwaye yo. Te gen yon demand tou pou fleksibilite jeneral nan konsepsyon lokal chak pwogram.

Repons Pèsonèl la:

DEO a apresye enkyetid ki eksprime konsènan fleksibilite nan ti pwojè Iwaye yo e l ap pran sa an konsiderasyon lè l ap finalize Plan Aksyon an.

Kòmantè Biblik ki Asosye ak Relans Ekonomik

23. Te gen yon bezwen klarifikasyon konsènan patisipsyon ak Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Biznis lan. Moun ki kòmante yo te mande enfòmasyon sou kijan konte a, biznis lokal ak òganizasyon ki pa pou pwofi yo te ka bay asistans epi bay sèvis a kliyan Pòto Riken ki nan Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Biznis DEO a pwopoze a. Moun ki kòmante yo te mande klarifikasyon tou sou fason pou kontribye resous yo kòm fòs nan pwogram sa.

Repons Pèsonèl la:

Nouvo Moun Florida ki soti Pòto Riko yo kalifye pou èd nan Pwogram Èd pou Biznis pou Nouvo Moun Florida yo. Sa gen chans pou l'yon pwosesis konpetitif ki pèmèt òganizasyon yo soumèt pwopozisyon ki mete aksan sou resous yo ka ofri pou ede novo Moun Florida yo.

Kòmantè Biblik ki Asosye ak Enfrastrikti

24. Plizyè moun ki kòmante te mande plis finansman pou abòde bezwen enfrastrikti ak presyon pou priorize pwojè lojman pou diminisyun risk lokal. Moun ki kòmante yo te vle klarifikasyon pou konnen si finansman pou enfrastrikti a t ap disponib nan Plan Aksyon aktyèl la e si DEO a prevwa evalye bezwen pou enfrastrikti ki pa satisfè yo ankò. Yon moun ki kòmante te deklare ke nan tablo 27 la Plan Aksyon an kreye konfizyon sou bezwen pou enfrastrikti ki pa satisfè yo.

Repons Pèsonèl la:

Eta a rekonèt ke gen yon bezwen pou pwojè enfrastrikti nan bouyon Plan Aksyon an. Nan enstriksyon federal HUD te pibliye a, yo te detèmine ke pwogram lojman yo nesesè pou yo se konsantrasyon prensipal pou premye alokasyon finansman an.

Nan avril 2018, HUD te anonse Florida ap resevwa yon dezyèm alokasyon \$791 milyon pou sipòte bezwen siplemantè ki pa satisfè, ki genyen ladan yo efò pou enfrastrikti ak diminisyun risk atravè Pwogram CDBG-DR la. Finansman pou pwogram sa yo ap antre nan enstriksyon federal ki pibliye a.

25. Yon moun ki kòmante te mande klarifikasyon siplemantè sou seksyon ki gen tit « Itilizasyon CDBG-DR la kòm Ekivalan » nan aktivite enfrastrikti yo. Yo te mande patikilyèman kijan finansman ekivalan sa ap bay e si li separe de Pwogram Reparasyon Lojman an.

Repons Pèsonèl la:

Eta a rekonèt ke pwogram enfrastrikti federal ki egziste yo egziste eta oubyen gouvènman lokal la pou bay fon ekivalan. Fon CDBG-DR yo ka itilize pu kouvri tout oubyen yon pati nan fon ekivalan sa yo. Pwogram Enfrastrikti a ap separe de Pwogram Reparasyon Lojman an e l'ap genyen pwòp règleman ak enstriksyon li. Lòt enstriksyon nan pwogram sa, pwosesis aplikasyon, kalifikasyon ak jesyon pwogram nan ap defini apre Plan Aksyon an apwouve.

26. Yon moun ki kòmante te mande definisyon enfrastrikti wo debi, epi li te mande pou yo mete definisyon an nan Plan Aksyon an.

Repons Pèsonèl la:

HUD defini enfrastrikti wo debi a kòm « yon tèm komen ki fè referans ak koneksyon entènèt ki rapid anpil. Yo rele koneksyon sa yo « wo debi ak vitès rapid oubyen entènèt wo debi tou. » Yo te ajoute definisyon sa nan Plan Aksyon an.

27. Yo te mande yon klarifikasyon pou èd maksimòm pa benefisyè pou seksyon enfrastrikti a.

Repons Pèsonèl la:

Eta a genyen yon limit \$150,000 pa benefisyè pou Alokasyon Èd Lojman yo. Eta a rekonèt pwojè enfrastrikti koute plis lajan e li benefisyè plis moun ke yon sèl kay, alò, eta a ap pèmèt jiridiksyon aplikan an yo detèmine ki asistans maksimòm pa aplikan nan kad pwopozisyon yo a. DEO a ap revize pwopozisyon sa yo epi li ka itilize enfòmasyon sa pou detèmine montan alokasyon yo.

Kòmantè Biblik ki Asosye ak Aksè Lang

28. Moun ki kòmante yo te di bouyon Plan Aksyon an disponib sèlman nan lang Anglè ak Espanyòl, e li pa t abòde Kapasite Limite nan lang Anglè (Limited English Proficient, LEP) Moun Florida yo. Moun ki kòmante yo te sijere pou lang prensipal nan anpil kominote ti revni ki afekte yo se Kreyòl e yo santi ke mank aksè nan lang sa pa t pèmèt DEO a reyini kòmantè ki egzak nan kominote sa yo.

Repons Pèsonèl la:

DEO a ap bay yon tradiksyon Kreyòl Plan Aksyon inal la ansanm ak lòt lang yo idantifye ki reponn a limit yo mande a. DEO a te mete sèvis entèpretasyon ak tradiksyon tou sou sit entènèt ofisyèl CDBG-DR la ki enfòme sitwayen yo nan 15 lang diferan ke sèvis tradiksyon yo disponib sou demand. DEO a ap kontan pou kontinye travay a kominote Kreyòl la ak lòt moun ki gen enterè pou diskite de plan ak pwogram yo.

Kòmantè Biblik Konsènan Rekòmandasyon Stilistik ak Gramè

29. Plizyè moun ki kòmante te soulve pwoblèm stilistik ak gravè yo nan dokiman sa. Kèk kominote te mande eta a pou itilze chif ki aktyalize ak ilistrasyon diferan pou montre enpak dirèk Siklòn Irma yo pi byen.

Repons Pèsonèl la:

DEO a pran nòt sou chak rekòmandasyon ki fèt. Yo te fè plizyè ajisteman pou rann tablo ak graf yo pi fasil pou konprann epi entèprete. Yo te korije kèk fot frap ak erè gramatikal yo. Anplis, tout konte yo te antre nan tablo ki bon yo.

DEO a te itilize meyè done ki disponib yo nan moman pou pibliye enpak dirèk Siklòn Irma yo.

Anèks 13: Peryòd Kòmantè Piblik 30 Jou pou Gwo Amanmnan 1 an

Repons pou Kòmantè Piblik yo

Dokiman sa dekri kòmantè nou resevwa nan piblik la apre piblikasyon bouyon premye Plan Daksyon CDBG-DR la. Chak seksyon abòde kòmantè ak kesyon ki koresponn ak sijè presi ki mansyone nan bouyon Plan Daksyon an.

- Dat Piblikasyon: 8 Oktòb 2018
- Peryòd Kòmantè: 9 oktòb 2018 - 8 novanm 2018
- Apwouve pa HUD: 1 mas 2019
- Kantite Kòmantè nou Resevwa: 51

Nou te resevwa kòmantè yo pa imèl. Dire peryòd kòmantè piblik la ansanm ak direktiv sou fason soumisyon kòmantè piblik yo te pibliye sou sit entènèt la epi yo te eksprime yo nan yon wèbinè (seminè sou entènèt) sou apèsi bouyon Plan Daksyon an. Ou ka jwenn anrejistreman tout wèbinè yo sou sitwèb ofisyèl CDBG-DR la nan www.floridajobs.org/CDBG-DR.

1. Gen kèk moun ki kòmante ki mande pou ajoute mezi LEED yo ([Lidèchip nan Plan Enèji ak Anviwònman] Energy and Environmental Design, LEED) nan Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman avèk Nòm Konstriksyon Ekolojik ki egziste deja yo.

Repons Pèsonèl la: DEO te egzamine ak anvizaje demann sa a. DEO ap kontinye travay pou respekte Nòm Konstriksyon Ekolojik yo pou tout novo konstriksyon avèk Kowalisyon Florid pou Konstriksyon Ekolojik (Florida Green Building Coalition). Nòm konstriksyon ekolojik yo ap rete piske HUD apwouve yo, yo respekte tout mezi rezistans epi yo nan yon pri rezonab.

2. Yon moun ki kòmante te mande DEO pou anvizaje òganizasyon ki pa pou pwofi yo nan Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an.

Repons Pèsonèl la: Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an disponib pou pwopriyetè kay ak pwopriyetè pwopriyete lokasyon yo. Si yon òganizasyon ki pa pou pwofi reponn a kritè sa yo, li kalifye pou enskri pou pwogram lan. DEO ankouraje òganizasyon ki pa pou pwofi yo rete ajou ak marketplace.myflorida.com pou konnen posiblite patenarya ki ka genyen.

3. Yon moun ki kòmante te mande pou gouvènman lokal yo gen posiblite pou yo fè patenarya avèk òganizasyon pou fè pwofi ak devlopè ki pa nan pwofi yo. Yo mande si y ap enfòme yo sou piblikasyon aplikasyon konkiran syèl Antrepriz Finansman Lojman Florida a ak nenpòt atelye ki asosye ak sa. Yo mande si jiridiksyon yo pral fè pati komite evalyasyon an pou pwojè nan zòn pa yo ak si DEO t ap ankouraje devlopè yo kolabore avèk gouvènman lokal yo?

Repons Pèsonèl la: DEO ak Lojman Florid ankouraje pou devlopè yo patisipe nan tout atelye ki asosye ak kolaborasyon avèk gouvènman lokal yo, pwogram lwave bon mache pou mendèv, ak pwogram akizisyon tè a. Pou resevwa dènye enfòmasyon sou pwogram sa yo ou ka gade nan lyen sa a: <https://www.floridahousing.org/programs/developers-multifamily-programs/competitive/2018/community-development-block-grant-disaster-recovery-programs>

4. DEO te resevwa yon kòmantè nan men Konte Monroe ki mande klarifikasyon sou fason Òdonans To Kwasans yo afekte peryòd bon mache yo.

Repons Pèsonèl la: Pwopriyetè kay lokasyon yo dwe kenbe pwopriyete yo bon mache pou lokatè LMI yo pandan peryòd bon mache obligatwa a. Peryòd bon mache pou inite lokasyon pou yon sèl fanmi yo ap 1 ane omwen, sof si gouvènman lokal yo gen pi gwo peryòd bon mache. Asire ke lojman pou lokasyon miltifamillyal ki reyabilite oswa ki rekonstwi yo (8 inite lojman oswa plis) dwe rete bon mache pandan 15 ane omwen. Yo ka bay konsiderasyon espesyal a moun Florida Keys yo sou yon baz ka-pa-ka.

5. DEO te resevwa yon kòmantè ki mande konsiderasyon pou atribye fon anplis nan seksyon relans ekonomik la pou ranfòse ak amelyore pwopriyete yo.

Repons Pèsonèl la: DEO apresye kòmantè a ak enkyetid ou gen pou mezi rezistans avèk \$157 milyon yo. Florid prevwa l ap resevwa \$634 milyon dola pou soutni lòt bezwen ki pa satisfè ki enkli enfrastrikti ak efò pou diminisyon risk nan kad Pwogram CDBG-DR la. Yo prevwa yo ta ka itilize finansman anplis sa a pou ranfòse ak amelyore pwopriyete ak estrikti yo.

6. DEO te resevwa yon kòmantè ki mande langaj egzanpsyón Konte Monroe ogmante plafon finansman pou chak inite ki te ajoute nan Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman ak Nouvo Konstriksyon Lwaye Bon Mache pou Mendèv la: Pwfite de Fon CDBG-DR ak lòt Sous Finansman ak Akizisyon Tè pou Lojman Bon Mache pou Mendèv. Yo te mande tou pou Antrepriz Finansman Lojman Florida a rekonèt ogmantasyon plafon finansman pa inite sa a nan dokiman pwogram yo.

Repons Pèsonèl la: Antrepriz Finansman Lojman Florida vle anvizaje ogmante montan limit pa inite a. Pou fè sa, aplikan potansyèl yo dwe soumèt enfòmasyon ki sifilan ak presi ki jistifye bezwen atravè kòmantè publik. Yo ka soumèt kòmantè publik la a: <https://www.floridahousing.org/programs/developers-multifamily-programs/competitive/2018/community-development-block-grant-disaster-recovery-programs/public-comments>.

7. DEO te resevwa kòmantè ki endike yo ta dwe itilize finansman an pou ede lokatè ki gen fanmi revni fèb rive nan revni mwayen. Yo deklare yo ta dwe afekte resous yo nan yon asistans dirèk pou lokatè ki afekte yo anvan nou konsakre fon yo nan pwojè enfrastrikti.

Repons Pèsonèl la: DEO rekonèt enpòtans pou reponn a rès bezwen lojman ki pa satisfè nan tout Florid. Baze sou evalyasyon nou pou bezwen ki pa satisfè yo ak kòmantè kominate a, DEO rekonèt gen yon bezwen tou pou aktivite enfrastrikti. \$85 milyon nan \$157 milyon anplis yo prale nan satisfaksyon bezwen enfrastrikti nan avantaj fanmi revni fèb rive nan revni mwayen yo. Bidjè total lojman pou Pwogram Reparasyon Lojman an, Nouvo Konstriksyon Lwaye Bon Mache pou Mendèv, Akizisyon Tè ak Racha Volontè a se apeprè \$556 milyon nan \$773 milyon yo. Tout pwogram sa yo ede bezwen lojman nan Eta a.

8. DEO te resevwa kòmantè ki endike kijan DEO planifye asire yon sistèm rantab pou ranplase kay mobil oswa kay pre-fabrike yo ak kay kalite siperyè ak pou resous pou reparasyon ak ranplasman kay ak enfrastrikti yo

nan avantaj rezidan ki gen revni fèb yo. Yo te vle asire lajan rekiperasyon an pa ankouraje deplasman rezidan ki gen revni fèb akòz ogmantasyon nan montan lwave oswa frè lokasyon yo.

Repons Pèsonèl Ia: Inite Kay Mobil/Kay Pre-fabrike yo (Mobile/manufactured Homes Unit, MHU) kalifye pou reyabilitasyon nan kad pwogram sa a. MHU ki bezwen reyabilite pa dwe gen plis pase senk ane nan moman asistans lan. Pou rete rantab, reparasyon yo pa pral depase \$15,000. Si MHU an gen plis pase 5 ane oswa li depase \$15,000 nan reparasyon, y ap ranplase inite a ak yon lòt kay mobil oswa pre-fabrike. Pou asire bon kalite, MHU a dwe yon nouvo inite ki pa ize, ki reponn a nòm HUD ak Energy Star ak yon plan ki aksesib pou andikape k ap reponn a egzijans zòn van ki nesesè yo. Si inite a sou yon pwopriyete nan yon zòn inondasyon, DEO ap elve inite a jiska 3 pye anvan li ranplase inite a avèk yon kay an bwa (stick built home). DEO ap travay pou minimize epi abòde pwoblèm deplasman an lè I asire tout pwojè yo ak sou-benefisyè pwojè posib yo swiv egzijans ki presize nan Lwa sou Èd pou Reyenstalasyon Inifòm (Uniform Relocation Assistance, URA) ak Politik Akizisyon Pwopriyete a. Anplisdesa, pwogram lojman ak ranplasman an se yon pwogram leta dirije. Pwogram nan ap peye kontraktè yo dirèkteman epi yo p ap bay pwopriyetè kay la okenn fon pou reparasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman pwopriyete ki andomaje a. Li louvri pou pwopriyetè kay ak pwopriyetè pwopriyete lokasyon yo akondisyon yo dakò pou respekte egzijans aksesibilite yo jan sa preskri nan Rejis Federal ak nan Plan Daksyon Eta Florid pou Rekiperasyon apre Katastwòf Ia.

9. Sèten moun ki kòmante te deklare Plan Daksyon Eta Florid pou Rekiperasyon apre Katastwòf la pa te analize mank egalite sou plan rasyal nan finansman. Moun ki kòmante yo te vle asire plan daksyon an reponn a bezwen kominote koulè yo epi li dwe dekri enpak anba nivo konte a yon analiz enpak fonksyonèl rasyal ki evalye enpak sou zòn konsantre sou plan etnik yo, pa egzanp, kapab rive sèlman si enfòmasyon demografik la fèt nan nivo ki pi graniè.

Repons Pèsonèl Ia: DEO te teni kont de kòmantè a. Nan dat 11 novanm 2018, DEO te pwogramme yon apèl avèk Pwojè Jistik Kominotè a ak Kowalisyon Rekiperasyon Siklòn lan pou abòde enkyetid sou enpak yo nan zòn konsantre sou plan etnik yo. Eta a te kapab soulaje enkyetid si li klarifye ke DEO ap kontwole chak pwogram pandan aplikasyon pou asire pa gen dezavantaj ant patisipan yo nan pwogram nan. DEO te fè analiz li a base sou pi bon done ki disponib nan moman sa a, epi li pral kontinye travay kole kole ak gwoup defans yo pou asire tout pwogram yo pral byen sèvi tout klas ki pwoteje yo. Anplisdesa, plan daksyon an chèche respekte tout règleman ki aplikab HUD presize nan FRN Vol. 83, nimewo 28. Tablo 4 la fè pwofil sosyo ekonomik ak demografik tout konte Florida ki afekte pa Siklòn Irma yo. Pifò nan 20 milyon moun Florida (92 poustan) yo rete nan zòn afekte ki kouvri nan evalyasyon sa a. Karakteristik popilasyon moun ki afekte yo varye nan kèk fason enpòtan pa rapò ak popilasyon total Eta a. Toudabò, reyon ki afekte pa Siklòn Irma yo gen yon pi gwo poustantaj rezidan ki pi aje dapre konte (23 poustan) pase Eta Florida a ann antye (20 poustan). Konte ki afekte sa yo genyen plis inite lojman ki okipe tou, plis moun ki gen enfimite, revni pa abitan mwayen ki pi piti ak plis moun k ap viv nan povrete pase Eta a ann antye.

10. DEO te resevwa kòmantè sou nesesite pou èd dirèk pou lokatè ki deplase yo atravè Pwogram Èd pou Lojman pou Katastwòf (Disaster Housing Assistance Program, DHAP). Yo deklare plan daksyon an pa byen reponn a bezwen lokatè ki te deplase akòz dega siklòn lan epi ki bezwen èd pou lojman kounye a. Yo rekòmande pou bay èd dirèk pou lwave ki ka pwolonje pou jiska 48 mwa pandan lokatè yo ap tann yo konstwi nouvo lojman lokasyon bon mache.

Repons Pèsonèl Ia: Y ap itilize finansman CDBG-DR la pou reponn a rès bezwen ki pa satisfè pou dega Siklòn Irma te koze. DEO ap travay pou minimize epi abòde pwoblèm deplasman an lè I asire tout pwojè yo ak sou-benefisyè pwojè posib yo swiv egzijans ki presize nan Lwa sou Èd pou Reyenstalasyon Inifòm (Uniform Relocation Assistance, URA) ak Politik Akizisyon Pwopriyete a. Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an pral repare, rebati ak ranplase kay ki kalifye ki te sibi dega akòz Siklòn Irma, depi gen ase finansman disponib epi yon pwopriyetè kay fè yon aplikasyon avèk siksè. Anplisdesa, DEO atravè Lwaye Bon Mache pou Mendèv la: Nouvo Pwogram Konstriksyon, DEO pral founi nouvo inite lokasyon bon mache ki ta kapab disponib pou bay sipò pou moun tanpèt la te deplase. Pwogram yo pral bay de possiblité diferan pou repare ak rebati inite lojman dekwa pou lokatè yo ak pwopriyetè kay yo gen yon kote ki an sekirite pou yo retounen.

11. DEO te resevwa kòmantè ki endike alokasyon fon pou relans ekonomik ak bezwen enfrastrikti, sof si finansman sa a anrapò tou ak bezwen lojman. Yo mande tou pou langaj la nan plan dakson an reflete presizeman: (1) idantifye kijan yo pral abòde nenpòt rès bezwen lojman ki pa satisfè, ak (2) idantifye kijan relans ekonomik la ak aktivite enfrastrikti yo pral kontribye pou rekiperasyon ak restorasyon alontèm lojman nan zòn ki pi afekte e ki pi nan difikilte yo. Plan dakson Eta a dwe asire tou plan rekonstriksyon yo reponn a bezwen enfrastrikti tout kominote yo san patipri, dekwa pou kominote ki pa gen ase enfrastrikti anvan katastwòf la sòti nan pwosesis rekiperasyon an ak yon nivo enfrastrikti ekitab (wout, pon, drenaj, elatriye) k ap pèmèt yo rann kay yo fè fas pi byen ak move tan pi devan yo.

Repons Pèsonèl Ia: DEO rekonèt enpòtans pou reponn a rès bezwen lojman ki pa satisfè nan tout Florid akòz dega Siklòn Irma. Baze sou evalyasyon nou pou bezwen ki pa satisfè yo ak kòmantè kominote a, DEO rekonèt gen yon bezwen pou aktivite enfrastrikti. Akòz bezwen sa a, DEO te deside itilize apeprè mwatyè nan finansman anplis nan alokasyon siplemantè sa a nan lojman epi rès fon yo pou enfrastrikti. Tanpri gade nan kòmantè nimewo 6 konsènan repatisyon finansman an.

12. Yon moun ki kòmantè te deklare plan dakson CDBG-DR la dwe founi pi gwo resous pou reponn a bezwen lojman lokasyon yo. Kòmantè a deklare Plan Dakson an defini yon siblaj pi presi pou revni nan pwogram lojman lokasyon li yo pou atenn lokatè ki gen revni ki pi fèb yo. Nan eta bagay yo ye kounye a, inite lojman pou lokasyon yo te soufri kat fwa plis dega pase inite pwopriyetè kay yo nan tout Eta a. Men diferans sa a pa reprezante nan finansman pwogram yo; pwogram ki vize bezwen ki pa satisfè pou lokatè yo finanse sèlman nan yon tyè nan nivo pwogram ki vize pwopriyetè kay yo.

Repons Pèsonèl Ia: DEO rekonèt enpak Siklòn Irma te gen sou mache lojman lokasyon yo. Pwogram Reparasyon Lojman Rebuild Florida te afekte \$346 milyon ki pral benefisyè ni pwopriyetè kay ni pwopriyetè kay lokasyon yo, ankontan pwopriyete miltifamilial yo ansanm ak Otorite Lojman Piblik yo tou. Pwogram sa a fèt pou reponn a bezwen ki pa satisfè pou lokatè yo.

13. DEO te resevwa yon kòmantè ki endike pwopozisyon Plan Dakson pou reponn a bezwen lojman ki pa satisfè. Yo deklare Tablo 41 endike sektè lojman an gen plis rès bezwen ki pa satisfè ki prèske 65 poustan, yo ta dwe ajoute langaj presi sou fason DEO pral presizeman: "idantifye fason yo pral abòde bezwen lojman ki pa satisfè yo," oswa fason "aktivite enfrastrikti yo pral kontribye pou rekiperasyon alontèm ak restorasyon lojman nan zòn ki pi afekte e ki pi nan difikilte yo."

Repons Pèsonèl la: DEO rekonèt enpòtans pou reponn a rès bezwen lojman yo nan tout Florid. Bidjè total lojman pou Pwogram Reparasyon Lojman an, Nouvo Konstriksyon Lwave Bon Mache pou Mendèv, Akizisyon Tè ak Racha Volontè a se apeprè \$556 milyon nan \$773 milyon yo. Tout pwogram sa yo reponn a bezwen lojman ki pa satisfè nan Eta a. \$85 milyon nan \$157 milyon anplis yo prale nan satisfaksiyon bezwen enfrastritti anfavè fanmi revni fèb rive nan revni mwayen, sa ki pral kontribye pou rekiperasyon ak restorasyon alontèm lojman nan zòn ki pi afekte e ki pi nan difikilte yo.

14. DEO te resevwa yon kòmantè ki endike bouyon gwo amannman an ta dwe respekte obligasyon pou Favorize Lojman Ekitab (Affirmatively Furthering Fair Housing, AFFH) nan alokasyon fon pou pwogram lojman yo. Finansman pwogram yo ta dwe respekte egzijans AFFH yo nan yon fason ki anpeche deplasman epi ki bay rezidan afekte yo chwa pou yo rete nan kominote ki egziste yo oswa pou yo reyenstale nan lòt kote yo vle.

Repons Pèsonèl la: DEO ap kontinye asire tout pwogram yo respekte Lwa pou Favorize Lojman Ekitab la (AFFH); pou fè sa li bay komunikasyon pa mwayen materyèl, epi li bay posiblite egalego pou tout moun. DEO ap devlope politik ak pwosedi pou konfòmite ak egzijans AFFH pandan mizanplas plan dakson sa a. Politik ak pwosedi yo ap enplike yon revizyon k ap genyen ladan I yon evalyasyon karakteristik demografik, sosyo ekonomik, risk oswa enkyetid anviwònmantal zòn pwojè lojman yo pwopoze a, ak lòt faktè materyèl pou detèminasyon AFFH la.

15. Yon moun ki kòmante te deklare bouyon gwo amannman an ta dwe bay yon analiz enpak rasyal dega tanpèt la lakòz yo ak fason yo pral repati resous yo. Alokasyon Rejis Federal la egzije pou Depatman Opòtinite Ekonomik Florid (Department of Economic Opportunity, DEO), antanke benefisyè, "evalye kijan desizyon planifikasyon yo ka afekte manm klas pwoteje yo, zòn konsantre sou plan rasyal ak etnik yo, ansanm ak zòn povrete konsantre yo." Yo ta dwe foure nan Bouyon Gwo Amannman sa a egzijans pou evalye efè desizyon planifikasyon yo sou manm klas pwoteje yo ak zòn konsantre sou plan rasyal ak etnik yo paske "fon ki afekte dapre avi sa a ak dapre Avi Anvan an depann de kondisyon ki nan avi sa a ak nan Avi Anvan an (nan vèsyon amande li a)." Avi mwa fevriye 2018 la gen langaj ki egzije yon evalyasyon zòn konsantre sou plan etnik yo, ki ta dwe aplike tou pou fon ki soti nan alokasyon ki pi resan sa a.

Repons Pèsonèl la: DEO apresye kòmantè sa a epi li teni kont de kòmantè a ak anpil atansyon. DEO rete angaje pou sèvi manm LMI klas pwoteje yo, zòn konsantre sou plan rasyal ak etnik yo, ansanm ak zòn povrete konsantre yo. Tablo 4 la fè pwofil sosyo ekonomik ak demografik tout konte Florida ki afekte pa Siklòn Irma yo. Pifò nan 20 milyon moun Florida (92 pouzan) yo rete nan zòn afekte ki kouvri nan evalyasyon sa a. Karakteristik popilasyon pwopriyetè kay ki afekte yo varye nan kèk fason enpòtan pa rapò ak popilasyon total Eta a. Toudabò, rejon ki afekte pa Siklòn Irma yo gen yon pi gwo pouvantaj rezidan ki pi aje dapre konte (23 pouzan) pase Eta Florida a ann antye (20 pouzan). Konte ki afekte sa yo genyen plis inite lojman ki okipe tou, plis moun ki gen enfimite, revni pa abitan mwayen ki pi piti ak plis moun k ap viv nan povrete pase Eta a ann antye.

16. DEO te resevwa kòmantè ki mande pou peryòd bon mache maksimòm yo abòde aksesibilite alontèm ak maksimize envestisman federal la. Kòmantè yo te mande pou pwopriyetè yo oblige devwale ba rezidan yo itilizasyon fon sa yo pou asire rezistans kominotè alontèm. Li te mande pou Eta a fikse yon peryòd bon mache minimòm ki 5 ane epi pèmèt peryòd bon mache ki pi long kote gouvènman lokal yo mande sa. Amannman an pwopoze yon peryòd tan bon mache 15 ane pou Otorite Lojman Biblik yo pou reyabilitasyon oswa

rekonstriksyon inite miltifamilyal yo. Menmsi Avi Rejis Federal la otorize 15 ane, etandone misyon PHA yo gen pou founi lojman pou fanmi ki gen revni fèb yo, peryòd bon mache pou PHA yo ta dwe 20 ane omwen.

Repons Pèsonèl la: DEO kenbe direktiv federal minimòm HUD a pou fikse yon peryòd bon mache 15 ane omwen pou reyabilitasyon oswa rekonstriksyon lojman lokasyon miltifamilyal ki gen uit inite oswa mwens ak 20 ane pou lojman lokasyon ki gen 5 inite oswa plis pou nouvo lojman miltifamilyal ki fenk konstwi yo.

17. Yon moun ki kòmante te deklare avi Rejis Federal la mande pou Amannman an defini lwave bon mache yo. Amannman an prevwa l ap itilize definisyon lokasyon bon mache Antrepriz Finansman Lojman Florida a men lyen sitwèb ki enkli a pa mache. Kidonk, montan sa yo dwe nan anèks nan gwo amannman an pou piblik la ka wè yo ak fè kòmantè sou yo.

Repons Pèsonèl la: DEO te korije lyen entènèt la pou definisyon lwave bon mache yo. Mèsi dèské w pote atansyon nou sou sa.

18. Yon moun ki kòmante te vle konfime DEO pral bay fòmasyon pou asire benefisyè fon CDBG-DR yo respekte lwa federal sou dwa sivil yo.

Repons Pèsonèl la: DEO ap kontinye asire tout pwogram yo respekte règleman federal anvigè yo; pou fè sa li bay komunikasyon pa mwayen materyèl, epi li bay posiblite egalego pou tout moun.

19. DEO te resevwa yon kòmantè konsènan 20 poustan finansman yo afekte pou Florida Keys. Ki metodoloji Eta a itilize pou evalye enpak ekonomik alontèm efò rekiperasyon yo nan Keys? Èske yo te itilize yon metodoloji sanblab pou lòt 13 kominote tanpèt yo te afekte yo? An konparezon ak lòt 13 kominote yo, èske nivo dega yo ak enpak yo lakòz la pi gwo pou Konte Monroe?

Repons Pèsonèl la: DEO rekonèt Siklòn Irma te ateri nan Florida Keys epi li te detwi apeprè 1,200 kay. Gen 3,000 kay anplis tou ki te sibi gwo dega. DEO te kreye yon rezèv pou Florida Keys lè li t ap detèmine bidjè pwogram nan. Deziyasyon sa a te baze sou done kontak ak kominote a, kòd konstriksyon estrik ak kantite tè limite ki disponib ki ogmante pri devlopman rezidansyèl yo.

20. DEO te resevwa kòmantè konsènan montan alokasyon maksimòm yo ak lajan ki pa sèvi yo. Pou sa ki konsène pwogram Racha Kay Volontè a, poukisa estimasyon avantaj LMI a mwenske 70 poustan? Epitou, montan alokasyon maksimòm pou chak kominote se \$5 milyon pou racha volontè yo. Si yon kominote pa itilize montan alokasyon maksimòm lan, kijan yo pral re-afekte fon ki rete yo? Eta a sanble te afekte tou \$5 milyon plis pase sa ki ta nesesè pou rive nan montan finansman maksimòm pou 14 kominote, sa vle di montan maksimòm ki nesesè pou distribye \$5 milyon bay chak nan kominote yo ta \$70 milyon. Aktyèlman Eta a gen \$75 milyon ki afekte pou racha volontè kay.

Repons Pèsonèl la: 70 poustan nan fon CDBG-DR yo dwe sèvi LMI yo. Pwogram racha CDBG-DR la ap oblige satisfè yon avantaj pou zòn ki fèb-modere (Low-Moderate Area, LMA) dekwa pou DEO respekte oswa depase egzijans jeneral li genyen pou bay sipò pou revni LMI yo. Pwogram Racha Volontè a teni kont ke sèten zòn nan Eta a gendwa pa LMI, men zòn sa yo t ap benefisyè anpil de pwogram sa a. Tout pwogram CDBG-DR yo disponib pou tout kominote Siklòn Irma afekte, avèk yon rezèv pou Florida Keys. Alokasyon maksimòm \$5 milyon an pa pou chak kominote MID, men pito li louvri pou tout konte ak minisipalite ki te resevwa yon deklarasyon FEMA ni IA ni PA apre Siklòn Irma.

21. DEO te resevwa kòmantè konsènan repatisyon fon pwogram ki pa sèvi yo.

Repons Pèsonèl la: DEO ap kontinye reevalye evalyasyon I pou bezwen ki pa satisfè yo. Sizoka yon pwogram gen fon ki rete, DEO ap itilize done sa a pou detèmine kikote gen bezwen ki pa satisfè ki rete, pou reafekte finansman nan pwogram ki egziste déjà yo nan plan dakson an.

22. DEO te resevwa yon demann ke enpak sou Lake Okeechobee nan Siklòn Irma nan Plan Dakson Eta Florid la pou finanse bezwen ki pa satisfè yo atravè pwogram Rekiperasyon apre Katastwòf Sibvansyon Blòk Devlopman Kominotè (Community Development Block Grant Disaster Recovery, CDBG-DR) HUD a.

Repons Pèsonèl la: DEO apresye kòmantè ou an. Konte Okeechobee konsidere kòm yon Konte Èd Endividyl (Individual Assistance, IA) ak Konte Èd Publik (Public Assistance, PA) nan Florid, kidonk li kalifye pou 20 pousan finansman CDBG-DR. Finansman 20 pousan sa a disponib pou tout konte ki deklare IA ak PA nan Florida. Nou ankouraje pou Konte Okeechobee rete enfòme epi enskri pou tout pwogram sanzesepson ki aplike pou finansman sa a.

23. DEO te resevwa yon kòmantè pou mande klarifikasyon pou kominote orijinal ak siplemantè ki pi afekte e ki pi nan difikilte jan li endike nan Rejis Federal/Vol. 83, nimewo 28, vandredi 9 fevriye 2018 la.

Repons Pèsonèl la: DEO te fè Mizajou nan referans Rejis Federal li nan paj 91 lan pou endike avèk presizon bon Rejis Federal la. Mèsi dèské w pote atansyon nou sou sa.

24. DEO te resevwa yon kòmantè sou fason anons lan te fèt ki agrandi kominote ki pi afekte e ki pi nan difikilte yo.

Repons Pèsonèl la: Yon dezyèm Rejis Federal Vol. 83, Nimewo 157/ madi 14 out 2018 agrandi zòn MID yo pou mete ladan 5 nouvo konte ak 8 nouvo KÒD postal.

25. Yon moun ki kòmante gen enkyetid sou fason DEO pwopoze pou afekte resous lojman pou benefisyè fanmi LMI yo. Bidjè pwogram nan estime 100 pousan nan pwogram finansman pou Pwogram Nouvo Konstriksyon Lwaye Bon Mache pou Mendèv la ak Akizisyon Tè pou Lojman Bon mache pou Mendèv la pral benefisyè fanmi LMI yo. Men, 90 pousan nan pwogram finansman pou Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman (Housing Repair and Replacement Program, HRRP) an pral benefisyè fanmi LMI yo ak 50 pousan sèlman nan Pwogram Racha Kay Volontè a. Pa gen okenn eksplikasyon ki nan gwo amannman plan dakson an pou jistifye poukisa pwogram sa yo pa pral benefisyè 100 pousan fanmi LMI yo, ni pa gen done pou kore sa paske alokasyon finansman aktyèl yo pa sifi pou abòde 100 pousan nan bezwen an.

Repons Pèsonèl la: Tout aktivite lojman yo pou HRRP a pral reponn a objektif nasyonal ki obligatwa dapre lwa otorizasyon pwogram CDBG pou benefisyè moun ki gen Revni Fèb rive nan Revni Mwayen yo (Low to Moderate Income, LMI). 70 pousan nan fon yo omwen pral benefisyè popilasyon sa yo.

26. DEO te resevwa yon kòmantè sou afektasyon finansman nou pou Èd pou Lwaye ki Baze sou Lokatè (Tenant-Based Rental Assistance, TBRA) epi ki bay priyorite pou fanmi Siklòn Irma oswa Maria deplase ki sou lis datant pou Nouvo Konstriksyon Lwaye Bon Mache pou Mendèv. Nan twa bezwen lojman lokasyon yo ki endike nan Amannman an, okenn nan Pwogram Lojman ki pwopoze yo pa abòde nesesite pou “ede fanmi ki gen revni fèb

ak revni mwayen ki deplase aktyèlman yo.” Jan Amannman an rekonèt li a, anvan dega Siklòn Irma te lakòz yo, Florid te deja gen yon rate lojman pou lokasyon bon mache nan plizyè nan konte tanpèt la pi afekte yo. Anplisdesa, anpil nan inite lokasyon bon mache ki egziste nan zòn ki afekte yo gen lis datant long. Kidonk, nou rekòmande pou founi TBRA ki ka pwolonje pou jiska 48 mwa pandan fanmi ki deplase yo ap tann konstriksyon nouvo lojman pou lokasyon bon mache. Anplisdesa, DEO dwe kreye yon lis datant santralize pou lokatè ak pwopriyetè LMI ki deplase ki gendwa kalifye pou Nouvo Konstriksyon Lwave Bon Mache pou Mendèv pou yo resevwa avi lè lojman sa yo vin disponib epi bay priorite pou fanmi sa yo sou lis datant yo pou pwopriyete sa yo.

Repons Pèsonèl la: Yo itilize fon CDBG-DR yo pou reponn a rès bezwen ki pa satisfè pou dega Siklòn Irma lakòz yo. Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman pral repare, rebati ak ranphase tout kay ki sibi dega Siklòn Irma. Anplisdesa, aplikan ki kalifye epi ki elijib yo ap kapab resevwa èd pou bay sipò pou moun tanpèt la te deplase yo. Pwogram yo pral ofri de posiblite diferan pou repare ak rekonstwi inite lojman yo dekwa pou lokatè ak pwopriyetè kay yo gen yon kote ki an sekirite ak bon mache pou yo retounen.

27. DEO te resevwa yon kòmantè konsènan Pwomosyon Lojman Ekitab (Affirmatively Furthering Fair Housing, AFFH).

Bouyon Gwo Amannman an ta dwe respekte obligasyon AFFH pou afekte fon pou pwogram lojman yo. Finansman pwogram yo ta dwe respekte egzijans AFFH yo nan yon fason ki anpeche deplasman epi ki bay rezidan afekte yo chwa pou yo rete nan kominate ki egziste yo oswa pou yo reyenstale nan lòt kote yo vle.

Repons Pèsonèl la: DEO ap kontinye asire tout pwogram yo respekte Lwa pou Favorize Lojman Ekitab la (AFFH); pou fè sa li bay komunikasyon pa mwayen materyèl, epi li bay posiblite egalego pou tout moun. DEO ap devlope politik ak pwosedi pou konfòmite ak egzijans pou Favorize Lojman Ekitab (Affirmatively Furthering Fair Housing, AFFH) pandan mizanplas plan dakson sa a. Politik ak pwosedi sa yo ap enplike yon revizyon k ap genyen ladan I yon evalyasyon karakteristik demografik, sosyo ekonomik, risk oswa enkyetid anviwònmantal zòn pwojè lojman yo pwopoze a, ak lòt faktè materyèl pou detèminasyon AFFH la.

28. DEO te resevwa kòmantè konsènan enfòmasyon li yo sou enpak sou popilasyon bezwen espesyal yo. Yon kòmantè ki te fèt endike sa ta dwe gen ladan jenn (ki gen laj ant 13-24 lane) k ap viv sitiyasyon sanzabri oswa enstabilite lojman. Seri Swen Konplè (Continuum of Care, CoC) Lokal apwouve dènyèman plan konplè li pou prevni ak sispann sitiyasyon sanzabri pou jenn yo nan Konte Miami-Dade.

Repons Pèsonèl la: Anjeneral seksyon sa a dekri sektè nan kominate nou yo ak moun, ankontan jenn ak timoun, ki ka gen bezwen anplis ki gen rapò ak aksè nan resous pou rekiperasyon apre katastwòf. Kalite èd yo ofri pa mwayen sibvansyon CDBG-DR yo limite ak anpil règ, règleman federal ak Avi Rejis Federal yo ki konsène allokasyon finansman yo. Sibvansyon CDBG-DR la ap bay yon posiblite pou popilasyon bezwen espesyal yo grasa stabilizasyon lojman Siklòn Irma te afekte yo.

29. DEO te resevwa yon kòmantè pou mizajou done li yo pou Lojman/Sitiyasyon sanzabri Tranzisyonèl. CoC yo fè kontaj anyèl ponktyèl ke HUD pibliye. Yo ta dwe idantifye definisyon(yo) pou "sanzabri" ke DEO a ap itilize.

Repons Pèsonèl la: DEO apresye kòmantè sa a epi li enkli done resan yo.

30. DEO resevwa yon kòmantè sou langaj lojman bon mache nan plan dakson an. Yon moun ki kòmante te rekòmande pou yo konsidere tou fanmi ki gen revni fiks yo nan moman planifikasyon ak reyalizasyon kwasans dirab lojman bon mache anfennkont.

Repons Pèsonèl la: DEO rekonèt tou lojman bon mache se yon pwoblèm grav pou popilasyon revni limite ak revni fiks yo. Menmsi analiz la nan seksyon sa a konsantre sitou sou fanmi k ap travay yo, menm kontrent yo e pafwa pi gwo kontrent konsène moun ki gen revni limite oswa fiks. Nou te mete plan dakson an ajou pou rekonèt reyalite sa a ladann.

31. DEO te resevwa kòmantè pou fè eklèsisman sou metodoloji li pou enpak lojman. Poukisa kategori "lokatè ki gen pouvantaj AMI ki pi plis pase 50 poustan ki gen nenpòt kalite dega" eskli nan "detay final" kalkil bezwen ki pa satisfè yo? Sa pa sanble konfòm ak Plan an, ki prevwa pou bay asistans pou fanmi ki gen revni ki nan 80 poustan AMI an oswa ki pi ba.

Repons Pèsonèl la: Deskripsyon sa a reflete metòd distribisyon an jan HUD dekri li nan avi Rejis Federal la.

32. DEO te resevwa yon kòmantè konsènan Lojman Piblik, Lojman Bon mache ak Lojman pou Popilasyon ki Frajil yo. Yon moun ki kòmante te mande pou DEO defini aklè "Mendèv" antanke AMI. Fòk nou fè remake tou mendèv nan plan an konsène moun k ap touche revni trè-fèb ak revni fèb. DEO teni kont tou de konsekans sanzatann ki gen lè yo pèmèt pwopriyetè miltifamilyal prive yo reyabilite pwopriyete yo san yo pa gen konsèy sou re-lwe inite yo ba fanmi yo nan yon sèten nivo AMI. Moun ki fè kòmantè sa a gen enkyetid tou pou konsekans envelopontè deplasman rezidan revni fèb ak revni trè-fèb yo, ankontan lokatè yo, san pa gen konsèy pou re-lwe inite yo.

Repons Pèsonèl la: Dapre egzijans CDBG-DR, tout aktivite lojman bon mache ki finanse pa mwayer Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Florida Rebuild ap benefisyè omwen 70 poustan moun ki gen revni fèb rive nan revni mwayer. Yo te devlope machaswiv pou chak pwogram ki egzije lwaye bon mache pou inite ki jwenn èd yo. DEO ap travay pou minimize epi abòde pwoblèm deplasman an lè l asire tout pwojè yo ak sou-benefisyè pwojè posib yo swiv egzijans ki presize nan Lwa sou Èd pou Reyenstalasyon Inifòm (Uniform Relocation Assistance, URA) ak Politik Akizisyon Pwopriyete a.

33. DEO te resevwa yon kòmantè konsènan Lojman Piblik, Lojman Bon mache ak Lojman pou Popilasyon ki Frajil yo. Yon moun ki kòmante ankouraje pou DEO rezève fon pou lojman sipò pèmanan.

Repons Pèsonèl la: Akòz finansman limite ki disponib la, DEO te devlope plizyè aktivite ki kalifye ki kouvi pakèt kantite bezwen ki demontre nan kominote Florid yo. Anplis posiblite pou founi nouvo konstriksyon lojman tranzisyonèl, y ap finanse tou posiblite lojman ki pi pèmanan. Gade deskripsiyan aktivite ki planifye aktyèlman yo kòmanse nan paj 92.

34. DEO te resevwa yon kòmantè konsènan definisyon Aktivite Lojman pou "mendèv" pou sa ki konsène "lojman bon mache". Fanmi k ap travay epi ki touche revni ki nan 30, 40, oswa 50 poustan AMI an pa kalifye pou lojman "mendèv" jan AMI yo defini nan HUD ak/oswa nan jiridiksyon lokal yo. Moun ki kòmante a mande DEO eklèsisman pou asire moun ki touche revni ki nan 50 poustan AMI ak mwens ap kalifye kanmenm pou tout pwogram yo ki nan plan dakson an, kèlkeswa definisyon HUD pou "mendèv".

Repons Pèsonèl la: Dapre egzijans CDBG-DR yo, lojman mendèv yo pral benefisyé moun/fanmi ki gen revni fèb rive nan revni mwayen. Sa vle di pwogram lan pral benefisyé moun ki touche 80 pousan AMI oswa mwens, sa ki enkli moun ki swa nan 30, 40, oswa nan 50 pousan AMI.

35. DEO te resevwa yon kòmantè ki endike yo dwe ajoute nan Priyorite Pwogram yo jenn ki nan sitiyasyon sanzabri oswa enstabilite lojman.

Repons Pèsonèl la: DEO apresye kòmantè sa a. Dapre pi bon sous done ki disponib yo, DEO te evalye bezwen kominate Florid yo anrapò ak katastwòf. Finansman CDBG-DR yo, menmsi yo fleksib, yo mande pou respekte aktivite ki kalifye pou CDBG HUD epi yo egzije pou gen yon koneksyon ak katastwòf ki finanse a. Lè li founi pwogram lojman pou bay sipò pou stabilizasyon moun ak fanmi ki afekte nan yon katastwòf, DEO ap maksimize finansman limite ki disponib la pou founi yon pi gwo seri aktivite lojman kalifye ki reponn a bezwen ki pa satisfè yo.

36. Yon moun ki kòmante te deklare yo ta dwe ajoute otorite lojman publik yo nan Aplikan ki Kalifye yo.

Repons Pèsonèl la: DEO te fè eklèsisman sou langaj sa a nan plan dakson li a.

37. DEO te resevwa yon kòmantè ki mande rezèv pou Konte Miami-Dade akòz gwosè, kantite moun ki afekte yo ak valè dega Siklòn Irma lakòz.

Repons Pèsonèl la: Evalyasyon DEO sou enpak ak bezwen ki pa satisfè yo montre dega ak enpak siklòn nan sou lòt kominate yo epi antre 15 konte ak 11 kòd postal ki nan zòn nan Eta a HUD idantifye kòm zòn ki pi afekte e ki pi nan difikilte yo. Kominote sa yo ap resevwa 80 pousan nan total finansman an.

Anèks 14: Peryòd Kòmantè Piblik 30 Jou pou Gwo Amannman 6 an

Dokiman sa dekri kòmantè yo piblik la te bay pou publikasyon Gwo Amannman 6 bouyon Plan Aksyon CDGB-DR

- Dat publikasyon: 17 oktòb 2019
- Peryòd kòmantè: 17 oktòb 2019 – 16 novanm 2019
- Apwouve pa HUD: 23 janvye 2020
- Kantite kòmantè nou resevwa: 0

Dire peryòd kòmantè piblik la ansanm ak enstriksyon pou soumisyon kòmantè piblik la te afiche sou pajwèb CDGB-DR ofisyèl la nan www.floridajobs.org/CDBG-DR.

Anèks 15: Peryòd Kòmantè Piblik 30 Jou pou Gwo Amannman 9 la

Dokiman sa dekri kòmantè yo piblik la te bay pou publikasyon Gwo Amannman 9 bouyon Plan Aksyon CDGB-DR

- Dat publikasyon: 18 mas 2020
- Peryòd kòmantè: 18 mas 2020 - 17 avril 2020
- Apwouve pa HUD: 1 jen 2020
- Kantite kòmantè nou resevwa: 0

Dire peryòd kòmantè piblik la ansanm ak enstriksyon pou soumisyon kòmantè piblik la te afiche sou pajwèb CDGB-DR ofisyèl la nan www.floridajobs.org/CDBG-DR.

Anèks 16: Peryòd Kòmantè Piblik 30 Jou pou Gwo Amannman 10 la

Dokiman sa dekri kòmantè yo piblik la te bay pou publikasyon Gwo Amannman 10 bouyon Plan Aksyon CDGB-DR

- Dat publikasyon: 13 me, 2020
- Peryòd kòmantè: 13 me, 2020 - 12 jen, 2020
- Apwouve pa HUD: 31 Jiyè, 2020
- Kantite kòmantè nou resevwa: 0

Dire peryòd kòmantè piblik la ansanm ak enstriksyon pou soumisyon kòmantè piblik la te afiche sou pajwèb CDGB-DR ofisyèl la nan www.floridajobs.org/CDBG-DR.

Anèks 17: Peryòd Kòmantè Piblik 30 Jou pou Gwo Amannman 14 la

Dokiman sa dekri kòmantè yo piblik la te bay pou publikasyon Gwo Amannman 14 bouyon Plan Aksyon CDGB-DR

- Dat publikasyon: 15 septanm, 2020
- Peryòd kòmantè: 15 septanm, 2020 - 15 oktòb, 2020
- Apwouve pa HUD: 19 novanm, 2020
- Kantite kòmantè nou resevwa: 0

Dire peryòd kòmantè piblik la ansanm ak enstriksyon pou soumisyon kòmantè piblik la te afiche sou pajwèb CDGB-DR ofisyèl la nan www.floridajobs.org/CDBG-DR.

Anèks 18: Peryòd Kòmantè Piblik 30 Jou pou Gwo Amannman 17 la

Dokiman sa dekri kòmantè yo piblik la te bay pou publikasyon Gwo Amannman 17 bouyon Plan Aksyon CDGB-DR

- Dat publikasyon: 5 out 2021
- Peryòd kòmantè: 5 out 2021- 7 septanm 2021
- Apwouve pa HUD: 9/24/2021
- Kantite kòmantè nou resevwa: 0

Dire peryòd kòmantè piblik la ansanm ak enstriksyon pou soumisyon kòmantè piblik la te afiche sou pajwèb CDGB-DR ofisyèl la nan www.floridajobs.org/CDBG-DR.

Anèks 19: Peryòd Kòmantè Piblik 30 Jou pou Gwo Amannman 23 la

Dokiman sa dekri kòmantè yo piblik la te bay pou publikasyon Gwo Amannman 23 bouyon Plan Aksyon CDGB-DR

- Dat publikasyon: 14 jen 2023
- Peryòd kòmantè: 14 jen 2023 –14 jiye 2023
- Apwouve pa HUD: Antant HUD Apwobasyon
- Kantite kòmantè nou resevwa: 0

Dire peryòd kòmantè piblik la ansam ak enstriksyon pou soumisyon kòmantè piblik la te afiche sou pajwèb CDGB-DR ofisyèl la nan www.floridajobs.org/CDBG-DR.



DEPATMAN OPÒTINITE EKONOMIK
FLORIDA

Depatman Opòtinite Ekonomik Florida

107 East Madison Street | Caldwell Building | Tallahassee, FL 32399

www.FloridaJobs.org